RARATAN NASKAH JEUNG WARUGA NASKAH

A.RARATAN NASKAH

1. Judul naskah : Jaka Mursada
2. Panulis : Eyang Irpan
3. Nu boga naskah : Rasmita (65 taun)
4. Asal-usul naskah : - warisan
   - ti Aki Nurkiah
   - Alamat : Ds. Pawenang RT 02 / 05 Wado Sumedang
   - Dipasihkeun ping 15 April 2000 ka Sariwulan

B. WARUGA NASKAH

1. Ukuran Naskah : 21 X 16 cm
2. Ruang tulis : 16,5 X 12 cm
3. Kaayaan naskah : Lapuk sawaréh
4. Jumlah kaca :373 kaca
5. Jumlah jajaran : 11 baris
6. Basa (nu dipaké) :Basa Sunda
7. Aksara : Arab Pegon
8. Ukuran aksara : Galedé
9. Wangun aksara : Buleud
10. Tapak kalam : Kandel ipis / mintul seukeut
11. Warna mangsi : Hideung (tanda baca jeung aksara),
    Gandola (tanda ganti jeung padalisan)
12. Warna kertas : Kuleuheu
13. Jenis kertas : Kertas buku bergaris / lécés
14. Kaayaan tulisan : Jelas jeung ka baca
15. Cap kertas : Lécés
16. Wangun karangan : Puisi Ugeran

Bismillaahirrohmaanirrohiim

I. Pupuh Asmarandana

1. Sim kuring mimiti muji
   Ka Gusti Allah Taala
   Nu murah di dunya kabéh
   Serta asih di akhérat
   Anu muji henteu pegat
   Ngaganjar sakabéh mahluk
   Ngampura sakabéh dosa

2. Sanggeus muji ka Yang Widi
   Muji ka Nabi Muhammad
   Kalawan warga sakalih
   Jeung ka sobat nu opat
   Abu Bakar Umar Usman
   Ali Rodiallohu'anhum
   Para sohabat sadaya

3. Sikuring tatkala nulis
   Robi'ul ahir bulana
   Tanggal opat welas yaktos
   Tahun Jé anu kaétang
   Kangjeng Nabi Rosullullah
   Hijrah sarébu tilu ratus
   Lima puluh tujuh punjulna

4. Kuring diajar ngadangding
   Réh nguping carios dalang
   Bubuhan getol lalajo
   Ngan aya nu carita

Dalang wayang ti Mitarama
Nya éta nu boga catur
Ku jisim kuring dikarang

5. Anu kawilét digurit
Lalakon Jaka Mursada
Raja Erum nu kocap téh
Jenengan sang Raja Yuta
Raja meujeuhna nonoman
Yuswa opat puluh tahun
Raja Rum waktu jenengan

6. Patihna Radén Cangkilling
Sarta patih gagah rongkah
Paadatannana goréng
Mun metakeun padamelan
Keras geretek ngagentak
Molotot ngareuhak nyiduh
Patih sok kitu ngadatna

7. Teu inggis murilitkeun ceuli
Harakna tur barangasan
Kawantu patih gegedén
Padérékan kanjeng raja
Henteu aya kagilana
Ari kanjeng raja Erum
Ngamanah badé pawarang

8. Kagungan pawarang hiji
Andaya Sasih namana
Waktu harita geus bobot
Dikira geus genep bulan
Keur bobot misah bumina
Raja dilebet nu matuh
Andaya Sasih di luhur

9. Asalna Andaya Sasih
Ti Majési putra raja
Keur waktu carogéan téh
Dipaparin ku ramana
Badéga lalaki dua
Nu bakal béla tumutur
Ngarana Ki Ardanaya

10. Ari anu hiji deui
Ki Naya Génggong ngarana
Ngan sakitu nu béla téh
Teu pisah ti gerwa raja
Siang wengi ngaladénan
Ari dina malem saptu
Gerwa raja sasaréan

11. Eukeur kulem putri ngimpi
Lalayaran di Sagara
Tapi kalem parahu téh
Sakitu impénanana
Putri lilir terus gugah

Ngahuleng jero kulambu
Bari ngamanah impénannana

12. Nya putri teu kulem deui
Harita dongkap ka beurang
Geus beurang seug nyaur baé
Ka badéga anu dua
Naya Génggong Ardanaya
Badéga anggeus di payun
Dareuheus badéga dua

13. Andaya Sasih ngalahir
Naya Génggong Ardanaya
Na kami alamat naon
Tadi ngimpi lalayaran
Tapi kalem parahuna
Éta aing ngimpi kitu
Naon éta balukarna

14. Ku duaan coba pikir
Jeung alamat naon éta
Sakitu lahir putri téh
Pok piunjuk Ardanaya
Nun Agan bakal cilaka
Pok Naya Genggong ih alus
Ari raos sim abdi mah

15. Nyi putri ngandika deui
Kasebut alus kumaha
Jeung wakcakeun Naya Génggong

Jeung ieu ceuk Ardanaya
Pang rék cilaka kumaha
Badéga dua pihartur
Duka kitu kieunamah agan

16. Kitu sotéh jisimabdi
Éta mah ngan susuganan
Haturan Ki Naya Génggong
Ari carék Ardanaya
Leres simabdi gé sugan
Pihatur sotéh sakitu
Tamba pokok dipariksa

17. Badégana bari seuri
Putri ewed ngamanahan
Geus kamanah pasrah baé
Teu langkung kersa Allah
Ngan dina lebet manahna
Keur bobot lulus ngajuru
Sakitu putri manahna

18. Raja Rum kacatur deui
Di lebet Raja Naléndra
Keur ngamanah-manah baé
Ngan badé pawarang
Di Erum taya badéna
Raja Rum nyaur penghulu
Sarawuh sakabéh pangkat

19. Geus puguh Patih Cangkiling
Rangga Demang ngadeuheusan
Pangkat leutik pangkat gedé
Geus pada séba ka Raja
Kumpulan di Padaleman
Raja Rum lajeng ngadawuh
Éh, sadaya pangkat-pangkat

20. Jeung sugan aya pamanggih
Ménak atawa somahan
Aya parawan nu hadé
Nu pantes badé pawarang
Sukur lamun putra ménak
Kami téh bet hayang nyandung
Sakitu nu kapihatur

21. Sadaya matur ka gusti
Sadaya abdi ngiringan
Nanging henteu mendak baé
Istri nu badé pawarang
Mung ngupingkeun cariosan
Putri Mesir anu punjul
Kasihna Gan Purba Lintang

22. Nu ngalamar bala wiri
Ratu salawé nagara
Tacan kersaeun baé
Duka enya wantos béja

Kitu perunjuk perpangkat
Gumujeng Raja ngadawuh
Moal gagal éta béja

23. Ayeuna mah radén patih
Ka Ratu Mesir deuheusan
Ki Patih kudu ku manéh
Sakalian mawa surat
Raja Erum lajeng nyerat
Basana nu matak wuyung
Sang putra putri nonoman

II. Pupuh Sinom

1. Raja Rum parantos nyerat
Basana di ilo deui
Surat kaunjuk hingkang rama
Ingkang alegahing Mesir
Putra hatur pangabakti
Ka saketi rébu ampun
Nyanggakeun dikalepatan
Réhing putra kumawani
Mendak-mendak kanjeng rama
Luntur manah

2. Sareng purun putra ama
Purba Lintang rék dikawin
Naon baé kapalayna
Sanajan mundut nagari
Putra nyanggakeun ka nyai
Supaya énggal ka Erum

Sakalian kanjeng rama
Badé pésta siang wengi
Ngan sakitu unggelna lebeting serat

3. Lajeng di cap ditilepan
Sareng ku raja ditawis
Seug deui raja ngandika
Ka Radén patih Cangkiling
Ayeuna baé Ki Patih
Montong engké montong isuk
Ka Mesir nyanggakeun serat
Tampi serat Radén Patih
Patih kebat kalur ti padamelan

4. Gacang sumping ka bumina
Patih Cangkiling tarapti
Badéga nyelangan kuda
Opatan nu bakal ngiring
Ngiringn badéga Patih
Tukang kaén tukang kimpul
Tukang epok geus sadia
Numawa jeung cakah-cikih
Nu saurang rada senang tukang sela

5. Gancang Ki Patih Angkat
Ngalamar ka nagri Mesir
Nitih kuda gagancangan
Sigeung lampah Radén Patih
Kocapkeun sang Raja Mesir

Jeung Gerwana keur misahur
Misahur lampah putrana
Nyi Purba Lintang kakasih
Geus dilamar ratu salawé nagara

6. Ditampik ku Purba Lintang
Sangandika Raja Mesir
Si Nyai éta kumaha
Gedé teu boga salaki
Wirang temen awak kami
Boga anak henteu payu
Meureun kocap ka tatangga
Sakitu wiwirang kami
Geura nyai asup kana wiwilangan

7. Geuning carék paribasa
Pipilih nyiar nu leuwih
Kocéplak meunang nu naktak
Enggeus tangtu kitu nyai
Kitu deui Raja Mesir
Putrana tungkul diwuruk
Ngabisu teu ngawalon
Purba Lintang anggur nangis
Ku ibuna dikaléng diupah-upah

8. Raja mésem teu ngandika
Calik deui kana korsi
Kasigeung dilebet raja
Kacatur Patih Cangkiling

Jol sumping ka nagri Mesir
Geus dongkap ka alun-alun
Patih lungsur tina kuda
Dipapag ku raja Mesir
Enggeus tepang tangkeup tangan
Sasalaman

9. Lajeng calik ka pasében
Patih Erum patih Mesir
Tuluy baé sasauran
Kamanah ku patih Mesir
Carios Patih Cangkiling
Diutus ku Raja Erum
Énggal ti pasében budal
Sejana marek ka gusti
Énggal mangkat patih Mesir nu ti heula

10. Sup lebet ka padamelan
Énggalna marek ka gusti
Raja Mesir seug ngandika
Haturan Radén Patih
Patih jawab bari indit
Nuhun gusti amit munjung
Nyanggakeun serat cong nyembah
Dicandak ku raja Mesir
Lajeng dibuka serat dijawang diwaca

11. Patih mindo ngadeuheusan
Patih Erum Patih Mesir

Raja eukeur maos serat
Kamanah unggelna tulis
Serat ngalamar Nyi Putri
Nagos serat enggeus putus
Kanjeng Raja seug ngandika
Naha kabeneran teuing
Ratu agung ngamanah ka anak urang

12. Tapi Ki Patih Ayeuna
Urang pariksa heula nyai
Sabab loba nu ngalamar
Ratu salawé nagri
Tapi sakabéh ditampik
Ayeuna ku Raja Erum
Éta budak dipimanah
Naha atoh-atoh teuing
Mun dipareng nyai téh eujeung takdirna

13. Kitu pilahirna raja
Sangmatur Patih Cangkiling
Kairing dawuhan raja
Terus lulus puta gusti
Mun kersa jeneng putri
Luntur galih ka raja Rum
Langsar mamanahannana
Simabdi panuju teuing
Sabab putra sareng Raja Erum timbang

14. Sieup pigerwaeunana
    Ratu kasép putri geulis
    Ibarat jambé dibeulah
    Kitu raos jisim abdi
    Wujukna Patih Cangkiling
    Raja Mesir seug ngadawuh
    Sahur patih bener pisan
    Tapi rai pikir sami
    Kajeun teuing si Nyai dapon ngajawab

15. Supaya geura lakian
    Sababna geus gedé teuing
    Kawula bet rada wiring
    Anak awéwé sahiji
    Teu banget boga salaki
    Kadieu-dieu téh embung
    Ayeuna copna ka Raja
    …….. kaluar si Nyai
    Eujeung ieu Patih sina geura tuang

16. Enggalna jol pamasangan
    Sangu kopi nyuguh Patih
    Sarawuh Ki Patih Arga
    Nyaéta papatih Mesir
    Jeung radén Patih Cangkiling
    Taruang payuneun ratu
    Geus parantos patih tuang
    Seug pada ngarot cikopi
    Lalawuhna katimus loba gulana

III. Pupuh Dangdanggula

1. Raja Mesir nyaur agan putri
   Purba Lintang sumping ngadeuheusan
   Harémpoy nu geulis mambo
   Tungkul diraksukan wulung
   Ningali ka radén patih
   Ngarérét ku juru soca
   Tapi teu sumaur
   Putri éndah ngalampacat
   Purba Lintang anu geulis taya tanding
   Ratu sajagat wawayangan

2. Ditingali ku Patih Cangkiling
   Tan kumelet soca kadéstama
   Ki patih manahna kagé
   Patih nyaur lebet kolbu
   Nya paingan putri Mesir
   Loba pisan nu ngalamar
   Geulis téh pininjul
   Samalah garwana raja
   Mun ngaréndéng nu sepuh Andala
   Sasih
   Pantes lamun badégana

3. Ayeunamah supaya kairing
   Ieu putri naon pamundutna
   Ku diri sanggupeun baé

Tapi manah patih Erum
Saur sotéh lebet galih
Raja Mesir seug ngandika
Ka putra ngadawuh
Nyai Ama nampi serat
Ti raja Rum unggelna nanyaan Nyai
Kumaha nyai ayeuna

4. Lamun kersa nyai téh dikawin
Unggal serat mudu ayeuna
Kumaha kersa Nyai téh
Mun kersa urang ka Rum
Jeung ibu ama sakalih
Nyai poma ayeunamah
Isin ku raja agung
Pikeun lampah nu katukang
Sabab éta jumeneng tur sugih
Tur ama doa kacida

5. Purba Lintang ka rama ngalahir
Hatur sembah nun ama sumangga
Ari kersa dimomoré
Nanging gaduh nya panuhun
Lamun garwana dipeuncit
Sumangga pisan ditikah
Ku sang raja Erum
Karanten mun teu kitu mah
Abdi narah kajeung teu gaduh salaki
Lamun teu dongkap nya niat

6. Kajeun abdi paéh jadi siit
   Teu lakian lamun tinekanan
   Ngan sakitu panuhun téh
   Sang raja deui ngadawuh
   Geuning éta kitu patih
   Si nyai omongannana
   Jeung kumaha atuh
   Patih Erum cedok nyembah
   Bari matur nun sumangga dawuh gusti
   Ku abdi pisan kakuping

7. Sakitumah asa gampil teuing
   Rewas abdi sabab kapengker mah
   Raja Erum ka gerwana téh
   Giruk kaliwat langkung
   Malah ayeuna gé gusti
   Disegah misah bumi
   Tebih ti kadaton
   Anu mawi rada cua
   Ongkoh keur bobot Andaya Sasih
   Pangreuneuhna meunang jinah

8. Kapengke mah nimbalan abdi
   Raja Erum miwarang paéhan
   Ku abdi ditimbang baé
   Ditungguan ka ngajuru
   Nu mawi ngetangan dipeuncit
   Ku raja diidinan
   Teu cios dihukum
   Ayeuna pamundut putra

Gerwa raja ayeuna misti dipeuncit
Tangtos dilampahan pisan

9. Ayeuna mah kersa jeung gusti
Sareng putri énggal baé angkat
Kinten putri ngantos baé
Sabab raja Rum nimbalan
Keun séép jisim abdi
Putra gusti pamundutan
Geus aya di Erum
Kitu patih piunjukna
Raja Mesir nimbalan ka Enéng putri
Ieuh elis ari ayeuna

10. Sareng ibu geura dangdan elis
Pikeun séba jeung urang deuheusan
Kapalay nyai éta téh
Kumaha mangké di Erum
Geus jongkok raja jeung nyai
Turut ki patih saurna
Motong badé binggung
Putri enggal dangdan-dangdan
Jeung ibuna panggango nu dina peti
Sagala barang dibuka

11. Nu dicandak teu disimpen deui
Panggangona ibu sareng putra
Eusi bumi éntép-éntép
Seug deui raja ngadawuh

Nimbalan ka patih Mesir
Patih sing sadia jalma
Anu bakal nanggung
Eujeung santana paréntah
Sawaréh bakal dibawa

12. Eujeung ménta anu bakal ngiring
Opat puluh pilih nu garagah
Nu dua keur pangambeng
Mangké di nagri Rum
Jeung déka mawa sapi munding
Entog soang meri hayam
Ulah hésé diditu
Kuda gajah rarahaban
Sing sadia ulah uyup-ayap deui
Bari nyembah patih indit

13. Gadag gidig ka paséban pasti
Paparéntah gancang nu maréntah
Jeung éta jalma janggal
Ti peting dikerid unggul
Ti kampung nagari mesir
Jalma pinter kapalana
Mandorna nu nanggung
Geus ngaliud di paséban
Abdi gusti ka Erum nu bakal ngiring
Sarébu santana gagah

14. Gusti upacara deui
    Geus sadia marawa tumbak
    Bahuna maké kalebet
    Topina maké jejembul
    Maké bulu hayam rintih
    Kabéh dikurunyung
    Tunggu raja badé angkat
    Eukeur saged tacan sadia Néng Putri
    Nu keur nyurupkeun salira

15. Lajeng saged nganggo sarung kaki
    Purba Lintang numuwuh purti lenjang
    Geus nganggo kasut dibordél
    Nganggo geulang jeung kangkalung
    Sumber emas jeung anu manis
    Berlian baranag inten
    Ari dina sanggul
    Lulumat jeung kembang goyang
    Parantosan sasagedna Enéng putri
    Diantian ku ibuna

IV. Pupuh Kinanti

1. Sang raja Mesir geus lungsur
    Kaluar ti jero bumi
    Geurwa sinareng putrina
    Geus legedet anu ngiring
    Raja lajeng papajengan
    Sinareng gerwana deui

2. Diluar raja ngadawuh
Nimbalan ka patih Mesir
Ki patih tunggu nagara
Masing ati-ati patih
Bisi aya kumaha onam
Da urang gé moal lami

3. Patih Arga sembah matur
Nagbdi neja jiad gusti
Lajeng raja nitih gajah
Gerwa putra nitihna jalmi
Jeung raja maos bismillah
Hayu kipatih Cangkiling

4. Pihatur ki patih Erum
Nun sumangga ngiring gusti
Enggal raja Mesir angkat
Nu ngiring heula pandeuri
Gotongan mah geus ti heula
Lempang ti beurang ti peuting

5. Kawantu janggol geus baku
Leumpangna beunang diangsih
Geus dongko ka palabuhan
Parahu kapal geus nyanding
Kapal aya kapalana
Beunang ngurus patih Mesir

6. Nu ngagotong sisi laut
Kana kapal piliganti
Jebul sumping kangjeng raja
Geus pakepuk jeung mandor kuli
Nya éta mandor gotongan
Sok ngaremis dodol wajit

7. Enéng putri énggal lungsur
Rawuh ibuna ti jauh
Raja lungsur tina gajah
Sareng kipatih Cangkiling
Énggalna naritih kapal
Bébér layar Raja Mesir

8. Sadaya henteu kantun
Sakumna raja Mesir
Enggeus puguh emban dinya
Tukang masak asem kari
Éta henteu pisan tinggal
Sigeung lapah raja Mesir

9. Kocap kanjeng raja Erum
Keur nimbalan ka para mantri
Sarawuh ka para Santana
Jeung tikohun haji-haji
Raja miwarang tétébah
Pikeun kanjeng raja Mesir

10. Para Santana pakepuk
    Tétébah di jero bumi
    Jaksa mantri kanduruan
    Metakeun tempat panggiring
    Maréntah patinggi luluhur
    Jeung kaumbul para yayi

11. Buat nyuguh ti kohum
    Éta Santana ti Mesir
    Di negri Erum sadaya
    Cuh cih huh lah patinggi
    Keur metakeun panghormatan
    Nu ngadadak nuarawi

12. Reujeung pucuk daun kawung ki julang
    Daun caringin jero
    Saubengna nagri
    Anu wates kaca-kaca
    Jeung saubeng pager sari

13. Dibabanjong umbul-umbul
    Eujeung lawé ronték deui
    Ngajar disisi jalan
    Dongkap kana lawang kori
    Pahurmatan geus sadia
    Nu metakeun camar nagri

14. Kalembu kasang jeung kasur
    Bantal sareng guguling
    Sareng ditutupan emas
    Ranjang katil adu manis
    Disopal pérak salaka
    Awisan sang putri Mesir

15. Tata tétébah raja Rum
    Peta-peti sisi bilik
    Jaksa patih nu metakeun
    Émpér ampar alketip
    Korsi ngadadak dikumbah
    Nu lawas dipedar deui

16. Sakabéh enggeus kahatur
    Kenop méja lampu korsi
    Rampu rantuy dikosokan
    Bulak balik baé koki
    Dék kukumbah kana wadah
    Tangan rémong ku kawali

17. Geus sadia kanjeng ratu
    Di lebet di panca niti
    Anu bala disapuan
    Buruan lénang lalening
    Sang raja Erum ngandika
    Ka jaksa rawuh ka mantra

18. Ari dawuh raja Erum
    Ayeuna jaksa jeung mantra
    Kudu dagoan pada mapag
    Raja Mesir bisi sumping
    Sabab ki patih bet lunta
    Sugan kabawa néng putri

19. Ngadawuh raja Erum
    Jaksa mantra sembah indit
    Lajeng baé ka bumina
    Kudu dangdan jaksa mantra
    Jeung opat puluh Santana
    Éta nu bakal ngiring

20. Ninggal nu mapag tuluy
    Gerus dongkap ka wates nagri
    Pada lungsur tina kuda
    Kersa puguh éta pangiring
    Kabéh pada nyangcang kuda
    Mangka mapag geus caralik

21. Kasigeug nu mapag nunggu
    Kacarios raja Mesir
    Bébér layar nitih kapal
    Parahu tarik ku angin
    Geus dongkap ka palabuhan
    Sadaya hanjat ti cai

22. Ti parahu raja lungsur
Teu kantun patih Cangkiling
Diheulakeun Purba Lintang
Sarawuh ibuna deui
Riab ngiringkeun emban-emban
Campur awéwé lalaki

23. Seug deui putri ditandu
Sareng ibuna sakalih
Raja Mesir nitih gajah
Ari dén Patih Cangkiling
Nitih kuda sisirikan
Badéga ti pungkur ngiring

V. Pupu Pungkur

1. Ratu mapag patémbongan
Raja mantra eukeur gasik galih indit
Santana nu opat puluh
Lulumpatan nyokot kuda
Sabogana geus deukeut raja dariuk
Hempag sakabéh nu mapag
Ajrih ninggal raja Mesir

2. Kanjeng raja papariksa
Jaksa mantra piunjuk bari indit
Cacarios bari maju
Ku raja Mesir kamanah
Nu mapag eunggeus campur
Jeung nu ngiring tambah loba

Gumujeng patih Cangkiling

3. Sasauran reujeung jaksa
Bari angkat misaur waktu di Mesir
Sanés tinya dipisahur
Lajeng patih papariksa
Ka dén jaksa perlampahna sang prabu
Jaksa mantri sasahuran
Misahur lampah di nagri

4. Gumujeng di luhur kuda
Kumawantun nu ngiring heula pandeuri
Raja Mesir rada jauh
Énggal sumping ka nagri
Raja mantri tina gajah gasik lungsur
Raja Erum magelaran
Mapagkeun ka raja Mesir

5. Barang sumping tangkeup tangan
Sasalaman Raja Erum Raja Mesir
Gerwa raja dina tandu
Sareng enéng Purba Lintang
Henteu kandeg kabéh kalebet geus asup
Sareng para emban-emban
ngaleut ngankeuy anu ngiring

6. Raja Erum dipajengan
   Raja Mesir éta dipajengan deui
   Kalebet tacan melebu
   Sabab ngasupkeun gotongan
   Masih rosa tungtungna di alun-alun
   Ari geus putus gotongan
   Kakara melebu gusti

7. Patih jaksa kabumina
   Sareng mantri pada marulih kabumi
   Ari kanjeng Raja Erum
   Jeung Raja Mesir satata
   Enéng putri calikna téh rada nyumput
   Bari ngelétan ka emban
   Nuduhkeun benang cacawis

8. Raja Erum tétébahna
   Ditingali ku néng putri bari jebi
   Emban dinya tungkul imut
   Ibuna deui ngelétan
   Ti lahirna tetapi sumaur laun
   Emban naha éta sia
   Cengar-cengir atuh isin

9. Jeung répéh sakabéh emban
   Nyi putri emban dijebian deui
   Pada seuri bari turun
   Ku amban téh kahartieun
   Agan putri moyok hormatan raja Rum

Tanda putri awon manah
Geulis namah taya tanding

10. Ngan hanjakal ku cawadeun
Éta putri geulisnamah taya tanding
Kirang lulus dina semu
Hurik ati belang bayah
Parandina kanjeng raja Erum kapincut
Teu benang kersa Allah
Jodo tinimbang lan pati

11. Pahurmatan geus sadia
Numpuk nyusun dina méja sareng kopi
Nu puguh mukti panghulu
Ti jaksa tikapatihan
Ti wadana murudul anu pundung
Raja Erum barang tuang
Sareng kanjeng Raja Mesir

12. Sadaya sami tuang
Jaksa patih disahur ku kanjeng gusti
Mentri kaliwon panghulu
Rangga demang kangduruan
Sami séba taruang di lebet kumpul
Raja Erum ba'da tuang
Tumaros ka raja Mesir

13. Kaulanun kanjeng rama

Sareng ibu putra hatur pangabakti
Laksa keti rébu ampun
Dimanah piunjuk putra
Ibu ama ayeuna sumping ka Erum
Jeung maca Alhamdulillah
Haturan pihatur kuring

14. Putra ti awal liahna
Dina serat badarat ka patih
Boh bilih putra teu purun
Ayeuna naroskeun putra
Kersa ama putra naon nu dipundut
Margi rék cios ayeuna
Kitu saur raja Rumti

15. Raja Mesir seug ngandika
Leres pisan serat ti putra katampi
Sareng nyanggemna patih Rum
Kana panuhun pun anak
Ari pokna mangga daék ka rja Rum
Nanging gerwana telasan
Kitu omongna si nyai

16. Mangga pariksa ku putra
Lajeng baé cacarios Raja Mesir
Kumaha ku raja Rum
Midang éta carios rama
Raja Rum seug deui unjuk pihatur
Panginten lamun kitu mah

Kamaklum ku jisim kuring

17. Ari perkawis éta mah
    Nya sumangga dihukum Andaya Sasih
    Nanging mangké geus ngajuru
    Orokna sing medal heula
    Sabab éta bising anak kuring éstu
    Hayang terang dirupana
    Najan enya anak kuring

18. Mun awéwé ditelasan
    Lalaki gé mun goréng mah dipeuncit
    Geus tangtu dibunuh
    Sabab reuneuh menang jinah
    Ayeuna mah manawi rujuk jeung sepuh
    Badé ditikah baé heula
    Ayeuna putra dikawin

19. Kitu raja ngadawuhna
    Purba Lintang pihaturna semu ajrih
    Ngabdi mangga kaulanun
    Ku raja badé ditikah
    Nanging kersa raja sumpah ka Nu Agung
    Boh bilih cidra ka ama
    Teu pegat Andaya Sasih

VI. Pupuh Pungkur

1. Sang raja Rum imut bari ngadawuh
    Sumpah ogé hadé nyai

Harita sumpah raja Rum
Perceka ka raja Mesir
Manah nyi putri geus atoh

2. Dén penghulu ku raja mesir disahur
Pnghulu deuheus ka kami
Sor caket radén panghulu
Nampi wali raja Mesir
Dén panghulu lajeng ngaos

3. Maca dalil dijawab ku raja Rum
Putus tikah enéng putri
Jadi gerwa jara Erum
Panghulu nampi mas kawin
Uang pérak tilu bokor

4. Raja Erum ka patih lajeng ngadawuh
Ayeuna geura ki patih
Paréntah ka jaga satru
Sareng umbul para yayi
Sumawon radén kaliwon

5. Éta urus pangkat-pangkat sinareng ngubruk
Eujeung peuncit sapi munding
Nyi pamghulu ngurus lauk
Urang pésta siang wengi
Sabab geus nadar abréto

6. Sakalian bari nadar ka karuhun
Réhing kula entas kawin
Jeung sarat di alun-laun
Kumpulkeun gamelan deui
Rupa ogél ronggéng pélog

7. Ngan sakitu timbalan raja Rum
Patih paparéntah gasi
Ka paséban gura-giru
Nimbalan umbul para yayi
Keras getas popolotot

8. Pnagkat leutik eunggeus kumpul pada unjuk
Putus motong sapi munding
Keur olah gancangna putus
Sagala eunggeus tarapti
Pék di ambéng jero gedong

9. Radén patih lungsur angkat semu rusuh
Miwarang ka para yayi
Mariem gera pék sunét
Sebrot lumpat para yayi
Jol sup jegur wanis geunjleung

10. Tatabeuhan digederkeun eujeung lisung
Jeung surak pating jarerit
Ngaguruh di alun-alun
Tingturubul urang sisi

Pada suka nu lalajo

11. Raja pésta henteu lambat dipicatur
Tujuh poé tujuh peuting
Geus lekasan pésta ratu
Gerwa raja putri Mesir
Urang ujengkeun carios

12. Raja mesir pihatur ka Raja Rum
Putra kang rama amit
Ayeuna ama rék wangsul
Perkawis tuang rai
Upatan lampahna awon

13. Kedah wuruk putra langkung ma’lum
Sarengna titipkeun nyai
Éta awakna sakujur
Kitu sahur raja Mesir
Sang Raja Erum ngawalon

14. Dawuh ama éta kateda kasuhun
Mangga ama badé mulih
Ting colodok anu nyembah
Raja Mesir anu keur mulih
Heunteu panjang ti carios

15. Kasigeugkeun éta lampah Raja Erum
Caturkeun Andaya Sasih
Ti waktu peta Raja Erum
Réndéngan ka putri Mesir
Api-api nu teu nyaho

16. Calik baé henteu loba sahur
Ngan putra anu kaéling
Baréto ngimpén di laut
Lalayaran tuluy palid
Ngan sakitu anu kailu

17. Putri nyaur tapi lebeting kalbu
Nya ieu impian aing
Panas haté nu dicandung
Parandéné kajeun teuing
Da ieu keur ngandung orok

18. Ngan mugi-mugi sing énggalan najuru
Andaya Sasih ngadawuh
Manéh lalajo kamari
Ardanaya Naya Genggong

19. Pada matur badéga ka nyai ratu
Ngadéhém jeung batuk leutik
Pokna pangandika nun
Jeung baturna silih getik
Ki Ardanaya ngawalon

20. Baroraah lalajo abdi kaula nun
    Ngan risi nu aya abdi
    Sok inggis gusti ngajuru
    Taya nu néang paraji
    Ari pok pun Naya Génggong

21. Ngan sim abdi terang baé kula nun
    Kamari basa lalajo
    Ngan nempo anu diburu
    Bet loba dodol jeung wajit
    Ku simabdi didodoho

22. Sareng mendak dina kéler angeun lauk
    Dibantun baé ku abdi
    Malah Ardanaya nguyup
    Ardanaya cengkat ngetig
    Bongan sia Naya Génggong

23. Keur kitu ningal putri Mesir
    Ieu rarasaan aing
    Palangsiang rék ngajuru
    Tuh geuwat ngala paraji
    Aing bet nyeri bobokong

24. Naya Génggong manéh nguninga ka ratu
    Ardanaya ka paraji
    Kitu saur Nyai ratu
    Badéga ngageuwat indit

Ardanaya Naya Genggong

25.Lulumpatan nu duaan semu rusuh
Teu lami geus jol paraji
Lajeng bobor nyai ratu
Orokna medal lalaki
Kasmarn ki Naya Génggong

VII.Pupuh Kasmaran
Sang Raja Erum ngalahir
Éta kitu rék kamana
Cedok nyembah Naya Génggong
Nun dawuh dampal gamparan
Nguninga gerwa raja
Érék babar kaulanun
Abdi mawi ngadeuheusan

1.Raja Rum ngadawuh deui
Ayeuna mah éta kita
Geura balik deui baé
Aing taya moal néang
Ngan aing rék méré ngaran
Ki Jaka Mursadan kitu
Lamun orokna geus medal

1. Kitu sotéh mun lalaki
Éta kitu pingaraneunana
Lamun nu medal awéwé

Piceun baé ka walungan
Éta ulah dihirupan
Kitu dawuh Raja Erum
Naya Genggong lemék jawa

2. Sampun rampung dawuh gusti
Dawuh Raja nya los kita
Nyembah amit Naya Génggong
Ti lebet anggeus kaluar
Lempang rusuh gagancangan
Barang dtang nyampak putus
Juragan geuning geus babar

3. Andaya Sasih ngalahir
Kumaha bieu ceuk raja
Eukeur dawuhna ka manéh
Naya Génggong pok haturan
Nun agan dawuhan raja
Moal linggih kanjeng ratu
Ngan maparin panjenengan

4. Mun pameget murangkalih
Kakasih Jaka Mursada
Lamun istri nu medal téh
Misti piceun ka walungan
Kitu dawuh kanjeng raja
Ka abdi bieu kawulanun
Kitu pihatur badéga

5. Lahirna Andaya Sasih

Puguh raja mo ngalayad
Meureun baé kekur panganténan
Geung entong loba carita
Katunda anu keur babar
Urang catur Raja Erum
Jeung gerwana Purba Lintang

6. Keur saré tunggal saresmi

Purba Lintng sareng Raja
Sangputri nguping carios
Andaya Sasih geus babar
Hoyong geura ditelasan
Putri ngadak-ngadak bendu
Ka raja teu sasauran

7. Raja Erum langkung asih

Gerwa bendu teu kamanah
Sang Putri dikaléng baé
Keur calikna ngunjar lembar
Ku raja diupah-upah
Bari dirungrum dicium
Barang sang putri hareudang

8. Putri ngageter ngagidir

Amarahna teu kaluar
Ku raja dikaléng nokér
Paupahan disépakan
Rupa inten emas pérak

Sang Raja Erum sumaur
Aéh enéng naon kapalay

9. Bet teu puguh-puguh benci
Enéng naha bet kitu adat
Jeung atuh sing wakca baé
Naon jeung anu dimana
Ka engkang muduh sing terang
Bet bendu teu puguh-puguh
Asup kana paribasa

10. Omongan jalma kiwari
Jadi istri ulah ngadat
Montong éra lamun ngénta artos
Geus jamakna lalakimah
Ka Istri nanya kahayang
Naon baé nu dipundut
Moal burung ditedunan

11. Kelét ngadelék sang putri
Ngoser teu adab lahirna
Nangis teu kajumplang-jampling
Ari kasahuranana
Baréto nangis lakian
Sok henteu sudi candung
Da puguh piker teu puguh

12. Nya ati as disebit
Asa paturay nya raga

Hate asa dijejewét
Henteu ayeuna pangoloan
Boro baé enggeus sumpah
Kasanggupan rék diukum
Kari-kari dirasanan

13. Teu répéh nyi putri nangis
Jumengkat top nyandak pedang
Semu nu rék meuncit manéh
Ku raja pedang di téwak
Barina raja ngandika
Néng sing éling ulah kitu
Engkang ayeuna nitahan

14. Emban geura sahur patih
Nyi emban ti dapur lumpat
Emban miwarang lopérés
Nitah deui gulang-gulang
Gulang-gulang geuwat lumpat
Teu lami nu disahur
Patih ngdeuheusan ka raja

15. Raja nimbalan ka patih
Aéh patih ayeuna leumpang
Tong mulang heula patih téh
Andaya Sasih geura bawa
Ka leuweung bari teulasan
Tapi gotong kana tandu
Pék bawa eujeung orokna

16. Orokna piceun ku patih

Tapi montong dipaéhan
Da tangtu paéh ku manéh
Ana geus indungna modar
Nu matak montong dipaéhan
Timbalan raja sakitu
Ki patih matur sumangga

17. Cong nyembah ki patih indit

Gadag-gidig ka paséban
Patih nyaur ka kaliwon
Maréntah ka santana
Bakal jajap gerwa raja
Heunteu loba ngan opat puluh
Sakabéh sadia dangdan

18. Patih Cangkiling tarapti

Dangdan tanduan sadia
Patih lajeng angkat baé
Ka putri anu érék babar
Sarawuh para Santana
Énggalna kipatih asup
Ka bumi nyandak tanduan

19. Ningali Andaya Sasih

Serta barina ngandika
Bet akang patih ieu téh
Piwarang naon ku raja
Atawa ngalayad putra

Sareng nyandak éta tandu
Akang téh badé ka mana

20. Boa rék nyandak murangkalih
Akang piwarang ku raja
Nu mawi nyandak tandu téh
Patih Cangkiling ngandika
Akang diutus ku raja
Anu matak mawa tandu
Kapan nyai kudu mulang

21. Nyai ka nagri Majési
Ku raja geus teu kamanah
Ayeuna digésér baé
Murangkalih Ki Mursada
Ayeuna téh geura candak
Ayeuna pék geura urus
Nyai diantos ku kakang

VII. Pupuh Kinanti

1. Sang putri hudang ngajuru
Karék umur tilu peuting
Andaya Sasih pék dangdan
Beuteungna dibengkungan
Ku sesempur anu panjajng
Dangdan barina jeung nangis

2. Jika seueurna ngurubut

Serta nyaur nyi putri
Naya Genggong Ardanaya-
Ka darieu lahir putri
Ngadeuheus badéga dua
Pada matur ka sang putri

3. Ari pokna montong kitu

Da kapan agan mah istri
Najan nangis sosongkolan
Nu matak piwarang mulih
Istri teu gaduh duriat
Piwarang balik nya balik

4. Pok gandek dua karitu

Pada meper ka nu nangis
Balikan kersa agan
Urang téh d dieu cicing
Ari geus kieu mah era
Angger mending gé balik

5. Mangka agan tingali ka luhur

Masih lega bumi langit
Bét dianggo cupét manah
Meunggeus isin baé nangis
Kitu omong badéga dua
Nyi putri sumaur deui

6. Boa enya atuh hayu
   Urang téh geus titah balik
   Eta bawa kanjut kundang
   Bari pangku murangkalih
   Geus asup kana tanduan
   Sarawuh ibuna deui

7. Radén patih ngarurusuh
   Badéga masih di bumi
   Saur patih geuwat sia
   Anjing lila-lila teuing
   Ardanaya pok ngajawab
   Eh patih ku goréng biwir

8. Aing téh eukeur mumuluk
   Rék meuli teu gableg duit
   Nurustunjung mun disépak
   Teu euweuheun teuing patih
   Kadangu ku patih téa
   Moro bari rék nampiling

9. Nyaur bet luka si namru
   Kawas ka sasama ka aing
   Barina mébér panangan
   Badéga dua seuri
   Bari ngomong aéh agan
   Bet séjén-séjén deui

10. Ngomong sotéh jeung si namru
Da ku agan geus dilandi
Kitu walon Ardanaya
Naya Génggong walon deui
Enya teu harti ku agan
Ku urang rék nampiling

11. Abdi mah teu pisan langkung
Piraku ka agan patih
Ngahagal-hagal campelak
Ngomong songong sotéh abdi
Merebutkeun dagé kowas
Si Naya Genggong cilimit

12. Teu pisan ka agan langsung
Pan agan kasohor sakti
Den patih mautan rumbah
Bari ngajeméngan kumis
Jeung ngahayukeun gotongan
Sosa miwarang indit

13. Putri teu raos dipalsu
Dina tandu ngeunah calik
Puguh gé rék ditelasan
Di kebon ku radén patih
Naya Genggong Ardanaya
Teu anggang pungkureun putri

14. Ardanaya mawa kanjut
Kundang kongkorékan putrid
Eujeung ngakeup kadaharan
Sagala haturan putrid
Naya Génggong sagandongan
Barubutna murangkalih

15. Pakarangan gobang lubuk
Radén patih ti pandeuri
Wantu bari nitih kuda
Di géndéng ku anu ngiring
Ku opat puluh ponggawa
Sakabéh beunang badami

16. Di jalan leuweung ting aringkuk
Bareng geus lebah nu sunyi
Ki patih negarkeun kuda
Sertana geus asar ahir
Ningali jam pukul lima
Rumaos geus burit teuing

17. Ki patih ti pungkul celuk
Cumuluk nahir ki patih
Éh gotongan eureun heula
Kapan ieu téh geus burit
Seug eureun ki Ardanaya
Eujeung nu ngagotong

18. Andaya Sasih sumaur
Tina tandu bari bijil
Ieu eureun teu pernah
Di nu sunyi leuweung kai
Jeung naha leuweung bet mabal
Rék kumaha kakang patih

19. Jeung kakang patih bet kitu
Ditingalna ku sim abdi
Kawas nu sarulit manah
Ngiceupan kabéh pangiring
Bari nyi putri iyatna
Muncereng ngalahir patih

20. Enyana mah dawuh ratu
Manéh mesti hukum pati
Jeung ieu badéga dua
Bari matek pedang patih
Ningal pedang nu ngaburinyay
Pitulung Robbul alamin

21. Bareng dék bek putri kabur
Teu tolih di murangkalih
Repot ponggawa nu kabur
Pitulung nu Maha Suci
Nu ngudag henteu kaudag
Badéga dua buncelik

22. Teu aya gimir sabuuk
    Awak asa sagedé pasir
    Pitulung yang Maha sukma
    Dumadakan pada wani
    Tur teu teurak ku pakarang
    Nu ngudag diudag deui

23. Nu ngalawan bek kulubuk
    Nu keukeuh ngudag diberik
    Nu opat puluh malodar
    Taya nu hirup sahiji
    Kocap patih tina kuda
    Morongos nyabab jeung bengis

24. Sia naha wani kitu
    Wani kabéh ngabdi gusti
    Ardanaya némbal nyentak
    Geura modar ditampiling
    Aing téh teu hayang adab
    Tadi sia nyebut anjing

25. Aing disebut si nambru
    Sia gé medu si jugil
    Ki patih tambah napsu
    Salirana wani ngagidir
    Disisia ku badega

Nyabet ku pedang ki patih
Patih ditakis pedang
Kulubu kuwani marilit

26. Sok jeung aing perang pupuh
Aing keur keuheul titadi
Keur nyatu digeuwat-geuwat
Patih rada hemar-hemir
Geus taya batur saurang
Nyaur patih lebet galih

27. Héran bet éta si namru
Teu nyana ka aing wani
Wani neunggeul pameunteu
Wirang raosna jeung risi
Ki patih maos isimna
Jeung salirana ngagidir

28. Tina kuda patih lungsur
Narajang teu tempo deui
Nampiling ka Ardanaya
Ditepak tangan Ki patih
Ditumbuk iga burungna
Patih tibeubeut teu eling

29. Ku Naya Genggong dituyung
Ditalipuk birit patih
Ki patih cengkat buringas

Pedangna bari ditarik
Nu medang kapiheulaan
Pageuh peupeuteuyan patih

30. Pedangna ragrag keur ngungkul
Gandék dua pada pusing
Ki patih kunu duaan
Dén patih ngaraos sisip
Buringas patih rék ngejat
Tambuh polah radén patih

VIII. PUPUH GAMBUH

1. Patih Cangkiling bur kabur
Kuda ti heula disusul
Radén patih lumpat tarik
Tapi rék nyarék teu tulus
udengna.teu dicokot

2. Kawas nu sieun disusul
Kuda kasusul digebug
Jeung kuda heula pandeuri
Engkang nyoréang kapungkur
Ngahéhoh jeung popolotot

3. Nu ngudag eureun teu maju
   Radén patih eunggeus jauh
   Malah geus dongkap kanagari
   Nyimpang ka garduh ngahanju
   Bari ngeuprukan kambang kaso

4. Wantu pinuh kana rambut
   Nyapaan pamérés labor
   Radén patih ngariringkil
   Geus keukeupruk pék digelung
   Patih eunggeus ka pakuan

5. Ardanaya nu kacatur
   Geus lila mah rada ripuh
   Jeung Naya Genggong badami
   Urang balik deui hayu
   Kumaha water kuwarok

6. Peupeurih ibuna kabur
   Hayu urang bari susul
   Beg ieu téh eunggeus magrib
   Kamana ieu téh teu puguh nyusul
   Itu baé buru orok

7. Nu duaan buru-buru
   Murangkalih dina tandu
   Geus dibarlikan deui

Tengah leuweung luwang-liwung
Bisi kuluk bubungaok

8. Barang nepi kana tandu
Bedéga dua arasup
Orok aya geuning nangis
Murangkalih pék dilahun
Pili genti mangku orok

9. Ardanaya muka kanjut
Aya bawang jeung cariu
Dikokos bet liat geuning
Ceuk Naya Genggong na atuh
Puguh cariu dikokos

10. Ari manéh pan orok mah perlu
Bubura jeung pupuk suhun
Geuning sok nenjo paraji
Geus kieu kumaha atuh
Mikiran anu ngalolos

11. Nu duaan sapeupeuting ngajararentul
Ti soré dongkap ka subuh
Ardanaya geus ngalahir
Urang indit baé hayu
Ka mana urang téh nya los

12. Nu duaan eunggeus pada kapidangdung
    Jero leuweung luwang-liwung
    Henteu témbong panon ari
    Jeung teu puguh kalér kidul
    Sumawon wétan jeung kulon

13. Tanggungan mah éta tandu
    Piceun baé éta ridu
    Da puguh jalan rarumbit
    Teu puguh urang nya nyusul
    Geus hayangeun nyusu orok

14. Nu nyusul pating arasruk
    Saban nu bala diasruk
    Turun gunung unggah pasir
    Dikoréhan saban dungus
    Ti pasir mapay ka legok

15. Geus lami henteu katimu
    Kumaha atuh urang téh atuh
    Pili genti anu ngais
    Tuluy leumpang ngétan ngidul
    Nu disusul mah ka kulon

16. Tunda anu nyusul
    Kocap nyi putri anu kabur
    Kawantu nu lumpat burit
    Jeung getih can saat ngucur

Dina sinjangna ngajemblong

17. Nu keur hampat mendak sumur
Sumur karungkupan dungus
Ngagorobas ngagubrag keur lumpat tarik
Nyangkoroh dijero sumur
Andaya Sasih ngalegon

18. Tunda putri dina sumur
Patih Cangkiling kacatur
Ngadeuheus ka kanjeng Gusti
Keur lalinggih dina batu
Ka patih dawuh sang Katong

19. Kumaha kang patih putus
Andén Sasih dihukum
Jeung nyembah patih Cangkiling
Unjukan ka sang prabu
Unjukan patih ngabohong

20. Nun gusti sumuhun putus
Dalah gusti kitu panuju
Saur putri puas teuing
Kami sok ijid ka maru
Genah ayeuna geus kojor

21. Dén patih mindo piunjuk
Ngan abdi kalangkung giruk
Badéga Andaya Sasih
Ka sim abdi wani numbuk
Ti pungkur bet ngadodoho

IX. PUPUH PUNGKUR

1. Sang raja mindo mariksa
Na kumaha badéga Andaya sasih
Patih Cangkiling piunjuk
Nun sumuhun dawuh raja
Naya Genggong Ardanaya sami ngamuk
Ngabdi gusti perlaya
Anu opat puluhmati

2. Ku abdi rék ditumpesan
Kabur ngejat sareng kaburu burit
Ari orok dina tandu henteu barang pirosaya
Nanging gusti geus tangtos dilebok maung
Sareng mun gusti ngidinan
Ku abdi diteang deui

3. Sareng ngabantun kaagamaan
Mendak aya idin sapuk jeung kersa gusti
Pinunjuk patih sakitu
Kanjeng raja seug ngandika
Aéh akang patih keun baé montong disusul

Pasal éta jalma modar
Bangdawasa urugan teuing

4. Bet modar ku jalma dua
Tur si badega kitu deui
Badéga bulukusunu
Opat puluh modar
Na kumaha mun kitu
Teu kuat ka jalma dua
Taya nu kuat sahiji

5. Karena mun dirurugan
Ku kang patih
Éta jalma dua siki
Asa wiring temen atuh
Tur lain raja badéga
Pasal aya ngulampreng mah misti bunuh
Siratkeun baé ayeuna
Énggal nyembah radén patih

6. Gadag-gidig ka pakaseban
Engkang dongko ka paseban patih nulis
Geus parantos nyaur umbul
Mawa surat-sirat jalma
Ardanaya Naya Genggong anu kabur
Geus béwara ti nagara
Abdi gusti sami nguping

7. Urageun tatangga désa
   Pangkat leutik lurah sarepuh patinggi
   Saban jalan nyagak garduh
   Megat ngaran Ardanaya
   Eujeung Naya Genggong deui misti bunuh
   Da lamun teu bisa ngalawan
   Misti laporkeun ka patih

8. Kapala mudu ngaronda
   Saban peuting mudu jogo ka nagri
   Serta di kampung mudu
   Nu beunghar kudu dijaga
   Karemitan kantong aing eusina kitu
   Sabot ngamitan nu beunghar
   Nu kamiskin di reumin

9. Kana pagawéannana
   Tunggu garduh saban peuting pili genti
   Carios nagara Erum
   Campur jeung jaman ayeuna
   Tapi lain ngapanan ka nun gurus
   Tapi jaman baheula mah
   Éta enya kitu Saditu

10. Mangga kebatkeun carita
    Nagri Erum geus metakeun anu kemit
    Naya Genggong urang catur
    Sarawuh ki Ardanaya
    Unggal peuting di leuweungna ting alasruk

Néangan juragan Naya
Disingkab sakur nu buni

11. Ari ti beurang néangan
    Ari geus burit muru-muru kana kai
    Kolong Canir asup
    Tapakur maca istigfar
    Neda-neda ka gusti nu Maha Luhur
    Agan sing kasalametan
    Rawuh ieu murangkalih

12. Teu nyusu mugi kuat
    Masing langsar asép ulah rék berewit
    Orok téh bari dicium
    Kitu pikir badéga dua
    Henteu géséh pikiranana lalucu
    Dihao-hao harita
    Murangkalih geus bisa seuri

13. Deuleu euy itu si ujang
    Ayeuna mah nu kasep geus bisa seuri
    Ku Naya Genggong dicium
    Nepak ki Ardanaya
    Éta ulah diciuman teuing kitu
    Sok tuturiheun orok mah
    Mingkeun baé da keur ulin

14. Deuleu itu ngecrokan tangan
    Euh kumaha acép teu boga cau sasiki
    Beureum sotéh lain cau
    Mun pék beurang heula atuh
    Teureuy sawaréh kadinya
    Da urang gé geuning eunggeus hayang nyatu
    Deungeuna mah itu loba
    Pucuk kondang pucuk bening

15. Tuluy pada dadaharan
    Nu duaandina sahandapeun kai
    Muka sangu enggeus tuhur
    Dibaraheuman aron
    Wantu eunggeus heubeul lampah anu ngasruk
    Weléh baé teu kapendak
    Geus dahar arindit deui

16. Ti dinya teras deui ka sampalan
    Tuluy baé mapay lebak unggah pasir
    Rét ka kidul ninggal saung
    Pok ngomong Ardanaya
    Itu enya geura kawas-kawas saung
    Ki Naya Genggong némbalan
    Enya ka saung sidik

17. Tuluy pada leumpang gancang
    Enggeus deukeut Ardanaya ngomong deui
    Adi urang enggeus ripuh
    Tapi ké datang ka dinya

Akal-akal supaya dibayar nyatu
Mun ragem urang bubujang
Eujeung ieu murangkalih

18. Sugan aya nu nyusuan
Jeung didieu kawasna rayi suni
Sarta pojok deukeut laut
Carék Naya Génggong enya
Bari maju bareng dongkap sampurasun
Ardanaya punten basana
Jero ngalahir manis

X. PUPUH DANGDANGGULA

1. Nu ti imah nempo bari seuri
Handap basa Agus nu timana
Bet kadieu poék-poék
Ardanaya ngawangsul
Saenyana kawula bibi
Nu matak kawula nyimpang
Kapameng nyalagu
Asal néangan juragan
Teu kapanggih ti dituna téh bet leungit
Henteu puguh anu mawa

2. Ku taksiran dibawa ku jurig
Éta agan teu wantu aya wé randa
Ki Ardanaya bohong sawaréh

Ari ceuk gaduh saung
Atuh kadieu caralik
Naya Génggong Ardanaya
Ka imah arasup
Ari geus diuk di imah
Ardanaya da imah pok nanya deui
Embi didieu jeung saha

3. Carék nini téangan jeung aki
Saayeuna eujeung nyangcang domba
Eujeung munding dua ésé
Ngan sakitu nya kadeudeuh
Peupeulakan henteu jadi
Kaburu kahalodoan
Nu jadi ngan cau
Ki sémah kuma nya dahar
Henteu gaduh cau aya hijihaturan aki
Ké antosan baé moal lila

4. Wantu da ngan dua sikat deui
Na bet lila palangsiang sasab
Pikameulangeun aki téh
Nini Tamli seug turun
Ngageroan Aki Tamli
Eukeur digeroan jol dating
Bari naha atuh
Aki téh bet buburitan
Puguh ieu digeroan sotéh aki
Tatamu can disuguhan

5. Ardanaya seug tamada embi
Ieu kuring kapan keur nyaba
Emang pangapunten baé
Walon aki Tamli sukur
Peupeurih nyuguhan kuring
Kumaha da lain nyaah
Jeung geuwat Nini nyangu
Ngomong deui Ardanaya
Tadina mah nu terang rék musapir

6. Ayeuna mah éta nyangu Nini
Ku kaula tukeuran ku budak
Aigé carék Nini téh
Karah nyandak budak lembut
Leres seug kasép lalaki
Mawi ku kuring dibawa
Lain anak Maung
Da timu ti anu bala
Mangga atuh mumulé ku anak Nini
Kitu ceuk badéga dua

7. Pakumaha Nini jeung Aki

   Carék Aki hadé éta budak

   Ku urang téh dimumulé

   Tapi mudu daék ngasuh

   Sok bikeun cau téh Nini

   Saha Agus nya jenengan

   Wantu anyar tepung

   Bisi piteunah ka Paman

   Éta kitu sabab tukeur euweuh saksi

   Mudu asuh ku sampéan

8. Eujeung Agus timana nya bumi

   Ardanaya noél ka baturna

   Pok walon Ki Naya Génggong

   Asal mah kuring téh jauh

   Lembur ti Nagari Majesi

   Ari dipariksa ngaran

   Ka kuring nu nyebut

   Naya Génggong ka kaula

   Ari ieu ngaran nu saurang deui

   Kang pangantén Ardanaya

9. Éta kitu ngaran kula Bibi

Bét ayeuna piwarang ngasuh budak

Piker kaula tadi gé

Néangan Agan teu timu

Kaula rék kula-kuli

Sabab bekel enggeus beak

Matak rék buburuh

Ayeuna Paman kaula

Dirawatan kaula dititah cicing

Sarawuh Kakang Ardanaya

10. Mangga éta Bibi éta murangkalih

Geura rawatan ku Bibi mandian

Sugan pangaruhan geus gedé

Omong Naya Genggong kitu

Dipangku ku Nini Tamli

Murangkalih dimandian

Cahyana ngagebur

Naya Genggong

Suka bungah puguh deui Nini Tamli

Jeung Aki geus pada giat

11. Kasigeugkeun lampah Nini Tamli

Nutur kana sempaling carita

Nabi Hidir nu kojo téh

Pulo Ening semu iuh

Hibar cahya murangkalih

Nabi Hidir seug ngandika

Salebeting kolbu

Bét surem jero patapan

Aya naon kitu manah Nabi Hidir

Murangkalih kauninga

12. Saur Nabi nya paingan teuing

Nini Tamli keur ngebagkeun budak

Nabi geus uninga baé

Éta anak Raja Erum

Samalah ngarana sidik

Nya éta Jaka Mursada

Nabi Hidir weruh

Nabi Hidir lajeng angkat

Saciptana jol sumping ka Nini Tamli

Nini jeung Aki ngarenjag

13. Tuluy sujud Aki rawuh Nini

    Sarta ngomong Gusti Abdi tobat

    Ngersakeun naon Gusti téh

    Omong Nini Tamli kitu

    Seug ngandika Nabi Hidir

    Kami ménta éta budak

    Rék dibawa ngapung

    Lain rék dipiboga

    Ari mengké geus gedé dibikeun deui

    Ku Nini Aki antian

XI. Pupuh Kinanti

1. Aki Nini pihatur

   Atuh sumangga téh teuing

   Ulabon sarga budak

   Sanajan diri pribadi

   Da geus ti anu kagungan

   Sumeja sumerah diri

2. Piunjuk Aki sakitu

   Les baé leungit nu mulih

Angkat teu katinggal rupa

Sareng murangkalih leungit

Naya Genggong Ardanaya

3. Dua pada tarurun

   Ti imah seug alak-ilik

   Sup deui unggah ka imah

   Nanyakeun ka Aki Tamli

   Paman nu bieu téh saha

   Anu mundut murangkalih

4. Aki Tamli pok ngawangsul

   Éta Kangjeng Nabi Hidir

   Bisi Agus teu uninga

   Gaib Kangjeng Nabi Hidir

   Agus urang ka Nugraha

   Kasumpingan Nabi Hidir

5. Geura ténjo itu ku Agus

   Pepelakan kabeh jadi

   Ngadak-ngadak baruahan

Samalah huma anu garing

Paréna rampak geus asak

Hayu urang pada mipit

6. Moal kurang dahar Agus

   Eujeug tingal Munding Nini

   Reujeung Domba aranakan

   Jengkar Domba eujeung Munding

   Unggal poé ngajuruna

   Éta Domba opat siki

7. Enggeus jadi opat puluh

   Munding anu dua siki

   Engeus jadi opat pasang

   Aki Nini jadi sugih

   Naya Genggong Ardanaya

   Kagaét sajeroning ati

8. Duaan henteu sumaur

   Nini Tamli ngomong deui

   Agus naon nya kahayang

   Hayang dahar sanguna sasaid

Hayang buah da arasak

Manggu, Pisitan, Kawéni

9. Omong Nini Tamli kitu

Ari carék Aki Tamli

Nini urang suka bungah

Lain atoh loba rijki

Pok Ardanaya bet senang

Henteu ngasuh murangkalih

10. Ki Naya (……) nya kitu

Orok dicandak ku Nabi

Ari ayeuna mah kula

Kumaha paréntah Nini

Naon baé piwarangan

Ari carék Nini Tamli

11. Heueuh bener kitu Agus

Montong loba nu dipikir

Pare urang pibuatan

Duaan tilu jeung Aki

Nini mah érék popolah

Nutu, ngéjo, naheur cai

12. Omong Nini Tamli kitu
    Naya Genggong tuluy indit
    Sarawuh jeung Ardanaya
    Dibuat huma jeung Aki
    Mipit pare paréntah
    Paréntahan Nini Tamli

13. Ki Ardanaya geus matuh
    Ngamukim di Nini Tamli
    Jeung Ki Naya Genggong dunya
    Sertana geus rumpak jami
    Sigeug sempaling carita
    Kocap Kangjeng Nabi Hidir

14. Murangkalih nu dibantun
    Ka patapan pulo Ening
    Nabi Hidir sakersana
    Pék ngebogkeun murangkalih
    Baju nagé nu dicandak

Téréh ageing murangkalih

15. Mandi geus tangtu
Di kebakeun dua kali
Murangkalih lulumpatan
Di kebakeun tilu kali
Geus jadi bujang jenglengan
Geus ngandila Nabi Hidir

16. Ayeuna geus gedé Enung
Geura anggo ieu samping
Ngaran samping palang ruksak
Eujeung baju sarta patih
Udeng kuning sakebonan

17. Jeung ieu pék sorén Duhung
Eujeung ieu kembang kuning
Paranti mancala warna
Rupa Asep salin-salin
Geus sepuh sok jadi ngora
Nya ieu palay susumping

18. Pihatur mursada nuhun

Bari nampanan paparin

Énggal murangkalih dangdan

Leuwih kasép taya tanding

Medal cahaya lir bulan

Jeung Nabi ngandika deui

19. Ayeuna téh Asép Enung

Éyang kasép pépéling

Mangké téh kudu tatapa

Tapa sajeroning mincing

Ari eupana ku Domba

Lobana pat puluh siki

20. wasiat éyang sakitu

poma Asep ulah lali

ayeuna asep ku Éyang

dianteurkeun ka Ambu Tamli

sabab Asep asal tinya

kitu saur Nabi Hidir

21. Jaka mursada ngawangsul

Nun Éyang sumangga ngiring

Seug deui Nabi ngandika

Pék peureum ulah ningali

Asep dikaléng ku Éyang

Ulah érék samar piker

XII. Pupuh Asmarandana

1) Kitu wuruk Nabi Hidir

Seug peureum Jaka Mursada

Ku Nabi Hidir dikaléng

Kersana sakedet netra

Ka Nini Tamli geus dongkap

Aki Tamli keur ngariung

Naya Genggong Ardanaya

2) Keur dalahar Aki Tamli

Nini Tamli ngaladénan

Daharna ditunda baé

Nabi Hidir seug ngandika

Aki masing jongjon dahar

Los teu manggih sangu

Minangka nu tapa buka

3) Mukakeun perjangji kami

Sanggup ngagedéan budak

Ayeuna ieu geus gedé

Nyelehkeun kami ayeuna

Tapi turut sakarepna

Naon baé nu dipundut

Ku Aki ulah dipungpang

4) Ngan sakitu jangji kami

Ayeuna kami rék mulang

Nini masing hadé-hadé

Nabi sakitu lahirna

Les ilang teu katingali

Naya Genggong seug ngarangkul

Ka Radén Jaka Mursada

5) Ardanaya rawuh Aki

Nini Tamli ngarangkulan

Pada nyuuh ceurik ramé

Ari éta badégana

Ceurik éling ka ibu

Rarayna ampir sapatut

Tapi teu ngomong harita

6) Ari Nini mah jeung Aki

Ceurik sotéh suka duka

Sukana ningal nu kasép

Dukana ku lalawora

Tadina basa nyiraman

Ngagolér dina palupuh

Ngan sakitu kareuwasna

7) Anu kasep taya tanding

Kadi Dewa kama Jaya

Lengkeh ngalemperéng konéng

Ménak lenjang ngalempayat

Nu kasép Jaka Mursada

Alus bangun lungguh tumpuh

Henteu bosen anu ningali

8) Malah Aki reujeung Nini

Anu ceurik pada cengkat

Ardanaya Naya Genggong

Geus sami répéh ceurikna

Nini Tamli olah-olah

Macang cikopi jeung sangu

Haturan Jaka Mursada

9) Sadia Nini cacawis

Jaka Mursada ngandika

Eni Aki ayeuna téh

Kaula érék nyarita

Sababa timbalan jeung éyang

Kaula muda ka laut

Rék nguseup eupana Domba

10) Éta kitu putu eni

Kaula rék neda Domba

Nini Aki gancang walon

Ulabon sariga Domba

Najan Munding gé sumangga

Domba eni opat puluh

Suka lilah lamun beak

11) Paké eupan mincing

Sumangga………

Emang nyokot Domba ka Tegal

Ulah lila téréh-téréh

Sapuluh baé heulaanan

Naya Genggong Ardanaya

Ngagiring Domba sapuluh

Geus ngaliyud diburuan

12) Gancangna Mursada indit

ÉrÉk nguseup ka Sagara

Ardanaya Naya Genggong

Eukeur leumpang sumpang simpang

Ruwal-rawél barang ala

Pada ngala jambu batu

Dihakanan bari leumpang

13) Jaka Mursada ngalahir

Tiheula bari ngagupai

Lahirna paman bari leuleungen

Kadieu masing garancang

Ana ngawangsul badéga

Ieu Sép Domba teu maju

Sumpang-simpang hayang nyatuan

14) Ku Agan mudu dipirig

Kitu omongna badéga

Jaka Mursada ngawalon

Pék atuh Paman tiheula

Ardanaya ngawalonan

Lain Domba nu teu maju

Kuring ngalabuan heula

15) Teu lila kalaut sumping

Calik disisi Sagara

Jaka mursada ngajogo

Sarta bari nyandak tambang

Ka badégana ngandika

Cing Domba téh Paman pangku

Ieu useup téh eupaneun

16) Ki Badéga silih tuding

Pahiri-hiri duanana

Pék deui ku anjeun baé

Jaka Mursada ngeupanan

Dikait bujurna Domba

Beng dibalangkeun ka laut

Diteunggeul iwak sagara

17) Ngan sakétap Domba hiji

Tuluy deui dieupanan

Eupan beunang deui baé

Tayoh kalmot useupna

Anu matak bet nyaba

Badégana ngadeukeutan

18) Jaka Mursada ngalahir

Paman Domba téh geus beak

Coba nyokot deui baé

Pada ngomong gandék dua

Édas lauk téh bet jahat

Saged naon nu nyangkut

Anom mah barang leukeunan

XIII. Pupuh Sinom

1. Seug deui Radén ngandika

   Geuwat Paman nyokot deui

   Geus montong loba carita

   Kabéh baé lomba giring

   Harita badéga indit

   Naya Genggong gura-giru

   Sarawuh Ki Ardanaya

   Ka babakan enggeus nepi

   Nini Aki mariksa ka Ardanaya

2. Agus mancing téh kumaha

   Geus meunang sabaraha hiji

   Asép dimana ayeuna

   Kitu carék Aki Tamli

   Ki Ardanaya ngalahir

   Agan mah di sisi laut

   Nguseupna teu acan meunang

   Eupana mah eunggeus abis

   Balik soteh Kaula rék nyokot eupan

3. Érék ngagiringkeun Domba

   Kira Lima belas siki

   Kitu omong Ardanaya

   Naya Genggong walon deui

   Urang ulah hésé deui

   Kabéh baé giring atuh

   Upama aya sésana

   Da meureun dibawa deui

   Carék Aki nya bener kabéh pék bawa

4. Gancangna Ki Ardanaya

   Domba Ki Tamli digiring

   Heunteu kacatur di jalan

   Geus dongkap ka nu keur mincing

   Jaka Mursada ngalahir

   Domba téh kabéh dibantun

   Walon gandék leres Agan

   Kuring sanggel bulak balik

   Geus pégat deui useupna téh eupanan

5. Ari geus putus ngeupanan

   Tuluy dibalangkeun deui

   Disanggo ku lauk sakétap

   Domba téh tinggal sahiji

   Nu hiji dikait deui

   Dibalangkeun kop disanggut

   Diteunggeul badéga seunggal

   Ku Radén Jaka ditarik

   Lauk bedas narik deui bedas

6. Geus moro gendek nu Dua

   Sumangga Agan jeung kuring

   Kagusur gandék nu dua

   Méh rék ngajebur ka cai

   Ku Radén digeuwat deui

   Keun Paman kaditu mundur

   Ti dinya Jaka Mursada

   Ningkil nojér kana keusik

   Bari nyaur nyeblok baé sing jero heulana Paman

7. Geus nyeblok Radén Mursada

   Paman geuwat ménta Munding

   Ka eni geuwat sing gancang

   Haturkeun ka Ama Aki

   Nguseup téh kudu ditarik

   Ku munding keur melak lauk

   Tapi kabéh baé bawa

   Éta Munding opat rakit

   Ardanaya Naya Genggong lalumpatan

8. Ka lembur gancang geus datang

   Ditanya ku Aki Tamli

   Na kunaon lalumpatan

   Mana Asép bét teu mulih

   Badéga ngahégak lahir

   Puguh eukeur narik lauk

   Ayeuna keur padonco-donco

   Kaula rusuh téh balik

   Ménta Munding keur narik lauk téh beunang

9. Kitu omong gandék dua

Suka ati Aki Tamli

Émoprok barina jeung surak

Lakadalah bagja teuing

Geuwat Agus bawa Munding

Asép palangsiang kagusur

Kabawa iwak sagara

Kitu carék Aki Tamli

Carék Nini atuh buru-buru geuwat

10. Sagedé naon laukna

Hayang geura nénjo Bibi

Jeung érék cawis sambara

Érék ngapeun baé Bibi

Kitu omong Nini Tamli

Ki Naya Genggong ngawangsul

Enya Bibi sing sadia

Ngala daun pikeun mais

Ari Paman sing loba nyieun panggangan

11. Kitu omong Ki Badéga

Bari tuluy nyokot Munding

Ardanaya nyokot tambang

Eujeung Naya Genggong deui

Manggul pasangan sakali

Naya Genggong leumpang rusuh

Nya kitu Ardanaya

Pahibut ngagiring

Mawa pecut jeung pada manggul pasangan

12. Munding lumpat dipecutan

Wantu rusuh nu ngagiring

Munding leumpang sumpang-simping

Narajang ka Tegal elih

Dipegat ku nu ngagiring

Nincak cucuk jungkrang-jingkrung

Ardanaya gaganjangan

Eujeung ngowé was-was wis-wis

Eunggeus dongkap Mundingna dipasapan

13. Jaka Mursada ngandika

Coba Paman bulat-bulit

Ieu tali useup ceuceu

Dipetakeun geus tarapti

Gancangna useup ditarik

Lauk ti cai digusur

Calangap hanjat ka darat

Jaka Mursada ningali

Badégana eumeupreuk cicing keulkal jeung surak

14. Ari pokna sia béang

Geuwat anom geura peuncit

Abdi dék neda panon

Éta inten herang teuing

Ari ceuk saurang deui

Abdi mah sisitna wungkul

Sabab uang emas

Naha bagja-bagja teuing

Moal susah boga uang emas loba

15. Kitu carék gandék Dua

Naya Genggong ngomong deui

Kuring mah ngaku panon

Érék dijual sahiji

Geus tangtu loba nu meuli

Murah-murah Tujuh ratus

Panon hiji hargana

Kitu omong Ki Pangiring

Radén Bagus mesem barina ngandika

16. Paman cekel ku duaan

Ieu lauk urang peuncit

Badégana seuseurian

Duanana sukaati

Pada ngomong ngecewis

Bari narumpakan lauk

Gedé heunteu kira-kira

Radén Bagus sangkal-singkil

Narik duhung barengna geus diungkulan

17. Lauk ngomong kawas jalma

Ari pokna mengké Gusti

Abdi ulah dipaéhan

Sabab lamun paéh Abdi

Gamparan enggeus pianasti

Mamang enya jeneng Ratu

Sakitu lauk omong

Jaka Mursada ngalahir

Naha enya jeung bét bisa ngucap

18. Na lauk naon ngarana

Gedé serta alus teuing

Panon inten sisit emas

Lauk téh pok ngomong deui

Ari ngaran mah simkuring

Tegesna iwak Minayu

Abdi lamun dihirupan

Sarta ka caikeun deui

Gusti lamun napak kangjeng di Sagara

19. Abdi saur ku Gamparan

Nepak cai Tilu kali

Gamparan moal kamaotan

Kitu omong lauk cai

Jak Mursada ngalahir

Mun kitu mah atuh lauk

Manéh geura ka Sagara

Ayeuna geura los balik

Iwak Minayu geus gejebur ka Sagara

20. Anu numpakan ti pecat

Di sisi ninggang kikisik

Duaan nagkarak bengkang

Lauk geus ka cai deui

Badéga dua jarebi

Handeueul kaliwat langkung

Harudang barina bari kekepruk ngusapan keusik

Jeung jumengkat keuheul ka Juraganana

21. Sami bangkenu ulatna

Dusdisa semu anu pusing

Tina kikiik bareunta

Dipariksa gé teu muni

Gagaro sirah nu pusing

Gado budina samutut

Naya Genggong Ardanaya

Geus henteu tolih ka Munding

Tuluy mulang heunteu beunang dipegat

XIV. Pupuh Magatru

1. Ardanaya Naya Genggong nu pundung

   Lauk dileupaskeun deui

   Baeud kawani samutut

   Mun budak mah meureun ceurik

   Supaya ras enggeus kolot

2. Ngan méntégég baé ari ras ku lauk

   Harita badéga balik

   Duaan nu leumpang ngasruk

   Pating gerendeng nu pusing

   Boga Juragan téh gélo

3. Héran urang tur budak turunan Ratu

   Kasépna teu aya tanding

Tapi ireg lamun kitu

Humayua mun hayang mincing

Ngaruksak ka banda kolot

4. Mending-mending mun Bapa Éstu

   Dipikir nya matak nyeri

   Tadi rék nurut untung

   Ari eunggeus lauk bukti

   Bet teu mawa ka kolot

5. Ngan kaduhung baé baréto digubug

   Nyana rék salah hareuti

   Mun teu digubug Maung

   Ardanaya ngomong deui

   Heueuh ku urang baréto

6. Kasép-kasép naha budak bet bedegong

   Tayoh budak édan éling

   Ku eunggeus beunang gé lauk

   Disina ka cai deui

   Matak keuheul budak gélo

7. Naya Genggong amarahna ngagugudag

   Ardanaya kitu deui

   Hayu baé buru-buru

   Urang béjakeun ka Bibi

   Datang sina ditanggeelong

8. Ardanaya Genggong enggeus cunduk

   Jol baé ka Nini Tamli

   Budi semu sarambutut

   Rét nu ningali Nini Tamli

   Nanya Nini naha léwéh

9. Bari naha Agus kawas anu parundung

   Jeung man lauk téh Agus

   Anu ditarik ku Munding

   Naha agus téh ngabohong

10. Eujeung mana kapan mawa Munding Agus

    Boa beak paké mincing

    Naha balik teu dibantun

    Jeung Asep dimana deui

    Ngawangsul Ki Naya genggong

11. Puguh Bibi mah matak warangsul

Nay éta kusaking sendil

Pang balik sotéh da pundung

Domba opat puluh ledis

Domba beak lauk poas

12. Ku geus leneng lauk ti cai digusur

Ditarik ku dua rakit

Sisit nag é emas wungkul

Panonna inten biduri diténjo hurung moncorong

13. Rék dipeuncit ku Agan teu lulus

Lauk dikencarkeun deui

Kitu matak kula pundung

Handeueul kaliwat saking

Kitu omong Naya Genggong

14. Aki Tamli ngadengé anu cacatur

Morongos panon buncelik

Aki Tamli langkung napsu

Serta jeung ngomong bengis

Aéh naha budak gélo

15. Mun kitu mah nya kawilang nurustunjung

Budak bangkawarah teuing

Domba aing opat puluh

Mun kitu miti diganti

Mun teu bukti jor mantog

16. Aki Tamli harita keur ngumbar napsu

Nini Tamli nganbek deui

Ti imah mangpeungkeun nyiru

Bari ngajejoét sahid

Pariuk totos ditajong

17. Ngomong ngaprak geus tong daratang ka lembur

Bet ngaruksak barang aing

Baréto euweuh nu kitu

Ngan aing baé jeung Aki

Heunteu burung lega kebon

18. Ayeuna mah jor baé geura alundur

Nini jeung Aki gé gék calik

Pok na bét narurustunjung

Heunteu hayang heunteu sudi

Aing téh dikoroméoh

19. Bareng Aki jeung Nini nu keur narapsu

Suaban Nini jeung Aki

Jebul sumping Radén Bagus

Barina ngagiring Munding

Ngadangu nu huak-haok

20. Nini Tamli nu keur ngaprak nu tundung

Teu pisan éling ka jangji

Wantu kabawa ku napsu

Pangwurukna Nabi Hidir

Lantaran Nini kokoro

21. Raden Bagus raos ditundung ku Ibu

Sisi pager nyegruk nangis

Nalangsa barina nyuuh

Disampeurkeun ku pangiring

Ardanaya Naya Genggong

22. Nyeblak welas badéga ka Radén Bagus

Na kunaon Agan nangis

Jaka Mursada ngawangsul

Kaula nu matak ceurik

Pan ditundung ku kolot

23. Na ka mana ti dieu kula nya muru

Kula teu Lanceuk teu Adi

Ari ku kolot ditundung

Kula geus teu puguh piker

Badéga dua ngawalon

24. Jadi kitu kutan namah Agan bingung

Pan Abdi nya kitu deui

Bet urang pada ditundung

Éta téh ku Nini Tamli

Puguh sadaya rumaos

25. Turta Agan éta lain Ibu éstu

Saleresna Nini Tamli

Éta agan indung pulung

Da Agan mah putra Gusti

Geura Abdi rék nyarios

26. Pa agan mah éta Putra Raja Erum

Nu matak didieu calik

Ku Abdi dibawa ngancruk

Abdi paséa jeung Patih

Kitu asalna baréto

27. Saleresna Abdi kamari téh pundung

Pundung soréh api-api

Supaya ti dieu undur

Nyieun akal sangkan balik

Kitu baé akal kolot

28. Raden Bagus ngandika bari sumegruk

Sula lain anak Nini

Badéga dua ngawangsul

Lain éta Agan Lain

Pok Arda jeung Naya Genggong

29. Ayeuna mah urang saréba ka Erum

Urang ngadeuheus ka Gusti

Nanging Abdi rada bingung
Saréhing benci jeung Patih
Kumaha sangkana poho

30. Badégana kasusahan ngan sakitu
Jaka Mursada ngalahir
Gampang hayang salin patut
Ieu sumping kembang kuning
Patih erum tangtu poho

31. Sadayana ogé Paman salin patut
Samalah ngaran diganti
Emang Ardanaya Daud
Ki Masrut nu hiji
Éta landi Naya Genggong

32. Ti harita disumping geus salin patut
Disusumping kembang kuning
Gancangna sakabéh udur
Tinggal Nini Aki Tamli
Geus beunghar jadi kokoro

33. Aki Tamli geus lemper ngahurung balung

Amarahna beak Aki

Kaduhung ku goring sahur

Nini Tamli kitu deui

Ceurik kumambang cipanon

XV. Pupuh Maskumambang

1. Nini Tamli ngomongna bari ceurik

Kaduhung nyarékan

Bet éling kawuruk Nabi

Meungpeung ka anak kukutan

2. Mun sungkan meureun tetep sugih mukti

Najan Domba beak

Lamun aya murangkalih

Meureun tetep babanda

3. Sanggeus euweuh murangkalih banda leungit

Heunteu puguh losna

Bet hanjakal goréng biwit

Kiwari kieu rasana

4. Na ka mana Asép téh tuluyna Aki

   Jung susul téangan

   Kitu omong Aki Tamli

   Aki Tamli teu ngajawab

5. Kocapkeun Nini Aki nu eukeur ceurik

   Raja Erum koco gerwa

   Nu Putri ti Mesir

   Waktu harita teu dahar

6. Siang wengi ditanggeuy baé ku Gusti

   Éta ku rakana

   Kawantos langkung nya asih

   Ka Sang Putri Purbalintang

7. Teu damangna henteu lebet sangu kopi

   Dukun pirang-pirang

   Jempé teu aya nu matih

   Dilandongan ukur senang

8. Langkung-langkung Raja Erum sumpeg Galih

   Ku gerwa teu damang

Ibu Ramana ti Mesir

Sadaya pangkat ngalayad

9. Malah-malah Raja Erum siang wengi

Teu kulem tirakat

Neda-neda ka Yang Widi

Neda gerwa gero senang

10. Waktu éta Raja Erum langkung prihatin

Neda ka Pangeran

Ari dina hiji wengi

Raja misambat soara

11. Keur lahirna éta dawuhan nu Gaib

Éta gero Raja

Piubareunana pasti

Tirta Bulayah ubarna

12. Tapi koar éta landing putrid Mesir

Kandaning Mataram

Minyak tala muka yakin

Kitu Kandana Mataram

13. Ari ieu kanda Cirebon digirit

Nu kebet carita

Éta landing putrid Mesir

Nya éta Tirta Bulayat

14. Éta kitu ku Raja nu kakupingna

Raja Rum ngandika

Tapi salebet nyagalih

Anu ngomong téh nya saha

15. Kitu meureun Raja bari alak-ilik

Seug kaluar lisan

Garwana Patih Cangkiling

Jung Patih geura nyiar ubar

16. Itu ubar Tirta Bulayah sing manggih

Patih lamun meunang

Tanwandé di upah nagri

Kula sérén pajenengan

17. Ngan supaya damang waé ieu putri

    Patih mun teu meunang

    Uwarkeun ka Abdi-Abdi

    Saha baé anu meunang

18. Carék basa wiwilang baku ngarit

    Anu meunang ubar

    Nya éta nu boga Nagri

    Sakitu lahirna Raja

19. Pati nyembah geus tutas timbalan Gusti

    Lajeng ka bumina

    Dangdan Kuda geus tarapti

    Dititihan ka paséban

20. Barang dongkap ka Paséban Radén Patih

    Ka sakabéh Pangkat

    Pangkat gedé pangkat leutik

    Ayeuna timbalan Raja

21. Pangkat kabéh pada nyiar pala jenggi

    Kudu baé pada meunang

Éta pikeun landing Gusti

Ménak atawa Somahan

22. Geus tangtu upahna nya éta nagari

    Kitu dawuh Raja

    Pada walon Abdi-Abdi

    Ti hareup ti pungkur mangga

XVI. Pupuh Pangkur

1. Pangkat-pangkat geus sadia

   Tunggang kuda sadaya budal ti Nagri

   Anu ngalér anu ngidul

   Aya nu ngulon nu ngétan

   Lalumpatan menak kuring hayang nimu

   Usada keur landing Raja

   Sabab upahna Nagri

2. Jalma pada popohoan

   Puguh somah sanajan Patih Cangkiling

   Nyandak uang Tujuh rébu

   Pikeunngulikeun néangan

   Ka nu bala disingkaban saban dungus

Lusah sarawuh somahan

Camat sarawuh patinggi

3. Ngotéktak ngapruk nu bala

   Wani riab nu kuli ka Radén Patih

   Barudak sarawuh sepuh

   Lebak pasir dikotéktak

   Anu bala dicacaran saban dungus

   Keridan ka budak-budak

   Riab awéwé lalaki

4. Patih ngungsi saban Tegal

   Sabadana di Tegal Patih berenti

   Barang ningali ka kidul

   Jol sumping Jaka Mursada

   Cék badéga tapi eunggeus salin patut

   Naya Genggong Ardanaya

   Disusumping kembang kuning

5. Patih cangkiling ngandika

   Budak saha itu kasép-kasép teuing

   Ka Badégana nagdawuh

Badéga ngawangsul duka nya

Ceuk sawaréh nu ngomong itu sumuhun

Geus deukeut Jaka Mursada

Dén Patih jeneng ningali

6. Jaka Mursada ngandika

   Jalma naon itu Paman loba teing

   Ardanaya seug piunjuk

   Aéh agan geuning nya éta

   Mun teu ningal Patih Cangkiling di Erum

   Patih Rama Agan pisan

   Nya éta Patih Cangkiling

7. Coba ku Agan tepangan

   Jaka Mursada nepangan ka Radén Patih

   Serta langkung mendo munjung

   Patih Cangkiling ngandika

   Ari Asép asana kakara tepung

   Pun Paman sok hayang terang

   Ti mana nya tuang bumi

8. Sareng nya saha jenengan

   Rék ka mana numawi ka dieu sumping

   Jaka Mursada nyembah matur

   Nuhun Abdi dipariksa

   Ari imah di Nini Tamli di Gunung

   Sim abdi anu diseja

   Rék marek ka Rama kuring

9. Rehing mendak cariosan

   Raja Erum éta éstu Rama kuring

   Kitu béja urang Gunung

   Ari simabdi nya ngaran

   Loba pisan ka Sim kuring anu nyebut

   Jaka Mursada nya ngaran

   Kitu ngaran Jisimkuring

10. Ngaranjug patih manahna

    Seug ngandika duh Asép teu nyana teuing

    Radén geus sagedé kitu

    Teu nyana Jaka Mursada

    Puguh enya Asép putra Raja Erum

    Ari ieu Asép saha

Badéga dua nu ngiring

11. Jaka Mursada walona

Ari ieu mamang nu ngiring ka kuring

Ari ngarana Pun Masrut

Nu hiji deui Badéga

Ari éta ngarana deui Pun Daud

Duka teu uninga Kuring

12. Sinareng kersa mamang

Damel naon numawi di Tegal linggih

Patih gumujeng ngadawuh

Paman diutus Ku Raja

Rama Asép nyiar landing tuang Ibu

Ibu Asép heunteu damang

Tapi weleh heunteu manggih

13. Ngarana Tirta Bulayat

Éta kitu sareng saha baé nu manggih

Dijadikeun Ratu Erum

Yén kitu dawuh Sang Raja

Ari ayeuna sumping Asép Paman sukur

Mun lengkep meunang usada

Paman tangtos suka ati

14. Sabab Asép putra Raja

    Geus tangtu Asép nu nyepeng Nagari

    Jumeneng Ratu di Erum

    Sareng Asép ayeuna mah

    Kudu baé nyiar landing Tuang Ibu

    Gampil ngadeuheus ka Rama

    Kitu saur Radén Patih

15. Jaka Mursada ngandika

    Duka teuing ngan pamali sanggup Kuring

    Ayeuna mah mendak rujuk

    Ngadeuheus heula ka Ama

    Walon Patih nya sumangga Asép atuh

    Enggalna bubar ti Tegal

    Radén Patih mundur deui

XVII. Pupuh Durma

1. Radén Patih kebat mulih sabaladna

   Radén Bagus ngiring Patih

Badéga nu dua

Ti pandeuri seuseurian

Ku Patih heunteu katawis

Yén Ardanaya

Jeung Ki Naya Genggong deui

Sabab enggeus ku Agan disalin rupa

2. Diparin sumping kembang kuning

Jeung diganti ngaran bet lumayan

Cayeuga Agan

Satadina pura Gusti

Wajib ngawula

Badéga saruka ati

Kasugeugkeun lampah

3. Nu nyamur harita

Caturkeun Raja di Nagri

Mangkon nu teu damang

Kangjeng Raja seug ngandika

Ka sakur nu di bumi

Lahirna Raja

Naha teu geura lapor Patih

4. Bet lalila ku meunang henteuna ubar

   Eukeur kitu jebul Patih

   Sumping ngadeuheus

   Sarawuh Jaka Mursada

   Raja seug ngawauh deui

   Ki Patih meunang

   Unjukan radén Patih

5. Nun sumuhun teu aya pisan nu mendak

   Ngan manawi putra Gusti

   Ieu Putra téa

   Jenengan Jaka Mursada

   Kitu piunjuk Patih

   Raja ngandika

   Aéh karak Putra kami

6. Atuh sukur geus gedé Jaka Mursada

   Jeung Ama eunggeus papanggih

   Ieu Ibu Ujang

Teu damang geus lawas pisan

Henteu lebet sangu, kopi

Jeung ayeuna Ujang

Sukur Ama merih pati

7. Pangnyiarkeun usaha Tirta Bulayah

Lamun geus meunang téh pasti

Uajng jumeneng Raja

Ama Saléh pajenengan

Teu kitu gé Ujang wajib

Da kapan Putra

Sakitu dawuh Gusti

8. Radén Jaka Mursada nyembah njukan

Nun mangga pisan Sim Abdi

Neda jiad Ama

Sareng pitulung nging Allah

Raja seug ngandika deui

Ujang bekelan

Béré duit tukang konci

9. Sabaraha baé Tilu ratus peusmat

Kangjeng nyokong tukang konci

Putus disatuan

Enggal dén Jaka Mursada

Ka Rama pamitan indit

Di padaleman

Kimasrud Daud digiring

10. Radén Bagus anu angkat gagancangan

Badégana suka ati

Réh nampi bayaran

Di paparin ti Juragan

Ngabangor ngomong ngabuih

Igel-igelan

Lakadalah boga duit

11. Lain untung diparin pat pasmat éyang

Ku Agan dibayar duit

Eukeur meuli madat

Adat dewek katebihan

Ki Masru pok ngomong deui

Kuring mah Agan

Keur majeg Ronggéng-ronggéng

12. Sabab kuring kamari enggeus dijangjian

    Parantos bentik pasini

    Doyong papadon

    Enggeus moal meunang tida

    Ngan supaya tahan panggih

    Jeung tahan nanya

    Duka naon atuh geulis

13. Nu baheula nu kiwari panakawan

    Tabuh bakuna peregih

    Ku anu réa

    Tatapi mungguh di jalma

    Cengar-cengir bari mikir

    Néangan luang

    Daluang anu diaji

14. Pantes éta daluang tuladan

    Sabab luangna pribadi

    Éta ogé jalma

    Badéga Jaka Myrsada

    Sajeroning cengar-cengir

Mantep pikiran

Ahirna tangtu kapanggih

15. Saya éta badéga ngiring Juragan

 Jaka Mursada ngalahir

 Paman Ardanaya

 Uarang ngungsi ka…….

 Jawab panakawan ngiring

 Sumangga Agan

 Kangjeng angkat ka Kilisih

16. Radén Bagus mapay-mapay sisi Sagara

 Néangan landing teu manggih

 Eujeung badégana

 Ardanaya Naya Genggong

 Duanana cengkat buringas

 Jeung pada saged nu dangdan

 Disamping eujeung disabuk

 Geus pada sadia dangdan

17. Jaka Mursada ngalawi

 Paman hayu urang mapay

Enggalna geus angkat baé

Diiring ku badégana

Katingali tina guha

Putrid nyaur lebet kalbu

Boa nya éta Satria

18. Diteuteup disidik-sidik

Radén deukeut kana duha

Kumejot manah Putri téh

Nyaur deui dina manah

Impian aing nya éta

Kumaha sangkana tepung

Ngahagal-hagal mah éra

19. Heug rék nyipta hujan angin

Sang Putri kitu manahna

Énggal nyipta hujan baé

Ger angin paralakl hujan

Naya Genggong Ardanaya

Pada ngomong geus haliwu

Aéh euleuh Agan hujan

20. Seug ieu hujan jeung angin

Hayu urang ngariuhan

Tuh aya guha meledong

Gancangna lumpat ka Guha

Ngiuhan ka jero Guha

Hujan raat Putri nyaur

Karék nyebut aéh Satria

21. Gugup nonjol pada bijil

Lalumpatan gandék dua

Duh jurig ceuk Naya Genggong

Pok Ardanaya enya

Nu lumpat paheula-heula

Ngomong jurig bisi nyusul

Ngomong kitu bari lumpat

22. Nu lumpat patarik-tarik

Gandék dua teu patinggal

Lumpat réréntétan baé

Silih kembing silih tongtak

Geus heunteu tolih juragan

Anu lumpat blug-blug labuh

Radén Bagus lumpat

23. Lumpatna Radén pandeuri

Nyi putrid nyusul nu lumpat

Miheulaan megat Radén

Nu eukeur lumpat ditéwak

Radén Jaka gegeroan

Pokna Paman kami tulungnaya Genggong Ardanaya

Lamina geus Tuju peuting sisi Nagara

Meuting deui di kilisih

24. Pada saré tapi sigagkeun heurin

Aya anu kocap deui

Sahiji nagara

Nu ngaran pulo Salaka

Ari Ratuna téh istri

Ratna Komala

Putra Sulaeman Nabi

25. Ratu istri ari Papatihna buta

Sarta gedé liwat saking

Dadana opat geus

Ngarana Jaka Bergola

Ari baladna Ipri

Campur jeung jalma

Éta ngabdi Ratu istri

26. Ratu istri cariosna Dalang Wayang

    Digjaya kaliwat saking

    Punjul ing papak

    Heunteu aya nu ngungkulan

    Saktina Ratu poé istri

    Ratna Komala

    Kagungan sadérék istri

27. Sadérékna henteu misah Ibu Rama

    Jenengan Ayi Getrasari

    Ari hiji mangsa

    Getrasari sasaréan

    Eukeur saré putrid ngimpi

    Sumping Ramana

    Wuwuruk ka Getrasari

28. Lebet impian bet meunang satria

Éta bakal jodo Nyai

Jenengan Satri

Éta dén Jaka Mursada

Kitu dina lebet ngimpi

Sang Putri gugah

Heunteu samar nu kaimpi

29. Gentrasari lajeng calik

Sajeroning ka juaraan

Ngamanahan nu kaimpén

Bari nyaur lebet manah

Na impian isun riwan

Atawa enya pituduh

Kitu putrid ngamanahan

30. Harita teu saré deui

Nyandak pasirihan ngalemar

Ngarongkong nyandak tampolong

Ngalunjar bari ngamanah

Ti peuting dongkap ka bereng

Ari wanci pukul Tujuh

Putrid ti kamar ka luar

31. Lajeng baé Gentrasari
Ngadeuheusan ka Rakana
Ratna Komala marios
Rai téh rék naon béja
Ka Aceuk aya kahayang
Sabab Rai tara kitu
Ka Aceuk ti sasarina

32. Tungkul mando Gentrasari
Gelenyu putrid unjukan
Nun Aceuk jisimkuring téh
Bade naroskeun impian
Dina wengi tadi pisan
Ku Sim kuring nu kaitung
Kangjeng Rama nu nimbalan

33. Ari sajeroning ngimpi
Miwarang néang Satria
Sareng éta Satria téh
Jodo Kuring ceuk impian

Ayeuna bade ditéang

Rayi nyuhunkeun piwuruk

Ka mana néanganana

34. Nu mawi marek Sim Abdi

Éta téh impian enya

Ari éta nu kaimpén

Katingal baé rupana

Sareng éta badégana

Duaan geus rada sepuh

Nya éta badéga Satria

35. Kitu hatur Gentrasari

Ratna Komala ngandika

Munkitu impian hade

Rai wajib ditéangan

Mudu tapa dina Guha

Aya Gunung deukeut laut

Nya didinya Rai tapa

36. Kitu dawuh Ratu istri

Cedok nyembah Rai angkat

Gentrasari sup ka Pangkeng
Dangdan nyisiran dilisah
Ngadadak heula diwedak
Geus parantos Gusti lungsur
Putrid ngawang-ngawang

37. Diluhur seug alak-ilik
Ningalian kana Guha
Gunungna enggeus katémbong
Gentrasari ngadasaran
Lajeng asup kana Guha
Dina Guha semu nu nyumput
Tapa heunteu sasauran

38. Radén Bagus catur deui
Eukeur saré kabeurangan
Badégana ngajawab

39. Wah Agan mah kajeun teuing
Wah Agan mah kajeun teuing
Top baé lebok siluman

Ngan supaya ulah déwék

Kitu omong badégana

Sarta éta bari lumpat

Teu ditotoh deui cumeluk

Kawantos Radén Nonoman

XVIII. Pupuh Sinom

1. Gentrasari seug ngandika

   Aéh Satria lieuk kuring

   Radén Bagus nu keur lumpat

   Heunteu kersa ningali

   Manahna geus tangtu jurig

   Pantes tacan mentér maksud

   Nurut ka omong badéga

   Ngadégdég bawaning risi

   Gentrasari muntangan bari ngandika

2. Ari kasauranana

   Satria kuring nibali

   Da Kuring téh lain sétan

   Ngan anu keur tapa kuring

   Napaan anjeun pribadi

Sanglan anjeun jeneng Ratu

Mun teu ningan moal enya

Jaka Mursada ningali

Barang rét gé putrid geulis leuwih éndah

3. Kumejot Jaka Mursada

Ningali ka Gentrasari

Éra pabaur jeung pale

Ari basana mah isin

Dideukeutan Radén nyingkir

Dipaju baé dirungrum

Radén dicandak tanganna

Dijembél bari diciwit

Sinatria kakara nyium harita

4. Putri ngalieus méréan

Imutna bari ngalahir deuh tadi mah geuning engkang

Henteu kersa ningali

Ayeuna nyium ka kuring

Kawas nu geus lawas wawuh

Mun teu di titah teu suka

Bongan bet nyium ka kuring

Radén walon akan nambaan kaéra

5. Sinareng akang rék nanya
   Nyai ti mana nya bumi
   Sareng saha nya jenengan
   Nu matak di Guha calik
   Saha Ibu Rama Nyai
   Jeung aya di luhur Gunung
   Gentrasari heug haturan
   Ari imah jisim kuring
   Tebih pisan ti Nagri Pulo Salaka
6. Ari dipariksa ngaran
   Getrasari ngaran Kuring
   Putra Nabi Sulaéman
   Dina Guha sotéh Kuring
   Nya engkang anu dianti
   Sabab ngider sisi laut
   Engkang naon dimanah
   Hayang terang jisim kuring
   Putra saha sareng saha nya jenengan

7. Jaka Mursada ngandika

Jadi kitu kersa Nyai
Ari engkang nu diseja
Nyiar tambah anu gering
Mapay sagara Kilisih
Dongkap ka Gunung teu nimu
Néangan Tirta bulayah
Ari ngaran engkang Nyai
Ceuk nu nyebut Radén Mas Jaka Mursada

8. Engkang téh amamah Raja
Lamun percaya mah Nyai
Gentrasari heug haturan
Ayeuna mah ka Sim kuring
Kedah kersa ngiring kuring
Engkang tangtu jeneng Ratu
Lamun Engkang teu kersa
Geus hamo jeneng dipati
Ari landing sumangga urang néangan

9. Sakitu putri lahirna

Radén Bagus walon deui

Gampang gaduh pamajikan

Tobat Engkang lain nampik

Ngan éta nu jadi piker

Hayang meunang landing Ibu

Nu ngarana Tirta bulayah

Sukur lamun meunang Nyai

Tangtu Engkang asup kana sisindiran

10. Dibawa sasamak pandan

Anggelan ku pangarih

Meureun disasar dirampa

Anu bagel dikurihit

Nyi Putri ngajembél pipi

Ngadelék imut sumahur

Usada Tirta Bulayah

Saenyana dulur kuring

Anu gaduh di Nagri Pulo Salaka

11. Lalampahan Tilu Bulan

Jauhna tina Kilisih

Sumangga téang ku Engkang

Tapi mun keur Saka Kuring
Jaka Mursada ngalahir
Sukur Nyai lamun kitu
Tan Wandé Nyai ditikag
Gerwa engkang lahir batin
Tapi engkang di Nagara Pulo nikah

12. Ku Abdi tangtos tarima
Ngaken Gerwa ka abdi
Parantos ngaken geureuhan
Sareng ieu anggo Ali
Kasiatna ieu Ali
Mun kaduruk moal tutung
Lamun jalan ka sagara
Mo anggo di jero cai
Radén Bagus geus narima lelepén jimat

13. Seug deui putrid haturan
Engkang kuring amit balik
Jaka Mursada ngandika
Na kumaha Engkang Nyai
Walon Putri Gentrasari

Mangga Engkang geura susul

Putri lajeng ngawang-ngawang

Muluk ka Gandé Wiyati

Gentrasari langkung luhur pangapungna

14. Basa kaganda satengah

Wiyati tangahir langit

Dongkap ka Pulo Salaka

Dén Bagus masih ningali

Tanggah baé alak-ilik

Bari nyaur lebet kalbu

Nyata istri sakti enya

Kitu Radén lebet Galih

Badégana nyampeurkeun bari Seuseurian

15. Bari ngomong reuwas nya Gan

Sugan téh jurig nu tadi

Boro urang reuwas pisan

Lamun nyana putrid geulis

Tina Guha moal bijil

Pok Naya Genggong nya kitu

Ari carék Ardanaya

Najan katénjo nu geulis

Meureun nyingkah tapi bari humandeurar

16. Minangka Cépot Déwala

Geus montong panjang dikurit

Urang bujengkeun carita

Dén Bagus rék nyusul Putri

Enged manah ngajalingjing

Bingung teu aya Parahu

Jeung henteu terang lebahna

Ka Nagara Gentrasari

Geus ngahuleng Radén henteu sasauran

17. Ardanaya pok unukan

Aéh Agan ka pengker teu éling

Basa ngusu téa agan

Meunang luk rék dipeuncit

Henteu cios sabab jangji

Omongna iwak minayu

Agan mun aya kasusah

Geuning pokna saur kuring

Kitu geuning omongna lauk ka Agan

18. Kitu pihatur badéga
Jaka Mursada ngalahir
Enya karaman téh Paman
Kaula bet poho deui
Lajeng baé napak cai
Sertana bari sumahur
Jeung minayu manah datang
Buru-buru ieu aing
Eukeur kitu nyuruwuk lauk jol datang

19. Sarta ngomong kawas jalma
Ari pokna ieu Abdi
Gusti naon nu dimanah
Mawi nyaur téh ka Kuring
Jaka Mursada ngalahir
Manah nu matak disahur
Kami téh aya kasusah
Arék nyusul Gentrasari
Sabab jauh jeung teu nyaho dilebahna

20. Ngara pulo salaka

Jeung susahna jalan deui

Tumpak kapal heunteu aya

Parahu pon kitu deui

Sakitu kasusah kami

Ngawangsul iwak Minayu

Gusti montong kasusahan

Sumangga tunggangan Abdi

Najan nyandak réncang sawidak sumangga

21. Mun palay nganbah Sagara

Kitu omong lauk cai

Jaka Mursada ngandika

Teu loba batur mah kami

Da ngan ieu Dua siki

Najan kana Tujuh hulu

Nu ka pengker diantian

Ayeuna Gusti bet sumping

Sukur Abdi eukeur diantian pisan

XIX. Pupuh Kinanti

1. Radén nitah tonggong lauk

   Badéga Patih rarigil

   Aringgis reugreug di tengah

   Lauk Minayu ngomong deui

   Aéh Paman masing percaya

   Kan geger nyekel sing tarik

2. Jaka Mursada seug nyaur

   Na da sesah Paman geuning

   Geu tumpak gendek nu dua

   Lauk geus ka tengah deui

   Ngocépat lauk geus lumpat

   Tarikna lir Kapal Api

3. Radén Bagus nu ti payun

   Ardanaya liweuh risi

   Muntang pageuh ka Juragan

   Ari Naya Genggong deui

   Nyekelan ka Ardanaya

   Peureum beunta kawas itik

4. Lampahna iwak Minayu

Tarik batan mimis bedil

Ngocépat lir Kuda lumpat

Munggah angina ngiliwir

Nyorang arang-arang nyimpang

Nembag lambak ombak cai

5. Parental ningali Gunung

   Jaka Mursada ngalahir

   Minayu ieu Pulo na

   Lauk wangsul lain Gusti

   Lar deui Pulo kaliwat

   Manggih deui Pulo hiji

6. Mariksa deui Dén Bagus

   Walon lauk lain Gusti

   Nagara Pulo Salaka

   Ti Erum kalangkung tebih

   Lalampahan Tilu Bulan

   Kahalangan Tujuh Nagri

7. Pulo na éta sakitu

   Mun palay ununga Gusti

Tebih Pulo Salaka

Kahalangan Pulo deui

Ari Pulo nu kaliwat

Keeling mandera manjét

8. Ari anu loba Gunung

Nya éta Pulo manjét

Ari Pulo Salaka manah

Éta loba Gunung deui

Lauk ngomong bari lumpat

Henteu eureun beurang peuting

9. Gancangna iwak Minayu

Ka Pulo Salaka tepi

Lalampahan Tilu Bulan

Ngan dijieun Tilu peuting

Lauk pok deui haturan

Mangga ayeuna mah Gusti

10. Abdi eureun Gusti lumpat

Tina tonggong jisim Abdi

Nya ieu Pulo Salaka

Mangga geura ka Nagari

Jaka Mursada ngandika

Atuh eureun téh ka sisi

11. Sigeukeun iwak Minayu

Keur eureun di sisi cai

Kocapkeun Pulo Salaka

Anu kagungan Nagari

Ratna Kombali nimbalan

Ka Jaka Bergola Patih

12. Ari Dapu Ratu aya

Coba ayeuna Ki Patih

Mudu ideran Nagara

Saantero pék ku misi

Bisi aya kuma onam

Jalma anu arék maling

13. Boh bisi aya nu ngamuk

Nu matak kudu kumisi

Béjana aya jalma

Nyarokotan budak leutik

Éta Patih lamun enya
Cekel baé ku Ki Patih

14. Mun enya aya nu kitu
Éta pitnah ka Kami
Duméh Kami Ratu Bikang
Jeung deui ayeuna Patih
Nu matak mudu dironda
Bisi aya anu gering

15. Ka Kami menta jajamu
Moal kungsi mula meuli
Eujeung éta kudu Ujang
Mudu mindeng ronda
Patih saya nu sok maling uang
Nya éta kénéh nu nyangking

16. Ari anu nomer Satu
Teu dironda ku Patih
Nya éta Tirta Bulayah
Éta larangan Kami
Mun lunta lantu kadinya

Jalma dihukum geus pasti

17. Kajeun uang samiliun

Upama aya nu maling

Jeung euweuh éta mah jimat

Nu kemit sing ati-ati

Buta kombari kombara

Ulah talobéh nu kemit

18. Kitu dawuh Ratu nu Ayu

Patih matur mangga Gusti

Patih indit seug ka luar

Ti bumi Ratu Pawetri

Patih kebat ka paséban

19. Hareugeuh Patih ngadawuh

Nimbalan ka Pangkat leutik

Aéh sakabéh pangkat-pangkat

Ayeuna timbalan Gusti

Sakabéh mudu ngaronda

Ider sakudeuweung Nagari

20. Lamun aya nu ngalantung
Tangtu aya nu rék maling
Tango barogod talian
Sanggakeun misti ka Nagri
Jeung mawa balad gagaman
Ponggawa sami caricing

21. Jeung ronda nu tungtung gardu
Ku usar jeung perjurit
Saban parapatan cagak
Kudu pada ati-ati
Dén patih cangkar ngaronda
Diiring ku Pangkat leutik

22. Sigag anu tunggu gardu
Radén Bagus catur deui
Nu ti cai hanjat ka darat
Rapuh badégana deui
Naya Genggong Ardanaya
Ti pungkeureunana ngiring

XX. Pupuh Pangkur

1. Jaka Mursada geus bacat

   Mendak jalan disapu lenang

   Sisi jalan rantuy Manggu

   Buahna hideung arasak

   Naya Genggong jeung Ardanaya pungkur

   Pada ngomong euleuh buah

   Itu geus arasak teuing

2. Naha bet heunteu di ala

   Urang dieu mah tayohna heunteu bareuki

   Atawa darusun kitu

   Teu nyaho dibuah ngeunah

   Pok Naya Genggong urang ala Aka hayu

   Matak nyeuri beuteung boa

   Ardanaya mipit hiji

3. Pok Ki Naya Genggong nyempad

   Tah Aka mah kapan nyarék geuning mipit

   Ki Ardanaya ngawangsul

   Mangkaha ngala hiji mah

   Mipit deui bari sungutna sambutut

   Naya Genggong mah nyengkata

Geus heunteu tatapasini

4. Di luhur enyoh ngakanan

   Wani inggoy dititah ku anu kemit

   Naya Genggong henteu turun

   Anu kemit ngahaokan

   Pokna saha éta wani kitu

   Naya Genggong pok ngajawab

   Nu ngala Manggu tadi aing

5. Naha dicarék ku sia

   Naya Genggong turun bari sungut emih

   Aing mah néangan Manuk

   Biwir bari disusutan

   Pokna sia bet nuding teu pupuguh

   Aing ngaliwat mah enya

   Nunjuk-nunjuk anu kemit

6. Nu kemit rosa nyarékan

   Urang mana sia Pati cilimit

   Anu tunggu bijil napsu

   Ngancunan yeuh urang mana

Wani-wani ngala sorangan Sang Ratu

Naya Genggong ngaléléwéan

Ngajogét bari ngirindil

7. Anu kemit ngagoroan

   Ka baturna pada kagaét kabéh nu kemit

   Baturna geus pada muru

   Ki Naya Genggong iyatna

   Ardanaya cingogo jeung Radén Bagus

   Teu pisan rajeg manahna

   Burubul nu kemit ngusir

8. Marawa cagal jeung Tumbak

   Lima puluh sawaréh mawa gegendir

   Eujeung Naya Genggong tepung

   Gawéna keur jogédan

   Eujeung Emih heunteu kandeug nyatu Manggu

   Anu kemit pada nanya

   Aéh urang mana silaing

9. Wani-wani ngala buah

Éta weuteuh sotéh éstuning rarangan Gusti

Enya kula ngala Manggu

Itu piwarang ku Agan

Agan déwék éta putra raja Erum

Nu matak kadieu datang

Nyiar tambaan gering

10. Nu ngaran Tirta Bulayah

Éta kitu nya déwék nu ngiring

Na sialaing hayang Manggu

Nu Lima puluh ngajawab

Ieu jalma nu Tilu hayang hirup

Bet rék mawa jimat Raja

Maling Manggu gé dipeuncit

11. Nahan ngaku Pun Raja

Tapi ayeuna dihampura ku Kami

Ka Nagara ulah asup

Eunggeus tangtu dibabandan

Éta kitu ceuk jalma nu Lima puluh

Jaka Mursada ngandika

Bari indit sangkal singkil

12. Bét aing rék dibabandan

    Coba karép ku sakabéh awak aing

    Bon kakara lima puluh

    Geura sok tambah salaksa

    Henteu gimir kitu saur ratu Radén Bagus

    Ari carék Ardanaya

    Geus montong juragan aing

13. Ieu baé badegana

    Coba tangkep lamun beunang téh nya leuwih

    Carék badegana kitu

    Buncelik anu mégatan

    Montong meunang digigila tangkép batur

    Geus memang égol bangsat mah

    Nya lancing nya kumawani

14. Nu rék nangkép ngudar tambah

    Ardanaya nyerang jébrod nampiling

    Keur guyur nu lima puluh

    Diamuk ku Ardanaya

Ting jaropak unggal garduh pada muru

Ku Naya Genggong dilawan

Nu nampiling tarik teuing

15. Ari nampiling ku kenca

Sakur anu katampiling utah getih

Jul jol nu ngaronda tepung

Jeung patih Jaka Berkala

Seug ngandika ngahareugeuh kadi maung

Aeh satria urang mana

Torojogkeun tanpa wani

16. Manéh asup ka nagara

Patih buta sertakumalayu ngalahit

Bésar ati urang bagus

Tidak takut sama gua

Orang mana lekas goré buka mulut

Lékas pacalang ambil tambang

Ini orang mu mencuri

17. Jaka Mursada ngandika

Aeh denawa anu matak aing wani

Lain lantung tambuh laku
Lumayan aya pangarah
Mun teu nyaho nya aing putra Raja Erum
Nya ngaran Jaka Mursada
Rék nyiar tamba nu géring

18. Nu ngaran tirta Bulayah
Anu boga bejana Ratu pawasir
Ari kula rék cacaluk
Mikeun teu mikeun rék ménta
Éta kitu Jaka Bergola nu keur napsu
Ngomong bari ngajajagang
Hag sia beuweung ku aing
Ponggawa para gegeman

19. Coba cekél ieu satria mencuri
Bét rék ménta jimat Ratu
Patih sakitu saurna
Radén Bagus ku gegeman geus diképung
Sét mésat duhung pusaka
Wasiat ti Nabi Hidir

20. Lajeung diamuk gegeman

Patulayah nu paeh patumpang tindih

Kesis métu géni hurung

Nu ka hiji paeh lima

Radén Bagus pangamukna enggeus liwung

Balad patih ampi béak

Patih maju gadag-gidig

21. Dilawan ku Ardanaya

Bareng tepung digebah ku buta patih

Ardanaya tipecat jhauh

Buringas barina hudang

Ardanaya tambah napsuna nyuruntul

Ki Naya Genggong narajang

Ka buta géplék nampiling

22. Jaka Bergola malikan

Dating deui Ardanaya bék nampiling

Patih malik tuluy maju

Naya Genggong jol ti tukang

Sor narajang bari narik gobang lubuk

Dikadék patih teu teurak

Dipindo dibulak-balik

23. Ki Ardanaya narajang

Gep ditewak ku Jaka Bergola patih

Dibalangkeun henteu jauh

Cengkat deui Ardanaya

Langkung napsu Jaka Bergola ditumbuk

Geus ngahuleng patih buta

Punduran henteu éling

XXI. PUPUH DURMA

1. Barang éling Jaka Bergola ngarumpan
Ardanaya geus caringcing

Dirontok ku buta

Ardanaya nyingcét nyepak

Naya genggong muru deui

Buta malikan

Ka Naya Genggong nampiling

2. Naya Genggong tibalik nangkarak bengkang
Ku buta tuluy diirik

Muru Ardanaya

Geus landus buta ngajewang

Ardanaya geus kacangking

Ku Patih buta

Ngagurinjal tiba usik

3. Nu digégél Naya Genggong gegeroan

Jaka Mursada ningali ka kulon ka wetan

Ningalian lawan perang

Anu lumpat gila ku keris

Teu kuat perang

Nu lumpat gila ku keris

Radén Bagus ngarérét ka badegana

4. Dikeukeuweuk ku buta ku buta patih

Genggong Ardanaya

Dicekélan pageuh pisan

Pun genggong digégél ngunci

Jaka Mursada

Narajang jeung ngagém keris

5. Buta ngegel ku Radén Jaka Mursada

Leungeun sukuna dikeris

Parotong sukuna

Buta lepat gugulingan

Patihna Ratu Pawéstri

Baruntung buta

Gugulingan rék lapor patih

Kacaturkeun Ratu di Pulo Salaka

6. Sang Ratu Tata Dewi
Mariksa ku emban

Naon embank rarameuan

Sada béndé éta nitir

Ramé nu surak

Kawan anu perang jurit

7. Emban matur nun sumuhun duka agan
Simkuring teu nguping warti

Kinten nu ngaronda

Agan patih ngepung bangsat

Moal enya nu perang jurit

Piunjuk emban

Bareng keur kitu jol patih

8. Gugulingan kuat ngadeuheus ka raja

Kaget ningali sang Dewi

Ngagerem ngandika

Patih bareng ngadeuheus

Dawuh aeh na kitu patih

Patih doraka

Atawa kunaon patih

9. Patih matur nun gusti abdi téh tiwas
Jisim abdi perang jurit

Asal naang satria

Digjaya punjuling papak

Numawi ruksak sim abdi

Kawon juritan

Karék juritan

Karék nyebut jaka patih

10. Lajeung baé paéh patih Jaka Bergola
Reup genek putrid ningali

Barina susumbar

Aéh satria ngalalana

Teu nyahoeun aing sakti

Satria mana

Asup kadieu wani-wani

11. Kebat saged sang Ratna Dewi Komala
Sakedap Sang Narpati

Lungsur ti bumina

Bari nyaur ka baladna

Jol dating balad ipri

Di awang-awang

Ratu istri ngagung deui

12. Geus ngalayang ti luhur nilik ka handap

Den Mursada katingali

Sang Ratna Komala

Ngahayukeun ka baladna

Geus riab balad ipri

Jaka Mursada

Ngagem keris metu geni

13. Pada mundur ipri teu wani nyorang

Semu ajrih ningal keris

Matur ka Ratuna

Abdi henteu wantu nyerang

Ratna Komala ngalahir

Éta satria

Rék dibongohan ku sing

14. Rék digebrag lamun kuateun gagah

Kitu lahirna sang Dewi

Barina ngalayang

Tuluy ngagegel Mursada

Jaka Mursada teu eling

Labuh ngalungsar

Ratna Komala ngalahir

15. Ari pokna satria téh tei pira

Karék digeblas ku aing

Sia kokosodan

Mun enya sia téh gagah

Jung geura hudang deui

Jeung aing lawan

Kitu sahur Ratna Dewi

16. Ardanaya Naya Genggong muru kangjeng

Serta pada creurik

Ngomong duanana

Ari pokna duh agan

Sing eling ka Nabi Hidir

Wasiat eyang

Raden Bagus enggeus lilir

17. Ngalayang nampiling deui

Rden Kapidara

Ngomong deui badegana

Aeh agan jeung masing eling

Ka tuang eyang

Cengkat bari narik keris

18. Ratna Dewi ningali keris seber manah

Sang Putri ngabat ka bumi

Raden Bagus ngadek

Ratna Dewi nyandak pedang

Pedang kangkang besi kuning

Bareng dék angkat

Sumping putrid Gentrasari

19. Deuk dicekel rakana Ratu Komala

Bari nyaur Gentrasari

Aceuk mun kitu mah

Kuring mun kitu mah

Kuring baé mangga pedang

Kitu sahur Gentrasari

Ratna Komala

Gumujéng ngalahir masi

XXII. PUPUH DANGDANGGULA

1. Naha kitu kasahuran rai
   Bét megatan jeung ménta dipedang
   Bela kawas ka caroge
   Ku Aceuk arék dibunuh
   Ku sabab karengeng teuing
   Gentrasari ngawalonan
   Ah Ceuk ulah kitu
   Dipedang kami hamo teurak
   Sabab itu ngagem keris matu geni
   Disorang aceuk cilaka

2. Enya benar sinatria sisip
   Anu…. Éta sisip ti heula
   Éta ngabeyoan baé

Sareng nyarios kapungkur

Basa nyarioskeun ngimpi

Aceuk palay uninga

Éta putra Erum

Jenengan Jaka Mursada

Anu bade éta téh salaji rai

Maksadna neangan tamba

3. Tapi aceuk pihatur simkuring

Kitu soteh lain ngagigila

Pedah salaki kuring téh

Upami akang dibunuh

Geus tangtu aceuk balahi

Sabab akang ngagem jimat

Itu margi duhung

Pedang kangkam hamo teurak

Sabab duhung wasiat ti Nabi Hidir

Éta Ratu ning pakarang

4. Balad aceuk sakabeh ipri

Teu wani neutaya sanes ti éta

Da lamun akang téh lengoh

Ku balad basa dikepung

Sok sageuy henteu kacangking

Sanajan nu gagah rongkah

Da teu bisa ngapung

Tangtu beunang dirageman

Éta kitu sareng simkuring salaki

Tur ka aceuk sareng raka

5. Eta kitu pihatur simkuring

Henteu tega ka aceuk ka engkang

Ratna Komala ngawalon

Aéh rai karah kitu

Kutan téh rakana rai

Naha tu henteu nyarita

Lamun nyana kitu

Nya iyeu ari ayeunan mah

Aceuk terang kangen ka caroge nyai

Leuwih cocog aceuk manah

6. Atuh geuwat urang téh Nyai

tuang raka haturanan lenggah

Napsuna mah negur baé

Miwarang cacawis saur

Sinareng masang cikopi

Sina lenggah tuang raka

Aceu kudu ma'lum

Kajeun rék malik ngaula

Ieu aceu gerwa anu sepuh Nyai

Nu anom gerwa cikalna

7. Kitu sahur rai Natadewi

Gentrasari pihatur sumangga

Aceuk gerwa anu anom

Rai gerwa anu sepuh

Gentrasari barina seuri

Ngawalon Ratna Komala

Bari nyawel susu

Geuwat geura haturanan

Tuang raka Gentrasari males nyiwit

Ocon semu anu silih gonjak

8. Gentrasari gumujeng jeung indit

Raden Bagus rawuh badegana

Ardanaya Naya Genggong

Raden henteu lepat duhung

Ari jebul Gentrasari

Kuat ngasupkun duhung

Aéh haturan nuhun

Ari kakara nepangan

Na ka mana walon putri Gentrasari

Kuring ningal lampah engkang

9. Enggal baé engkang kedah linggih

Ratupasrah salamahan seja

Bade nyanggakeun karaton

Jiwa ragana sakujur

Sumeja rék malik ngabdi

Radén bagus enggal angkat

Bus asup

Nanging aya panuhun

Kedah dipihukum

Ayeuna dipinggir lenggah

Enggal pisan kedah kairing ku abdi

Raden Bagus lajeng angkat

10. Sup ka bumi Raden Bagus calik

Geus satata jeung Ratna Komala

Gentrasari calik mendo

Ratna Komala munjung

Sareng barina ngalahir

Kuring hatur pertobat

Wireh culangung

Kurang budi lancing

Henteu nyentak ka caroge Gentrasai

Gumujeng Jaka Mursada

11. Gentrasari mendo jeung ngalahir

Ka rakana simkuring ayeuna

Ku aceuk mudu dileler

Neda titinggal karuhun

Kuring aceuk neda waris

Sabab tunggal ibu rama

Henteu misah ibu

Sanajan sagede muncang

12. Banda kolot misti duakeun sareng abdi

Nu ngaran Tirta Bulayah

Kudu baé kuring dipaparin

Pikeun engkang landing nu teu damang

Sakitu nu diteda téh

Ratna Komala ngawangsul

Nya bener sukur

Kahayang aceu kumaha

Kapan terang ku raka lamun dikawin

Ulaban Tirta Bulayah

13. Cacak éta raka mundut Nyai

Nya sumangga bét mundut Nyai

Sabada aceuk mangga baé

Kapan kitu nya panuhun

Pihatur Sang Gentrasari

Ayeuna sumangga engkang

Jisimkuring wayuh

Jeung Aceuk Ratna Komala

Tapi aceuk kumaha parentah rai

Kana sagala aturan

14. Sabab aceuk guru nu pandeuri

Eta kitu raden enggal nikah

Geus henteu panjang carios

Ratna Komala dicanduk

Rawuh rai Gentrasari

Ku Rden Jaka Mursada

Sareng Nyai Ratu

Geus nyerenkeun pangjenengan

Sabaladna sadyang geus sami ngabdi

Ka Raden Jaka Mursada

15. Pada seba sabaladna ipri

Sakabéh jin seba ka ratuna

Dumeh kagungan caroge

Sadayana sami taluk

Jin ipri geus pada ngabdi

Ratna Komala ngandika

Engkang mangga pundut

Perkawis Tirta Bulayah

Kanu tunggu ngaran Kumbara Kumbari

Buta anu tunggu jimat

16. Tempatna téh dikubéng ku beusi

Jero gunung engkang ti nagara

Lalampahan tilu poé

Ari kuring anu mundut

Hamo mikeun buta Kombari

Kuring geus henteu kawasa

Geus henteu jeneng ratu

Ratna Komala ngadoja

Pang kituna Jaka Mursada ngalahir

Nya ku manéh baé engkang

Raden Bagus geus lungsur ti bumi

Enggal angkat rawuh badegana

Ardanaya Naya Genggong

17. Kocapkeun éta nu tunggu

Buta Kombara Kombari

Henteu pisan diwartosan

Wantu jero gunung

Yén ratuna carogean

Raden Bagus harita ka dinya sumping

Ku buta dua dipecat

XXIII. PUPUH MAGATRU

1. Ngajajagang éta buta anu tunggu

Buta nénjo panon buncelik

Kawas getuk wani hurung

Buukna gimbal curiwis

Bangusna jeblah geus bareng

2. Bareng sumping Raden Bagus mundur maju

Ka badegana ngalahir

Pék paman tiheula maju

Kaula anu pandeuri

Pok haturan Naya Genggong

3. Agan naha angkat téh bét mundur maju

Keun atuh tiheula abdi

Jaka Mursada ngawangsul

Lieun sieun paman kami

Ngan ieu ku bau badot

Deukeut komo jauh ogé geus bau hangru

Seug angkula ti pandeuri

Ardanaya jeung pihatur

Agan tuh di dieu linggih

Abdi baé jeung si Genggong

4. Ardanaya jeung Nya Genggong geus mangkat

Den Jaka Mursada nganti

Ardanaya gok patepung

Eta jeung buta Kombari

Buta ngomong poporongos

5. Arek naon sia téh patih culumun

Ardanaya nembal beusi

Paman aing utusan ratu

Réh nyokot jimat dipusti

Ku Ratu arek dianggo

6. Eukeur landing gerwana raja Erum

Nu matak kadieu aing

Buta ngomong deleh batur

Ieu manusa mencuri

Baku bohong bisa ngomong

7. Hayu tangkép urang sanggakeun ka ratu

Ardanaya sangkal singkil

Bari ngomong aéh bedegul

Sia rék nangkep ka aing

Ku aing sia dicabok

8. Geus teu tata gebrug buta ngagarugut

Ku Ardanaya dubanting

Buta Kombari blug labuh

Baturna narajang deui

Dilawan ku Naya Genggong

9. Jeung Kombara silih banting silih tumbuk

Pada jieun gelut tanding

Jeung Kombara eleh segut

Ngan eleh pinter Kombari

Tutubruk reujeung ngarekot

10. Ardanaya Naya Genggong sami weduk

Buta dua ngegel ngunci

Katingal ku Raden Bagus

Raden Bagus alak-ilik

Dumadak manggih popongkol

11. Kayu gordah dua popongkol keur mentur

Buta nu keur ngegel ngunci

Ku Raden Bagus dibentur

Meder kana puk\hu ceuli

Lepot ngegel ngagoloyoh

12. Duananana buta pada ngarumpuyuk

Jaka Mursada ngalahir

Pék paman geura belenggu

Ardanaya nyokot tali

Ras eling buta ngaromong

13. Ari pokna aduh gusti kuring ampun

Naya genggong ngomong gesit

Seug sia bét make ampun

Sia bakal dikabiri

Kitu carek Naya Genggong

14. Aden Bagus malebu ka gunung asup

Ku badegana diiring

Tirta Bulayah ti luhur

Kumeclak kalangkung bening

Ku Raden Bagus diwartosan

15. Wawadahna geus aya di dinya baku

Geden lamun ditanding

Ngan sagede nyupu tanduk

Mun ayeuna buli-buli
Kandaning carios

16. Raden Bagus kaluar ti jero gunung
Sareng nyandak buli=buli
Jaka Mursada ngadawuh
Éta Kombara Kombari
Bawa ka nyai sing jogok

17. Raden enggal geus mulih ti gunung
Badegana ti pandeuri
Buta dua henteu kantun
Tapi Kombara Kombari
Leungeunna mah dibarogod

18. Di jalan geus henteu bareng picatur
Kocap sumping ka nagari
Mangga putrid dua muru
Ngarendeng nu dua putrid
Ninggal kasmaran nu bogoh

XXIV. PUPUH ASMARANDANA

1. Jaka Mursada nu sumping

   Sup asup ka padaleman

   Rapuh badegana kabeh

   Ari Kombari Kombara

   Masih keneh ditalian

   Sang Putri ningali imut

   Sareng nyaur jero manah

2. Ari nyaurna Nyi putri

   Dina salebeting manah

   Keur kasep menter wawanen

   Bukti Kombari Kombara

   Bét munggah bisa kabandan

   Cacakan aing ngaratu

   Teu wani titilar ama

3. Umurna ti jaman Nabi

   Sulaeman nya didinya

   Tah sakitu laasna téh

   Nugguan Tirta Bulayah

   Tegesna Cikahuripan

Ratna Komala pihatur

Ka Raden Jaka Mursada

4. Nu engkang éta Kombari

Sareng Kombara dibanda

Naon éta margina téh

Jaka Mursada ngandika

Éta nu matak dibanda

Kombara Kombari ngamuk

Ngoretkeun Tirta Bulayah

5. Ayeuna kumaha rai

Dilaan atawa moal

Sabab kitu dosana téh

Ratna Komala haturan

Ayeuna mah engkang

Jisimkuring bade nunuhun

Hampura baé ayeuna

6. Murasada ngalahir deui

Pék laen éta talina

Udar ku Naya Genggong

Buta Kombari Kombara

Bandana geus dilaanan

Ku Ratu buta piunjuk

Gusti abdi henteu terang

7. Yén rakaan kangjeng gusti

Di nagara raramean

Patih henteu nyaho paeh

Kitu buta nyarita

Ratna Komala ngandika

Ayeuna maneh ngaratu

Ka Raden Jaka Mursada

8. Ari patih anu mati

Di nagri Pulo Salaka

Mudu diganti ku manah

Ngaran Kombari Kombara

Nagara anu kagungan

Raden Bagus putra Erum

Bakal nunggu garhadu

9. Aturan Nyi Gentrasari

Sarepuh Ratna Komala, nutur aturan saderek

Tatana bisi sulaya

Wantu saibu sarama

Ku Raden Bagus dicandung

Gentrasari jeung Kombala

Geus tetep nu jadi aji

10. Buta Kombari Kombara

Ratuna nya éta keneh

Gentrasari jeung Kombala

Tetep diPulo Salaka

Nya éta gerpa Den Bagus

Kitu kandaning carita

11. Ti harita henteu lami

Raden di Pulo Salaka

Sanggeus putus papanganten

Teu dikocap kitu n amah

Manawi ma'lum sadaya

Nutur catur nu kapungkur

Enggal Den Jaka Mursada

12. Ka gerwana lajeung amit
Nya ieu ayeuna téh engkang
Enggeus lami didieu téh
Mamanahan Kangjeng Rama
Engkang mudu diterangan
Bade nyelang wangsul ka Erum
Muru-muru nu teu damang

13. Gentrasari katur bakti
Sarepuh Ratna Komala
Nun engkang sumangga baé
Amangging rai unjukan
Ka engkang hatur uninga
Upanten ka kuring nyaur
Engkang kedah nyangjrek lemah

14. Tangtu ngadeuheus simkuring
Sinareng aceuk Kombala
Sakitu hatur rai téh
Sareng ieu candak jimat
Cambeti paparin ama
Nabi Sulaeman karuhun

Ku Raden Bagus ditampa

15. Cambeti Rukmini dipusti
Dibeulitkeun ka jero sinjang
Enggal Raden dangdan baé
Disinjang kupalang ruksak
Diraksukan sutra bodas
Nganggo sabuk nyoren duhung
Udang kuning sakebonan

16. Tirta Bulayah dicangking
Geus sadia Raden dangdan
Ti bumi lungsur digandeng
Ku gerwa anu dua
Gentrasari jeung Kombala
Geus dongkap ka sisi laut
Patih Kombari Kombara

17. Jin ipri sami ngiring
Geus puguh Ki Ardanaya
Sarepuh Ki Naya Genggong
Henteu anggang ti juragan

Kocap dongkap ka sagara

Raden nyaur iwak Minayu

Bari nenggal sagara

18. Lauk nguco ieu abdi

Sumangga geura titihan

Kumaha kengeng landong téh

Jaka Mursada ngandika

Berkah Minayu meunang

Raden ngawalon ka lauk

Bari enggal ditihan

19 Sareng nu dua pangiring

Numpakan iwak sagara

Gerwana ningali kagaet

Geus puguh balad n urea

Siga anu di sagara

Caturkeun Sang Raja Erum

Ka Patih nyaur mariksa

20. Na kumaha ieu patih

Perkara Jaka Mursada

Dititah nyiar landong téh
Asana geus heubeul pisan
Kamana nyiarna tamba
Kitu dawuh Raja Erum
Patih Cangkiling unjukan

21. Nun sumuhun dawuh gusti
Perkawis putra gamparan
Kinten tebih nyiarna téh
Kitu patih piunjukna
Seug deui Raja ngabdika
Taksiran terus ka laut
Éta Ki Jaka Mursada

22. Jeung papagkeun Raden Patih
Ki Mursada sugan meunang
Patih nyembah indit baé
Gadag gidig ka paseban
Patih sajeroning angkat
Sumaur lebeting kalbu
Si Mursada lamun meunang

23. Erék direbut ku aing

Di mana baé panggihna tangtu

Dibikeun diolo

Sabab si Jaka Mursada

Budak nyaho ti orokna

Pikirna Ki patih kitu

Bari tuluy ka paseban

24. Geus dongkap patih ngalahir

Ka sakabeh pangkat-pangkatna

Pangkat leutik pangkat gede

Urang ngahormat putra gusti

Sugan meunang usada

Pada ngawangsul sakabeh

Dumangga seja ngiringan

Pihatur para ponggawa

Enggalna sadaya pada sadis

25. Demang Rangga para Mantri

pangkat kabeh geus karumpul

patih jajeng dangdan baé

dilancingan ngober komprang

raksukan roki buludru

patih sepuh jeung nonoman

XXV. PUPUH SINOM

1. Patih angkat ti nagara

Rosa ponggawa nu ngiring

Rék ngarugug perang

Baladna patih cangkiling

Ponggawa ruwuh prajurit

Kira aya tujuh tambur

Pakarangna tumbak pedang

Prajurit maranggul bedil

Ari patih nitah kuda nyoren pedang

2. Geus gandeng sajalan-jalan

Pada gomong anu ngiring

Aya anu ccelukan

Aya anu ngahariring

Aya anu tembang kinanti

Nu ngaheot bari manyun

Aya nu hahaleuangan

Anu ngagupayan istri

Tiap aya nu geulis digupayan

3. Anu matak sugan-sugan

Pamikir balad nu leutik

Lain rék ngarurug perang

Ngan rék ngahormat putra gusti

Kitu pamikir nu leutik

Teu nyana nu goring pucus

Patih aya pangarahna

Éta teu pisan katawis

Carék basa leuwih jero kateuleuman

4. Angen jalma teu katara

Sabab patih ulat manis

Teu nyana belang bayah

Teu nyana nu huring ati

Nu matak henteu katawis

Alus saur ahli wujuk

Sakabeh enggeus percaya

Ka nu hade saur jalmi

Éta oge Den patih hade saurna

5. Enggal semplingan carita
Patih Rosa nu ngariring
Sarta kebat ka nagara
Kudana patih geprik
Teu lami dongkap Den Patih
Baladna sisi laut
Patih lungsur tina kuda
Balad heula pandeuri
Nu ti heula ngaluid sisi sagara

6. Balad patih nungtut datang
Patih Cangkiling ngalahir
Nya di dieu urang megat
Putra gusti sugan sumping
Dagoan bari berenti
Ngejo-ngejo nyieun tungku
Patih sakitu dawuhna
Sigeungkeun sisi kikisik
Urang catur nu mulih Raden Mursada

7. Munggaran iga sagara

Tiluan reujeung pangiring

Naya Genggong Ardanaya

Geuwat disusumping deui

Sabab awas ninggal patih

Ngaliud di sisi laut

Patih megat nyandak balad

Ardanaya enggeus harti

Ceuk pikirna palangsing patih ngarah

8. Geus diluangan ka tukang

Badega dua geus harti

Ngandika Jaka Mursada

Itu kawas paman patih

Mawa balad rosa teuing

Kawas-kawas nu ngalurug

Atawa mapagkeun urang

Sabab cicing sisi cai

Pada matur Naya Genggong Ardanaya

9. Nun agan nya kitu pisan

Kokolot mah geus kaharti

Éta patih kulawargana

Nu matak simkuring nyangling

Nya éta sok goreng ati

Enggeus diberik kapungkur

Agan muduning iyatna

Karana teu pantes teuing

Mun manggakeun sadia parabot perang

10. Jeung sapirang-pirang balad

Mana urang ning caringcing

Mangka ari geus ka darat

Kitu pihatur pangiring

Bari tumpak maung cai

Lampahna iwal mihayu

Kadi barat keur katiga

Sumirinting kadi angin

Laut bongbong narajang karang disorang

11. Enggeus deukeut ka daratan

Ditinggal ku balad patih

Pada ngomong itu naha

Jukung teu dikalah geuning

Ngawasakeun patih cengkiling

Sarta barina sumahur

Taksiran Jaka Mursada

Naha itu tumpak rakit

Mun parahu meureun katenjo curukna

12. Tumpak na naha naon éta

Disebutkeun rakit deui

Komo meureun dicalukan

Kapal mah sok komo deui

Pada ngomong balad patih

Sugan éta tumpak lauk

Ceuk sawareh tumpak naga

Da tapak Kangjeng mah lain

Enggeus deukeut kaget narepakan dada

13. Sabab lauk tembong gigirna

Tembong panon biduri

Jeung sisitna ogé emas

Ceu sawareh mun dikali

Enggeus beunang ku urang sisit

` Dijual geus tangtu nutung

Pok deui sawareh balad

Panon mah komo teuing

14. Sabab inten untung pisan mun dijual
Warna-warna omong balad
Henteu aya nu dipikir
Ngan lamun lauk dijual
Sisit hiji ge saringgit
Ngan patih bengong ningali
Raden lungsur tina lauk
Ka darat jeung badegana
Patih Cangkiling ngalahir
Aya lauk éta beunang ditumpak

15. Na asep manggih ti mana
Aya lauk sieur teuing
Jeung lauk naon ngarana
Kitu kasahuran patih
Jaka Mursada ngalahir
Ngarana Minayu
Pitulung Allah Taala
Bét ngawula ka simkuring
Sareng paman ieu téh bade ka mana

16. Nyandak balad rosa-rosa

Kawas anu rék perang jurit

Raden patih ngawalon

Aeh mawa soteh prajurit

Sok bisi mendak balai

Sok curiga sepuh

Wanta nu dipapag putra

Teu batan paman caringcing

Loba luang kapungkur geus kalakonan

XXVI. PUPUH PANGKUR

1. Kitu lamun teu uninga

Ieu paman mawa soleh prajurit

Paman lain rék ngarurug

Ngan timbalan tuang rama

Mapag asep bih bilih aya pakewuh

Sareng asep téh kumaha

Nyiar lodong téh tos kenging

2. Nu ngaran Tirta Bulayah

Lamun kenging enggal diantos

Saur raden patih kitu

Ngawalon Raden Mursada

Berkah paman kengin pisan kaulanun

Nu ngaran Tirta Bulayah

Ieu dikandung ku kuring

3. Pék patih coba ngilikan

Hayang nyaho Tirta Bulayah téh nyai

Herang atawana kiruh

Kitu patih panggolona

Raden Bagus ngawansul barina imut

Mengke bae mah dinagara

Disanggakeun ku simkuring

4. Patih Cangkiling ngeukeuhan

Rék dibikeun ditoel baé ku pangiring

Bari ngiceupan ngomong lembut

Poma Agan ulah beunang

Éta patih olo-olo ngageuleuyeuh

Samalahan ibu Agan

Kapungkur pan rék dipeuncit

5. Supaya kabur harita

Ibu Agan malah dongkap ka kiwari

Disusul-susul teu timu

Mawi kapengker téh Agan

Geuning basa dinini tamlih ti gunung

Ahad Agan orok pisan

Dibikeun ku disimkuring

6. Tina hawatos ka Agan

Tina tandu digembol bae ku kuring

Bisi teu uninga bae kitu

Dina mamalana Agan

Ayeuna mah ku pun paman dipiunjuk

Kapan kapengker nyarita

Nu mawi musuh jeung patih

7. Pun paman lamun teu nyamar

Ngan hadean baé bét Agan yasa nyangling

Sadaya pada ka pasu

Kitu harewos badega

Keur asalna nu mawi aya di gunung

Kapengker urang Agan

Ayeuna abdi istori

8. Reup geuneuk ray pias

Geus percaya ka badega méré wiarti

Muncereng sumahur nafsu

Béh na mah cankiling saiton

Olo-olo ka aing rék ngarebut

Ngilikan Tirta Bulayah

Jeung mikeun mah ditampiling

9. Raden kitu susumbara

Patih molotot nunjuk langkung bengis

Sia wani-wani kitu

Ka kolot lanjang ucapan

Eujeung éta teu nyana si anak bedul

Naya Gaengang Ardanaya

Bét nyamar si anak anjing

10. Sia bisa nyalin rupa

Lamun nyana bareto mimiti panggih

Moa enya sia hirup

Disirangkeun tiheula

Ayeuna panggih siana ngawadul

Yén aing pajar maehan

Tangkep éta prajurit

11. Sawareh agan-aganan

Lahir patih em na sis ditampiling

Sosoak patih nu nafsu

Naya genggang ardanaya

Rub dinonom ku ganggaman rebu-rebu

Pada numbak pada medang

Prajurit dur-dor ngabedil

12. Anu harus ngan obatan

Pelorna mah tina bedil henteu bijil

Kocap Ardanaya ngamuk

Pada medang pada umbak

Henteu teurak ki Naya genggang tutumbak

Ponggawa réa nu kalah

Nu paéh patumang tindih

13. Rame disisi sagara

Ardanaya ngamukna teu pilih tanding

Balad patih sami guyur

Aya anu susurakan

Anu ngomong urang montong ngili-ngilu

Da urang teu niat perang

Pajar mapag putra gusti

14. Ayeuna kitu petana

Agan patih éta nu hiri dengki

Teu pupuguh ngajak rusuh

Kitu ceuk sakabeh balad

Ceuk sawareh teu nyana arék ngarurung

Da lamun nyana perang mah

Déwék mah teu sudi najis

15. Jeung ieu batur kumaha

Euleuh patulayah prajurit

Ku gandel diamuk

Jeung ku licik gandek dua

Henteu terka manehna mah tawoh weduk

Sawareh ninggal dulurna

Anu rerehan ka patih

16. Hayu baé batur lawan

Saenyana abong taya nu wani

Sapira jalma tilu

Bon pantar si Ardanaya

Lamun aya lawan déwék tilu [uluh

Motong dingaranan Darepa

Moal bét karasa hanyir

17. Nya aing ngaran ki Derepa

Hayu naha perang tanding gé jeung aing

Aya nu henteu biluk

Ka patih aya anu réa keur diamuk

Ku Raden Jak Murasada

Rawuh badegana deui

18. Anu ujub ka Darepa

Susumbar hayu deuleu lawan aing

Nya aing kapeteungan Erum

Éta nu ngamuk balad

Naya gnggong nyuruntul barina nembak

Ki Darepa jeud ku medang

Genggong henteu mundur jurit

XXVII. PUPUH DURMA

1. Naya genggong dipedang kuki Darepa
Awakna bulak-balik
Direbut pedangna
Dibikeun kanu boga
Dipedang sakali mati
Geus kokosodan
Patih cangkiling ninggali

2. Poporongan patih barina narajang
Naya genggong jojogedan
Bari nunjuk kanu raray
Ngonconan ka Raden patih
Pokna atuh éra
Bareto ngacir ku aing

3. Ayeuna mah ku aing homo dilawan
Da hnteu karasa nyeri
Kutan ari ménak

Bét lesang dampal leungeun

Asa diusap kunu geulis

Pék deui tambah

Tuh lawan juragan aing

4. Naha sia ka kolot-kolot ngalawan

Pamali sia téh jurig

Nyaho aing kaget

Sia mana lalawora

Sakti-sakti deuleu aing

Jakamursada

Geus henteu tatapasini

5. Pék dicekel ku ambek Jaka Mursada

Dibalangkeun baé patih

Teu karasa beurat

Sakitu jangkung luhurna

Raden patih ngajumpalik

Cengkat buringas

Ngarontok jeung ngaringkik

6. Raden Jaka Mursada érék dicambak-cambak

Luncat kawas kutu anjing

Patih ngarontokan

Ngenca ngatuhu teu beunang

Ana bongoh ditampiling

Kukurilingan

Katura lengan teu eling

7. Ana cengkat patih bari narik pedang

Langkung nafsuna patih

Tatapi susumbar

Eh sia Jaka Mursada

Ayeuna mah sia mati

Raden iatna

Walon ngomong sia patih

8. Coba hempek awak aing kere pedang

Lamun teurak téh ka aing

Enya matih pedang

Meureun dibikeun bulayah

Lamun henteu terka aing

Ku pedang sia

Geus tangtu sia dipenucit

9. Raden patih nambah ngagidir amarah

Kolebat medang Den patih

Ka Jaka Musada

Pedangna lajeng di tewak

Geus beunang dipedang deui

Patih tu teurak

Ngarontok deui patih

10. Raden bagus ngajak perang pupuyuhan

Silih cekel eujeung patih

Ari badegana

Naya genggong ardanaya

Keur ngamuk ka prajurit

Sakabeh beak

Nu paeh dina kikisik

11. Anu hirup sawreh lalumpatan

Anu henteu perang caricing

Anggur susurakan

Balad patih nu teu perang

Bangsa menak bangsa kuring

Anu nyurakan

Ponggawa rawuh para mantra

12. Ceuk sawareh hayoh lawan kalah kamana

Anu naruhan ku duit

Ardanaya ngucap

Éta naha susurakan

Lain rek melaan patih

Aing lawan

Ku aing arék dibasmi

13. Ari carek Naya genggong susumbar

Ieu anggur lawan aing

Geus teu aya lawanna

Saha nu bela ka patih

Aing narajang

Nya aing urang Majesi

14. Kitu omong Naya genggong susumbarna

Pada jawab balad patih

Kuring terka perang

Pajar téh mapag Agan

Horeng nu diiring dengki

Kuring mah

Kakang henteu aya piker dengki

15. Nu bilik ka patih pab geus malodar

Sabas milu hurik ati

Ari kaula mah

Ulabon ka putra raja

Ka budak anggon teu wani

Wantu elehan

Kitu walon balad nu cicing

16. Ardanaya ngadenge omongan nu sarah

Amarahna lemper deui

Sarawuh baturna

Naya genggong seuri ngucap

Mun kitu mah eleh kami

Sabab teu dilawan

Ayeuna mah urang rapih

17. Tuluy campur Naya genggong ardanaya

Geus rapih jeung balad patih

Nu henteu naglawan

Tuluy nnjo nu galungan

Jaka Murasada jeung patih

Taya nu kalah

Jojogolan na keusik

18. Raden bagus disered bari dijambak

Kawas ucing ngagem beurit

Dikekesek Mursada

Tapi teu pisan nyoara

Api-api anu sisip

Tapi teu rejag

Gumulung lebeting galih

19. Raden patih susumbar sia modar

Raden bagus narik keris

Kejat patih lumpat

Ku raden patih diudag

Patih gila ninggal keris

Hurung ngagugudag

Pucuk keris mutu geni

20. Patih limpat sataker tanaga
Barang ngareret ka gigir
Mursada moroan
Badegana emprak surak
Lir gagak diudag piit
Laip salira
Lir sapi diudag kambing

21. Lacek lengkah kawantos anom jeung sepuh
Merebet henteu kaberik
Badegana surak
Baladna bengong ninggali
Pada momong balad patih
Buru ku urang
Sugan eureun agan nganti

XXVIII. PUPUH KINANTI

1. Ardanaya enggeus campur
Eujeung balad-balad patih
Sabas enggeus loma tadina
Malah ngomongkeun ka patih

Juragan urang bét delap

Hayu urang ka nagara

2. Patih lumpat urang catur

Ngarandeg deukeut ka nagri

Patih angkat gagancangan

Ngahanju cape Den patih

Raden ngudagna teu kebat

Moro ka patih cangkiling

3. Ngarandeng ngantos batur

Teu lami dating pangiring

Liren di sisi nagara

Barina ngasupkeun keris

Naya genggong ardanaya

Rawuh balad candak patih

4. Ardanaya pok piunjuk

Agan patih téh kaberik

Raden Mursada ngandika

Mun katepi modar patih

Tatapi patih ayeuna

Ku ama tangtu istori

5. Saur Raden Bagus kitu
Badegana ngomong deui
Kituna mah moal gagal
Patih ka gusti madoni
Mugi sabar baé agan
Kitu haturan pangiring

6. Sok tunda lampah Den Bagus
Caturkeun Patih Cangkiling
Patih kebat ngadeuheusan
Gék calik payuneun gusti
Kangjeng raja seug ngandika
Kumaha petana patih

7. Eujeung Mursada téh tepung
Atawa teu kungsi panggih
Cong-cong srmbah patih unjuk
Nun sumuhun dawuhan gusti
Perkawis putra gamparan
Kapendak pisan ku abdi

8. Sinareng landong kabantun
Nanging awon putra gusti
Abdi gusti wani bayak
Sakur nu sareng abdi
Bét éta putra binasa
Perlaya dina kikisik

9. Raja seug mindo ngadawuh
Kunaon asalna patih
Nu matak kitu lampahna
Raden patih matur deui
Kawitna putra gamparan
Dirongrong Ku abdi-abdi

10. Rehing putra nitih laun
Éta sumpingna ti cai
Kumaonam jalma loba
Teu beunang dihaling-haling
Bareng bayat ogé putra
Ka darat sét matak keris

11. Sakabéh abdi diamuk
Sareng badegana deuih
Nu disiratkeun baheula
Kiwari daratang deui
Si Genggong Ardanaya
Ari rék ditangkep ku abdi

12. Putra gusti nu keur napsu
Ari dilawan ku abdi
Abdi ajrih ka gamparan
Wantos putra murangkalih
Saur pantes dilawan mah
Da disintreuk gé ku abdi

13. Geus tangtos dipecat jauh
Ngan bubuhan kolot abdi
Putra gusti teu dilawan
Nu mawi tu dilawan
Wangsul henteu sasarengan
Kitu kaol purwana gusti

14. Abdi awon kapiunjuk

Sadaya teu langkung gusti

Pihukuman putra

Da kitu purwana gusti

Pikir raja dina mnah

Perwatek Putri Mesir

15. Kawantos geulisna punjul

Nanding putri Kuraesin

Tatapi watekna panas

Tépa ka patih Cangkiling

Geus puguh ka carogéna

Panas ngentab panas gusti

16. Raja muncereng ngadawuh

Jadi éta kitu patih

Si Mursada anak setan

Sugan lain anak aing

Maehan nu taya dosa

Kurang ajar tah si jurig

17. Si Mursada lamun kitu

Kudu dhukum pati

Urang lebon mun geus datang

Tutur baé tah si jurig

Patih tong loba carita

Parentah lurah patinggi

18. Mistikeun pundutan sulur

Ing dalem hiji patinggi

Kudu sarebu tanggungan

Urang nyieun gunung api

Sakitu timbalan raja

Patih gura giru indit

19. Patih angkat anu rusuh

Marentah lurah patinggi

Sarawuh camat wadana

Geus putus timbalan patih

Gehger di kampung Somahan

Diparentah ku patinggi

20. Gancangna geus ngundung-ngndung

Suluh ti lurah Patinggi

Kabeh putus sapancenna

Dipetakeun ku Den Patih
Geus nyusul tanding jabal gap
Suluh ti antero nagri

21. Patih sadaya piunjuk
Karaja ngadeuheus deui
Ngunjuk yén parantosan
Suluh buat gunung api
Sang Raja mindo ngandika
Mun geus datang anak kami

22. Ku patih éta pék mundut
Urang sebut Guha Geni
Sina asup si Mursada
Kana seuneu tangtu garing
Karawuh jeung badegana
Hutang pati tanggur pati

23. Kitu rawuh Raja Erum
Lahir patih leres gusti
Eukeur kitu jol darongkap
Jeung gandek geus ka nagri

Raden ngadeuheus ka rama
Kangjeng raja seug ngalahir

24. Kangjeng raja ngalelemuk
Teu siga giruk saeutik
Lahir raja Asep meunang
Buat landong ibu sakit
Nyembah matur Den Mursada
Nun berekah ama kenging

25. Dawuh raja Asep sakur
Jeung petakeun ubar patih
Geura layad ibu ujang
Geus teu werat usik malik
Ku Asep geuwat landongan
Coba enya landong matih

26. Kitu dawuh raja Erum
Jaka Mursada geus indit
Usada Tirta Bulayah
Diungglkeun ka sang putrid
Waras teu sakara-kara

Biasa cara sasari

27. Kanjeng raja nyaur
Enya ubar matih teuing
Asep tulus jadi raja
Tapi aya hiji deui
Pamundut rama ka Ujang
Pangneangkeun eyang deui

28. Ayana dijero gunung
Ngaran gunung guha Geni
Ku Asep mudu deuheusan
Eyang lebet guha Geni
Sakitu pilahir ama
Raden Gambah teu ngalahir

XXIX. PUPUH GAMBUH

1. Raden saur lebet kolbu
Bét aing asa teu umum
Anu kana guha Geni
Anu aing téh geus tangtu

Awak tutung tangtu maot

2. Kitu manah raden bagus

Bari madon teu ngawangsul

Raja rum ngandika deui

Ujang itung-itung nyipuh

Kudu ngagugu ka kolot

3. Sabab nu rék jeneng ratu

Nya kudu baé sipuh

Ujang hayu geura indit

Kitu dawuh raja Erum

Raden Bagus pék nyawalon

4. Kanjeng rama lamun kitu

Ka simabdi mundur umur

Jisimabdi amit mati

Seja pasrah ka Yang Agung

Kitu hatur Agan Anom

5. Enggal Raden Bagus lungsur

Putri sareng raja Erum

Kaluar ti jero bumi

Patih keur ngaduruk suluh

Seuneu muntab pada nenjo

6. Raden Bagus angkat tungkul

Badega dua teu kantum

Badegana sami ngiring

Pupus hayang ngiring pupus

Ardanaya Naya Genggong

7. Geus rumaos moal hirup

Raden Bagus semu nguyung

Kana jimat tacan eling

Jeung bari meubeurkeun pecut

Ngan buli-buli teu poho

8. Barang geus dongkap ka gunung

Geus kumpul di nagri Erum

Nu ningal pamenget istri

Gentra Sari nu kacatur

Jeung Ratna Koamala nayaho

9. Rakana Erum seug ngadawuh

Coba asep geura asup

Raden Mursada ngalahir

Paman Ardanaya hayu

Eujeung Paman Naya Genggong

10. Ari rék bela tumutur

Hayu urang bareng asup

Badega ngawangsul ceurik

Eh, agan tong loba saur

Abdi bela ti bareto

11. Bareng paéh bareng hirup

Abdi hayang ulah kantun

Seja ngiring lahir batin

Omong badegana kitu

Ardanaya Naya Genggong

12. Raden Bagus enggeus gebrus

Badegana dua nya kitu

Jijingklak Patih Cangkiling

Sang Putri Mesir sumaur

Deuh sia sakabeh kojor

13. Saurna putri sakitu
Dawuh raja tambah suluh
Riba pada nyokot abdi
Seuneu muntab geus ngagedur
Anu surak ting haraok

14. Aya nu nyebut tutung
Ceuk sawareh teu bitu
Ceuk loba tuas teuing
Badega nu pararunyus
Ardanaya Naya Genggong

15. Raden nyampak rai ayu
Barang gebrus ngararangkul
Sang Komala Gentra Sari
Ka Raden sami sumaur
Engkang geus ngarepkeun maot

16. Putri dua pada matur
Engkang moal pupus

Kapan nganggo ali kuring

Den Bagus imut ngawangsul

Saleresna engkang poho

17. Seug deui garwana matur

Engkang dilebon ku sepuh

Kapalayna putri Mesir

Engkang jeneng ratu

Manahna ibu kalon

18. Ayeuna mah bales hukum

Kajeung ngabohong ka sepuh

Da bongan sepuh téh geuning

Sagala beunang kawujuk

Geus sagala sapapanjangna awon

19. Ari ayeuna kang Bagus

Pisaureun téh ka sepuh

Parantos jeung eyang panggih

Malah jeung ama disaur

Kanjeng eyang langkung soro

20. Leres nyai enya kitu
Tina jero seuneu hurung
Harita raden geus bijil
Ramana henteu sumahur
Sareng putrid ninggal bengong

21. Patih kumetap teu anyar
Luak lieuk anu puguh
Geus lami raja ngalahir
Geuning asep éta hirup
Cong sembah mando gan anom

22. Nun ama nuhun sarebu
Wirehing putra dijungjung
Jadi naha lamun mungkir
Horeng sare'atna hurung
Seuneu téh singhoreng gedong

23. Memeh brus mah panas langkung
Ayeuna putra diutus
Anu mawi bijil deui
Réh kanjeng rama disaur

Diantos pisan ku sono

24. Kanjeng eyang kadatur
Sareng ibu kedah wantun
Sareng mamang patih deui
Sareng putra buru-buru
Kitu nu anom ngabohong

XXX. PUPUH SINOM

1. Pihatur Jaka Mursada
Nyana abdi guha Geni
Matak tutung ruksak badan
Matak katagihan geuning
Kinten nya éta sawargi
Paingan ama disaur
Sareng ibu ulah tinggal
Kedah kuptra kairing
Sareng ieu mamang patih dawuh eyang

2 Karantes dawuhan ka ibu abdi-abdi
Palay ngahormat ka ibu abdi-abdi

Réh putra welas teu damang

Ayeuna geus damang deui

Eyang bade pesta resmi

Dilebet guha Geni hurung

Malah parantos peupeucitan

Kitu leresna simabdi

Mangga didawuhan ulang lila

3. Kitu piunjung Mursada

Ngalahir sang Putri Mesir

Hayu atuh jeung manehna

Bari hayang nyaho kami

Di nagara guha geni

Jalanna ka seuneu hurung

Harita geus babarengan

Tiluan diiring patih

Barang gebrus ogé pating koceak

4. Pada bitu mastakana

Raja sareng Putri Mesir

Den patih sirahna bucat

Ngabeledug dina Geni

Raden Mursada ngalahir

Ét aing males hukum

Sabab rama tunggang kaya

Ka ibu malah kadiri

Nurut teuing kana geulis geureuhan

Ayeuna raja (……) (231-232)

(……)

Mutabar kabeh nagara

Sumawonna unggal disintreuk

Dinagri Rum Ratuna Jaka Mursada

5. Sigeung ratu di pameungkang

Tacan ngungsi jero puri

Caturkeun Ratna Komala

Sareng Putri Gentra Sari

Tina guha Geni bijil

Lajeng ka karatron Erum

Emban taya nu nangenan

Nyai emban eukeur ceurik

Nyeungceurikan raja sareng garwana

6. Dilebet reyang midangdam

Ting darengyak istri ceurik

Aya anu lolongseran

Aya anu ceurik ngawiwi

Bari ngomong anu ceurik

Ari pokna naha ratu

Tinggalkeun pupus ti heula

Ari ceuk sawareh deui

Henteu nyana gusti rék pupus ayeuna

7. Ari peuting dipupundutan

Panungtugan eujeung aing

Dipondah ku batur embank

Aha ileh meunggeus tong ceurik

Anggur sing urang luluwis

Bareto keur aya ratu

Urang teu meunang kaluar

Erek ngalong sisi cai

Ayeuna mah hayu barijil kaluar

XXXII. PUPUH MIJIL

1. Enggeus burit teu repeh nu ceurik

Dilebet geus raong

Putrid dua geus bosen kugandeng

Komala jeung Gentra Sari

Disirep nu ceurik

Ku Nyi Ratna Ayu

2. Tuluy baé karerek anu ceurik

Nu kerek sesegor

Gentra Sari jongjon calikna téh

Ngantos-ngantos raka calik

Ti pamengkang sumping

Ti entas ngahuru

3. Prabu Anom ngadawuk ka mantri

Ga jaksa kaliwo

Ayeuna mah pék marulih baé

Karana ieu geus burit

Sugan isuk deui

Kaula rék asup

4. Saenggeus burit sang raja ka bumi

Bari lungak-longok

Nyondong saurna meja jeung kuweh

Pamasangan jeung kopi

Siang damar lilin

Hibar damar lampu

5. Ratu nyaur salebeting galih

Ieu kapan kososng

Tapi damar bét di seungeut kabeh

Ti dinya ratu angkat deui

Di kamar nyi putrid

Dirontok dicium

6. Duanana tuluy sare deui

Cikalna nu anom

Nu sepuh Gentra sari raina téh

Sabab ti heula dikawin

Sanajan pandeuri

Kitu kanda catur

7. Ti nya ratu tuluy tuang kopi

Gerwa dua mando

Entos tuang seug carek bae

Sasauran Gentra Sari

Nyaurkeun putri Mesir

Geulisna pinunjul

8. Tapi awon watekna sang putri

Gentra Sari nyaho

Disaurkeun éta watekna téh

Kaawonana putrid

Kasuat ras eling

Ka ibu nu kabur

9. Ratu anom enggal nyaur patih

Henteu lami geus jol

Patih Dawud Patih Masrut baé

Ngadeheusan nu dua patih

Ratu Anom nagalahir

Jeung paman pisaur

10. Waktu ibu basa rék dipeuncit

Ku patih di lebon

Kira-kira ibu aya keneh

Isuk mah teangan deui

Mun pareng kapanggih

Nadar ka karuhun

11. Urang pesta paman siang wengi
Mun ibu can maot
Patih dua seug nyarios baé
Misaur Andaya sasih
Ti barang mimiti
Seep dipiunjuk

12. Ratu Anom ngadangukeun patih Duaan nyarios
Ratu anom segruk nangis baé
Gentra Sari seug ngalahir
Engkang montong nangis
Kuring sanggem nyusul

13. Ratna Déwi Komala ngalahir
Sareng bari mandon
Kapan kuring garwa engkang téh
Sanggem néangan ibu leungit
Bari dileuweung deui
Sanajan dilaut

14. Anu lengit keun néangan kuring
Montong gedig pangkon

Montong kulem dina wengi ieu téh

Kitu saur Gentra Sari

Saur Ratna Déwi

Urus baé isuk

15. Gulang-gulang upacara deui

Sakur nu dijero

Sina tetep ulang mungkar kabéh

Kitu saur Gentra Sari

Catur geus beurang deui

Pukul genep isuk

16. Emban kabéh nu disirep lilir

Kabéh pada melong

Bet teu asa euweuh raja emban kabéh

Sabab putra anu linggih

Ngan teu kungsi kabumi

Ngaladénan ratu

17. Gentra Sari kaemban ngalahir

Emban entong melong

Lopérés bapa geunder

Gawéna cara Sari

Saur Gentra Sari

Sadaya ngawangsul

18. Pada hatur pamenget jeung istri
Mangga gusti Anom
Sim abdi mah satimblan baé
Ngadederek dawuh gusti
Haru-haru abdi
Seug ratu ngadawuh

19. Ayeuna mah nyai ngabdi-ngabdi
Montong diparios
Teu ngawula tangtu ditumpas baé
Nu matak naon dibasmi
Walon Gentra Sari
Anggang lamun kitu

‘

20. Heunteu adil cara putri Mesir
Maotna gé awon
Ari engkang jumeneng ratu téh
Lamun teu aya abdi-abdi
Saha nu ngagusti
Anu nyebut ratu

21. Lamun euweuh éta abdi-abdi
Urang meureun jongjong
Engkang calik tangtos nyalira baé
Lamun kitu kuring baé

Margi tetep abdi

Engkang bisi bingung

22. Kapan engkang miwarang ka kuring

Néangan anu lolos

Nya ayeuna sim kuring indit téh

Lajeng lungsur Gentra Sari

Rawuh Nata Déwi

Lungsur bari imut

23. Geus kaluar nyai Gentra Sari

Loba anu nénjo

Putri dua lajeng ngapung baé

Seja néangan anu leungit

Ratu lungsur deui

Ningali nu ngapung

24. Enggeus jauh anu ngapung putri

Ratu geus ka gedong

Patih dua mash ngadeuheus baé

Misaur patih cangkiling

Kaawon patih

Teu pengat misaur

XXVIII. Pupuh Magatru

1. Prabu Anom teu acan lulus

   Loba kénéh anu kaéling

   Ngamanahan baé ibu

   Hoyong geura gok panggih

   Kalangkung waktos teu nyaho

2. Kacarios Ratna Komala nu ngapung

   Jeung raina Gentra Sari

   Ngungkulan leuweung diluhur

   Ningali sakur nu buni

   Kajajah manjah jeung kaso

3. Ratu katinggal ardaya Salasih camudur

   Ka nu éyang ngajangjawing

   Papanggo sakabéh buntut

   Burubutan ruwang-rawing

   Nyaur dina leuweung kaso

4. Ibu ratu asal kabur tuluy nyumput

   Aceuk sumangga nu ningali

   Nu matak henteu kapanggih

   Kubadegana diasuh

   Gentra Sari seug ngalahir

   Paingan henteu katénjo (+ 1 padalisan)

5. Langkung buni ibu ratu nu nyumput
Aceuk sumangga ningali
Ratna Komala ngawangsul
Boa éta lain deui
Sabab urang tacan nyaho

6. Moal temen ibu ratu kawas kitu
Lawas gé piraku teuing
Éta nini enggeus pikun
Kapan karék putra hiji
Sok piraku téréh kolot

7. Kasalahan urang téh rai geus tangtu
Ari saur Gentra Sari
Aceuk mangka geura lungsur
Urang cokot itu nini
Sanajan lain gé wantos

8. Lamun enya ibuna da meureun ngaku
Mun lain ambarkeun nini
Bisi nu mundeur kasarung
Énggal lungsur Gentra Sari
Tiluhur kajero kaso

9. Lir ibarat heulang nyabet hayam kitu

Lampah anu dua putri

Nyandak éta Ibu ratu

Lajeng baé ngapung deui

Teu kungsi barang parios

10. Putri dua silih tinggal bari imut

Nu dibawa teu ngalahir

Nyaur salebeting kolbu

Bet putri garesik teuing

Mawa aing teu ngaromong

11. Sarta aing dibawa ngapung kaluhur

Na rék dikumaha aing

Na ieu téh jin kitu

Atawa nu ngaran ipri

Atawa nu ngaran kayalon

12. Kitu baé timburuna raja ibu raja Rum

Komala jeung Gentra Sari

Ngadasaran arék turun

Tiluhur kanagri sumping

Lajeng baé kakadaton

13. Lajeng Erum eukeur calik dina bangku

Ningali garwa dua sumping

Sarta ngemban ibu ratu

Prabu Anom teu ngalahir

Ka ibu tacan wapaos

14. Enggeus calik ibuna henteu sumaur

Putrana nya kitu deui

Ratna komala pihatur

Sareng putri Gentra Sari

Sumangga engkang parios

15. Enya ieu ibu engkang nu kabur

Atawana lain deui

Lamun enya baé sukur

Orokaya bisi lain

Boh bilih rai kawalon

16. Ratu Erum ngadawuh barina imut

Engkang ogé ari nyai

Teu terang karupa ibu

Coba saur paman patih

Duanana sing marios

17. Patih gancang dibéjaan kanu nyaur

Geus pada pating garidig

Maruru ka ibu ratu

Geus dongkap kalebet patih

Patih dua nu teu poho

18. Malah barang jol ogé patih nyaruuh
Patih dua ting raregih
Nangis barina pihatur
Nutur lampah tina kawih
Kitu-kitu patih nyarios

19. Prabu anom midanget patih
Pihatur
Prabu Anom nyuuh nangis
Barina ibu dirangkul
Raja Anom sareng putri
Anu nyandak gé ngarontok

20. Ditangisan ku patih puguh kuratu
Komala jeung Gentra Sari
Nangis barina pihatur
Punten baé ti sim kuring
Tanya hormat kakolot

21. Bawa tadi dirawu dibawa ngapung
Ibu nganti dijingjing
Ayeuna neda dimaklum
Andaya sasih ngalahir
Sukaréla ibu Anom

22. Balikanan ibu pirang-pirang nuhun
Rumaos dinyawaan deui
Rumaos geus teu nyangaku
Kana pihirupan deui
Ibu geus ngakukeun maot

23. Pada pukah patih ratu henteu nyuuh
Komala jeung Gentra Sri
Ibuna pada ngarungrum
Nyarios waktu prihatin
Sadaya sami hawatos

24. Prabu Anom ngadangu carios ibu
Soca beureum nangis deui
Bari nyaur meungeus ibu
Montong dipisaur teuing
Patih jeung ama da maot

25. Ayeuna mah da kuring nu jadi ratu
Malah nu jadi patih
Mang Masrut sareng Mang Daud
Éta nu béla kakuring
Éstu ti orok dirorok

26. Ayeuna mah geura siram baé ibu

Panganggo sakabéh salin

Kitu dawuh raja erum

Geus lajeng baé ka cai

Gentra Sari nyandak bokor

27. Nata Déwi nu nyandak panganggo alus

    Sareng nyandak sabun wangi

    Angkat ngiring ibu ratu

    Sejana siram ka cai

    Nu ngiring pada ngaronom

28. Lajeng siram mantu nu dua ngaruru

    Ceuk dongéng keusik berentik

    Cadas hérang batu hurung

    Hibar cahaya ning sasih

    Geus siram salin panganggo

29. Anom deui bet sami jeung mantu

    Tambah geulis putri

    Hiji éta putra ibu ratu

    Diobeng mulih ti cai

    Kasmaran sakur nu nénjo

XXIX. Pupuh Kasmaran

1. Énggalan asép kabumi

Ibu ratu jeung mantuna

Anu ngalayad ngaberes

Para garwa pangkat-pangkat

Pada nyandak pamasangan

Dilebet ratu berhimpun

Prabu Anom lejar manah

2. Ningali ibu geus calik

   Ratu Anom seug ngandika

   Urang engeus ngeunah haté

   Taya anu dipikiran

   Urang kami mayar hutang

   Karana kaluar saur

   Paman patih urang hajat

3. Nyalametkein ibu sumping

   Sakalian patih nikah

   Ka urut patih nu paéh

   Ki patih Daud nyaéta

   Ki patih Masrut jerona

   Nyata seliran raja Rum

   Anu geus wapat

4. Ngancangna ki patih kawin

   Istri ubyag nu popolah

   Pangkat leutik pangkat gedé

Ngurus nyieun balandongan
Jeung ngumpulkeun tatabeuhan
Ngaliud di alun-alun
Tatabehan warna-warna

5. Ménak kuring balawiri
Anu maréntah pepeta
Motong sapi motong embé
Éntog meri hayam soang
Gancang nu olah popolah
Geus haliwu anu ngubrug
Dogentak-gentak kapala

6. Geus tarapti nyeugeut bedil
Keur ngaguruh tatabeuran
Di nagara ramé gandéng
Nu lalajo lalumpatan
Tu Anom sukan-sukan
Kocak katatangga lembur
Mashur ka unggal nagara

7. Siga gedi Erum nagari
Ratu Anom nu keur pésta
Disalin deui nyarios
Anu kocap pulo denda
Jenengan Raja Umbara

Ari rajang geus sepuh
Patihna radén Urawan

8. Raja eukeur sumpeg galih
Ngamanahan putra dua
Ari éta putrana téh
Pamenget masih ngaduda
Jenengan Radén Cumina
Anu hiji putra ratu
Istri wasta Ratna Wulan

9. Ratna Wulan langkung geulis
Geus langka nyiar tandingna
Ngan putri Mesir nu maot
Ngan éta anu madanan
Dina ka geulisanana
Mun aya ampir sapatut
Sareng putri Ratna Wulan

10. Ari harita ning putri
Anu geulis Ratna Wulan
Dilamar ratu Salawé
Ku ramana teu ditampa
Raja lain henteu dowo
Manah rudet pada ewah
Kadieu-kadieu kumaha

11. Lamun hampa ratu hiji
Kumaha éta nu loba
Sakitu manah raja téh
Raja Umbara ngandika
Ka putrana dén Cumina
Jeung asep kumaha atuh
Dulur ujang Ratna Wulan

12. Nu ngalamar balawiri
Ratu Salawe nagara
Bet rada risi ama téh
Sok inggis aya tungtungna
Ari ngalamar bareng pisan
Geus tinangtu bakal susah
Sakitu kasusah ama

13. Ayeuna ama pamikir
Arék eureun jeneng
Ku tina sabab geus kolot
Ayeuna kumaha ujang
Jeung éta jaga rusuhan
Dén Cumina nyémbah hatur
Nun ama kairing pisan

14. Abdi gé nya kitu pikir

Larisi kanu nanyaan
Éta tangtu rusuh baé
Nanging lamun widi (-2)
Ama abdi arék widang sadaya (+3)
Ana kocap ratu Erum
Samalah keur cariosan

15. Aya dua istri sakti
Di nagara Pulo Salaka
Gentra Sari jenengana téh
Nu hiji Ratna Komala
Tiasa ngubah awing-awang
Éta istri dua taluk
Ayeuna dianggo garwana

16. Kitu carios nu sidik
Ayeuna mun widi ama
Putra rék ka dinya baé
Ari perkawis nagara
Ayeuna teu langkung ama
Rék sérén ka Ratu Erim
Sareng aceuk Ratna Wulan

17. Sim abdi seja rék ngiring
Kana kersa jeung rama
Ki unjuk sakitu sotéh

Putra mah ninggal ka ama
Manawi kawilujengan
Piunjuk putra sakitu
Raja Umbara ngandika

18. Aéh Asép bener téh teuing
Ama raos diubaran
Nya kitu pisan béja téh
Geura dangdan saé ujang
Poé ieu baé leumpang
Ambéh gancang tumpak
Manuk ngaran pakis sakadar

19. Radén dangdan geus tarapti
Geus amitan ka rama
Énggalna geus lungsur baé
Seug nyandak pakis sakadar
Di pacul baé harita
Lajeng ditumpak bur manuk
Hiber ngambah awing-awang

20. Tarékah ku di dadali
Nu maragna tanding kuda
Sumamber raket tanding walet
Leumpangna manuk sakadar
Paheula-heula jeung julang

Kitu carios ki pantun

Kadanca moro ka Ratna

21. Ngagawir katebak angin

Anu tunggang peupeureuman

Bakayang Radén kawalon

Nitihan manuk sakadar

Lampahna salila sabulan

Ti Pulo Denda ka Erum

Nyungsiang soré geus dongkap

22. Manuk nungkulan nagri Denda

Ka Erum keur raraméan

Réa pisan anu nongton

Manuk sakadar ka handap

Nu nitah radén Cumina

Pada kagét urang Erum

Sadayana ménak rama

23. Euleuh manuk gedé teuing

Itu ditumpakan jalma

Na manuk naon éta téh

Ceuk nu loba manik julang

Ceuk sawaréh hayam barong

Ceuk sawaréh Ratu Ciung

Mana kuat ditumpakan

24. Sang Ratu eureun ngalahir
    Paman patih coba téang
    Géhgér aya manuk gedé
    Na manuk naon ngarana
    Sarta aya nu numpakan
    Paman patih coba saur
    Geuwat paman diantian

XXX. Pupuh Kinanti

1. Patih Daud gura-giru
   Nyaur anu tunggang paksi
   Énggalna Radén Cumina
   Ngadeuheus nyarengan patih
   Ratu Erum sengandika
   Cik ka dieu baé calik

2. Rék andika nitih manuk
   Aya manuk ka dieu tapi
   Na manuk naon ngarana
   Mana alus-alus teuing
   Bieu téh mulih ti mana
   Numawi ka dieu sumping

3. Bareng di mana nya matuh
Ayeuna anyar pimanggih
Sareng saha nya jenengan
Di mana nya tuang bumi
Anjeun naon nu diseja
Nya ieu paksi sakadar (+1 padalisan)
Kaleungeunan jisim abdi

4. Abdi nyanggakeun bebendu
Réhing abdi kumawani
Ngadeuheus ka payun raja
Abdi kirang temah wadi
Torojong tanpa larapan
Mugi timbangan jisim abdi

5. Wiréhing sim abdi dusun
Wantos abdi uarng sisi
Ti nagara Pulo denda
Ari ngaran jisim abdi
Ceuk nu nyebut Dén Cumina
Numawi marek kagusti

6. Abdi diutus ku sepuh
Ti madenda rama abdi
Pihaturna kanjeng rama
Mendak gusti nutur galih

Rama téh mindang saraya

Neda tulung perang jurit

7. Karatén alamat rusuh

   Di pulo Denda nagari

   Ratu salawé nagara

   Ngalamar ka lanceuk abdi

   Istri ngaran ratu Wulan

   Éta anu jadi margi

8. Ari éta para ratu

   Anu salawé nagari

   Teu aya anu ditampa

   Sabab ama ewed galih

   Numawi ngadeuheus

   Abdi kapayuneun gusti

9. Sakitu sepuh kabingung

   Enggeus ngarurug ka nagari

   Numawi mindang saraya

   Ari upahan nagari

   Sareng dulur Ratna Wulan

   Éta mandak dipupuri

10. Mandak katuang piunjuk

    Gamparan sumangga linggih

Ka nagara Pulo denda
Kalangkung melang sim abdi
Sang Ratu Erum ngandika
Aéh rai tong rusuh teuing

11. Urang dahar heula hayu
Atawa ngarot ci kopi
Radén Cumina dihormat
Mangga tuang heula kopi
Eukeur pesta kasémahan
Sok abong lamun teu ngiring

12. Sang Ratu Erum ngadawuh
Jadi kitu kersa rai
Rama mundut di tulungan
Mangga akang rék badami
Jeung garwa anu dua
Kumala jeung Gentra Sari

13. Garwana dua disaur
Kapamengkan kabéh calik
Teu kantos sareng ibuna
Sang putri Andaya Sasih
Geus calik lebet pamengkang
Ratu Anom seug ngalahir

14. Ari ayeuna jeung ibu
    Masing jongjon calik
    Kuring dipindung saraya
    Ku ratu Denda nagari
    Sumeja rék karana Alloh
    Nulung anu perang jurit

15. Putra neda jiad ibu
    Sareng ieu ka Nyai
    Ka nyai Ratna Komala
    Sareng ka Néng Gentra Sari
    Doakeun engkang rék leumpang
    Tatapi mangké ku nyai

16. Lamun akang campuh tulung
    Upanten geus perang jurit
    Gero-gero dua ngawalon
    Nya atuh puguh téh teuing
    Piraku teu aya kelar
    Ka ngaranna ka salaki

17. Gentra Sari mindo matur
    Engkang mangga pisan kuring
    Ulah dianggo rejad manah
    Najan sareng ogé kuring
    Raja Anom ngandika

Ké baé nyai pandeuri

18. Ngan akang rék mawa pecut
Engkang ieu jimat ali
Ratu Anom enggal dangdan
Diraksukan sutra putih
Sinjang poléng palang ruksak
Paparin ti Nabi Hidir

19. Heunteu tinggal ngaran duhung
Sadia ngagem cameti
Enggalna Ratu kaluar
Barina ngalahir deui
Mariksa Radén Cumina
Kamana jalan rai

20. Radén Cumina ngawangsul
Ieu baé tunggang paksi
Da hideung paksi sakadar
Mangga tunggang sareng abdi
Na kuat kira-kirana
Cumina ngawalon deui

21. Sapuluh jalma gé wantun
Samalah kaluhur paksi
Sedengna mah lima belas

Ditungangannapaksi

Karah bodas lahir raja

Jung atuh sumangga rai

22. Manuk depa ngarumpuyuk

Radén Cumina ngalahir

Mangga gusti meungpeung depa

Palay dititihan paksi

Ka duaan manuk indit

23. Ditepa manuk geus biur

Muluk ka gandawiata

Basa ka ganda satengah

Wiati tegeuna langit

Sempaling ganda carita

Aya galudra dilangit

24. Érék nyabet kana manuk

Radén Cumina ningali

Unjukan gusti cilaka

Karana itu tingali

Di luhur manuk galudra

Rék nyabet ka urang gusti

25. Piunjuk Cumina kitusang Ratu ngalahir

Keun baé rai heulaan

Lamun geus cameti

Keur kitu nyabet galudra

Di papagkeun ku Cameti

26. Galudra ragag ti luhur

Ka handap ngagubrag mati

Ka ratu ngalahir téa

Ragragna galudra mati

Ratu salawé nagara

Sami kagét naringgali

27. Sadaya pada sumawur

Bet asa galudra mati

Na alamat naon éta

Kitu saur raja haji

Ari saur anu loba

Ti naran nyai putri

28. Dilamar ku para ratu

Tacan aya nu ditampi

Ari hartina galudra

Éta téh diluhur langit

Éta ratu Pulo Denda

Manan mikeun suka mati

29. Éta galudra téh kitu
    Ciciren Ratna beureuwit
    Anakna pada nanyaan
    Taya nu ditampa hiji
    Sugan arék ku manéhna
    Anakna éta dikawin

30. Kitu saur para ratu
    Ari ceuk sawaréh deui
    Taksiran nya kitu pisan
    Nu matak urang ditampik
    Taya ayeuna mah urang
    Hayu urang lulung jurit

31. Geus badami para ratu
    Pada sadia prajurit
    Masanggrahandina tegal
    Dina tepis wiring nagri
    Sedengkeun nu masanggarahan
    Kacap ratu Erum sumping

32. Tiluhur milihan manuk
    Sareng jeung Cumina deui
    Manuk sakadar ka handap
    Ratu teu ngarandeg deui
    Milebet ka padaleman

Ratu Erum sup ka bumi

33. Ka raja umbaran munjung
Enggeus munjung raja linggih
Sareng calikna satata
Raja umbara ngalahir
Kang putra ama haturan
Raja Erum ngawalon manis

XXXI. Pupuh Dangdanggula

1. Ratu Erum calik dina korsi
Geus satata jeung raja umbaran
Anu ngadeuheus ngabérés
Pagkat sakabéh tarungkul
Pangkat Radén Urawan papatih
Sarawuh radén cumina
Di payuneun tungkul
Pangkat kabéh sami seba
Geus gempungan ti lebet taruang kopi
Raja umbaran ngandika

2. Nun kang putra sukur enggeus sumping
Tuang rama téh langkung ewedna
Réh gaduh putra awéwé
Dilamar ku para ratu

Tur kamreg salawe nagari
Teu aya nu ditampa
Sabab ama téh ewuh
Ari ditampa saurang
Anu réa kantenan ka ama benci
Ama rempang salawasna

3. Éta kitu numawi diangkir
Langkung risi ayeuna sadaya
Kedah ditulungan ama téh
Upanteu kang putra sanggup
Ngajaga bakal balai
Ama nyanggakeun nagara
Saréng jenénga ratu
Saréngna Nyi Ratnawulan
Mun dimanah sugan purah ngala cai
Sakitu pihatur ama

4. Ratu Erum gumujeng ngalahir
Jadi kitu keur kersa kanjeng rama
Putra neda jiad baé
Ayeuna mah para ratu
Anu salawé nagari
Ku ama kedah suratan
Tangtuna ngulung

Unggélkeun putra jeung ama
Ratnawulan geus ditikah ku simkuring
Kitukeun baé dina surat

5. Raja sepuh ngadangu weweling
Légar manah deui ngandika
Sakitu nu diteda téh
Kang putra nu kitu sukur
Geura pék nulis ki patih
Ari basana mah serat dawuh Ratu Erum
Patih indit bari nyembah
Lajeng angkat ka pabean patih nulis
Basana cohag kirang adab
(-1 Padalisan)

6. Dateng Ratu salawé nagari
Ku perkara sampéan ngalamar
Nanyaan ka anak déwék
Numatak déwék teu wangsul
Ratnawulan geus boga salaki
Samalah ditikahna mah
Ti jaman kapungkur
Ratu Erum nu kagungan
Ratnawulan serat geus dicap sakali
Kaula Raja Umbaran

7. Radén patih miwarang prajurit
   Mawa surat gancang tumpak kuda
   Serat ditaro di kaléng
   Anu mawa sewu rusuh
   Kudana lumpat dikepit
   Kudana wani ngabudah
   Geus mapag di tungtung
   Teu maju kuda dicangcang
   Tungtungna mah badarat lumpat prajurit
   Nya éta nu mawa surat

8. Urang tunda lumpatna prajurit
   Mawa surat utusan sang raja
   Kocap ratu nu salawé
   Geus sadia serdadu
   Sanggrahan wates nagari
   Balad nu salawéna raja
   Dihijikeun campur
   Balad pirang-pirang laksa
   Masanggrahan ratuna kabéh badami
   Sasuran pada raja

9. Keur lahirna mangga baé rai
   Susul saur karaja umbaran
   Puguhkeun omong baréto
   Purun teu puru sing puguh

Éta dénok nu éta si putri

Ka saha daékeunnana

Ratnawulan ayu

Lamun teu do'a kalayatna

Ulah magar teungteuingeun baé abdi

Ku kakang hadé ditumpesan

10. Kitu saur ratu anu hiji

Pok nu réa leres pesan kakang

Bapana mun do'a téh

Moal enya bisa hirup

Geus moal béda nu loba

Kuring gé nya kitu

Pék pok raja anu loba

Da urang mah lamun teu milik nu geulis

Pulo Dénda di balik lemah

11. Nagarana dibarukeun deui

Ditumpas ngan éta anakna

Anu hadé dikarikeun téh

Karana langka nu kitu

Geulis teu aya nu tanding

Lamun henteu kalakonan

Nu lemes kacium

Ceuk sawaréh leres akang

Eukeur kitu raja salawé nagari

Jol datang nu mawa surat

12. Para ratu sadaya ningali

Kautusan song nyaga surat

Geus henteu nunggu pangwalon

Ki utusan gura-giru

Pada nénjo kabéh prajurit

Aya anu ngahaokan

Utusan murugul

Ki utusan gagancangan

Ungguh lumpat diudag henteu katepi

XXXII. Pupuh Pungkur

1. Kebat utusan nu lumpat

Langkung gancang di udag henteu ka tepi

Surat ku salawé ratu

Diriung pada maraca

Unggal surat kamanah ku para ratu

Yen surat nangtang perang

2. Aya rai raja Umbaran

Olo-olo mun kitu pangiang teuing

Midang saraya ka Erum

Na éta pantar kumaha

Ratu Rum wani ngamusuh kapara ratu

Teu ngahoeun urang garagah

Loba balad sarakti (-i)

3. Ayeuna baé rurugan

   Enggal mangkat ratu salawé nagara

   Baladna riab ngaguruh

   Warna-warna pakarangna

   Puguh tumbak nu mawa gegeder ruyung

   Aya nyoren gobang

   Geus puguh nu nyoreng keris

4. Nyoren bedog nyoren gobang

   Nu garangang calengka bejana matih

   Kocapkeun kuda jeung pepentung

   Panugur linggis jeung kampak(+i)

   Geus leugeudet ngaguruh jeung sora tambur

   Tarompet jeung kendang penca

   Melas-melis sora suling

5. Bandera pating harelab

   Prajurit bareng baris manggul badil (-i)

   Carék omongan ki pantun

   Ti hareup bagus keuneungna

   Nu titukang bagus peureup erék numbak (-u)

   Tukang surak tukang emprak

   Anu matang ting jarerit

6. Sigeukkeun nungarurugan
   Kacaturkeun raja Umbaran nagari
   Sarawuh jeung ratu Erum
   Midangét gamelan perang
   Jeung nu surak raja Umbaran ngadawuh
   Éta anu ngarurugan
   Ki patih naha bet cicing

7. Pék hayukeun balad urang
   Prajurit budalkeun kawal titangsi
   Nulung-nulung ratu Erum
   Kitu dawuh sang Umbaran
   Ratu Erum enggal lungsur nyandak pecut
   Saréng jeung Radén Cumina
   Pada nenjo prajurit (-i)

8. ratu salawé baladna
   pada ngomong bet sasar pita teuing
   dilawn kudua musuh
   geus moal kungsi ku raja
   keur urang gé mawa seubeuh
   nyabok musuh
   ratu Erum ditarajang
   dirorom ku prajurit

9. di babuk gémpur sapisn
prajurit ka ratu Erum ngabedil
ana keuna duka ka musuh
geus cekcok pada gagaman
ratu Erum sor maju mabuk ku pecut
nu geus modar patulayah
tungtungna patumpang tindih

10. nu dicameti ngan dua
anu paéh lima puluh tingjumpalik
kahebos ku angin pecut
anu modar pabalatak
putra raja adén Cumina ti pungkur
ngan merangan hiji dua
jeung ngamukkeun ku keris

11. ratu Erum pangamukna
henteu pilih geus bubak-babuk cameti
balad musuh ting jarungkung
para (….) masing loba
balad musuh ratu Erum geus liwung
caturkeun patih Urwan
seug ngabudelkeun prajurit

12. riba muru kapayuna
prajurit pulo dénda masing wani

lalumpatan pada muru
dur ngabedil sadayana
prajurit silih bedil perang campuh
silih pedang silih tumbak
rame surak ting ngajerit

13. ratu saawe nagara
geus sosoak ngabudalkeun balad deui
rosa balad para ratu
ratu Salawé nagara
nu susumbar mana-mana ratu Rum
coba jeung aing lawanna
montong ngarusak nu leutik

14. sok jeung raja umbaran
geura bijil ku aing arék di bedil
teu puas mun teu karingkus
bongan ngorékkeun anak
ratu jadi ngahina ka pada ratu
marukan aing malarat
Mun teu nyaho aing sugih

15. Kitu ratu susumbar
Ratu Erum tonggoy ngamuk ku cameti
Panon geus surup
Anu perng lahan kalah

Pada mundur turugtug pukulan tambur

Tanda yen ngeureunan perang

Pada eureun perang jurit

16. Para ratu masanggrahan

Ratu Erum berhenti ngaleueut nu ngaping

Patih Urwan ti pungkur

Sarawuh radén Cumina

Nitah kuda enggeus burit mulih rusuh

Barang sumping ka nagara

Sedéng pukul lima magrib

17. Ratu Erum geus lenggah

Carios perlampah waktu jurit

Piunjuk ka raja sepuh

Sang Umbaran suka manah

Ngadangukeun mihaturna Ratu Erum

Gumujeng raja Umbaran

\Midangét putra wawarti

18. Radén Cumina carita

Saréng patih nyarioskeun perang jurit

Unggul yudana Ratu Erum

Sigeug lampah eureun perang

Kacarios sang putri ti nagri Erum

Gentasari jeung Kumala

Sarawuh andaya sasih

19. Ibuna ratu ngandika
    Naha eulis tuang raka téh bet lami
    Boga salempang baé ibu
    Ku eullis mudu dilanglang
    Tuang raka salamet henteuna diditu
    Saréng raka geus wewelas
    Kapan ka salira nyai

20. Kitu pilahir ibuna
    Géntrasari pihatur jeung Natadewi
    Nun sumuhun dawuh ibu
    Leres engkang téh nyalira
    Malah engkang kamari téh perang pupuh
    Perang jeung kuricakan
    Lain henteu nyaho kuring

21. Mun isuk akang perangna
    Enggeus tangtos jeung ratu salawé nagari
    Tanwandé simkuring ibu
    Badé ariang duaan
    Saréng acek Ratna Kumala kaitu
    Engkang bisa kumaha onam
    Tapi mual mundur jurit

XXXIII. Pupuh Durma

1. Géntrasari jeung Dewi Ratna Kumala

   Sasuran tanggah pating

   Saréng mertuana

   Malah geus deukeut ka beurang

   Majeng dangdan Géntrasari

   Ratna Kumala

   Pada dangdan geus tarapti (-i)

2. Sami amit sang putri ka mertuana

   Geus idin lungsur ti bumi

   Putra duanana

   Gentrasari jeung Kumala

   Terus ngapung tengah peuting

   Ka pulo Dénda

   Badé nilik nu perang jurit (+2)

3. Kacarurkeun ti peuting waktu ngapung

   Kocapkeun geus beurang deui

   Lampah nuy perang

   Ratu nu Salawé nagara

   Geus sadia mapag baris

   Rame gamelan

   Bendé meunggeus dititir

4. Jeung mariam bedil tanggara disundutan
Geus eundeur ka jero nagari
Radén patih Urawan
Kagét jeung radén Cumina
Sang ratu Erum narpati
Pada iatna
Enggal majeng geus diiring

5. Ratu Erum nitih kuda pajenéngan
Pajenéngan nama aji
Sang raja Umbaran
Kuda gagah ngiring malang
Langkung gonjlang waktu ngirig
Radén Cumina
Kudana dawuh Raspati

6. Radén petih kudana beureum baralak
Calangap beukieun gétih
Geus rancung ceulina
Pungkureun wadia balad
Prajurit musuh caringcing
Nenjo lawan
Patemu bongan dor ngabedil

7. Sami wani gagaman pada gagaman
Dor-dor anu silih bedil

Jeung radén Cumina deui samiatna

Nilikan balad leutik

8. Silih bedil silih kadek silih tumbak

Prajurit salaw nagari

Masih keneh rosa

Prajurit ti pulo Dénda

Loba pisan anu mati

Ampir rék beak

Sang ratu Erum ninggali

9. Kebat jeung ratu Erum nitih kuda

Bari ngamuk ku Cameti

Réa musuh gémpar

Diamuk deui ku raja

Radén Cumina jeung patih

Pada narajang

Parangna geus henteu pilih

10. Ratu Erum awas ningali ka garwa

Komala jeung Géntrasari

Ku ratu gajahna

Balad dipeupeuh malodar

Anu tumpak tibalik

Ragrag ngalungsr

Diburu dirante beusi

11. Ku Cumina jeung ku Patih Urawan
    Para ratu maju deui
    Sang putri ngalayang
    Seot nu ngabet ka handap
    Para ratu henteu eling
    Ditajong ragrag
    Ku sang putri Géntrasari

12. Maju deui para ratu nitih gajah
    Kocap putri Natadewi
    Sang Ratna Kumala
    Kahadang turun ka handap
    Rawuh putri Géntrasari
    Nampiling gajah
    Ratu sami tibalik

13. Gajah nyandak deui cameti ku rakana
    Putri muru nu tibalik
    Ti jamak nu ragrag
    Moro dén patih Urawan
    Para ratu geus beurag deui
    Dku istri dua
    Sakabéh dirante beusi

14. Ratu Erum sosoak miwarang surak

Raja nu salawé nagari
Kabéh dicangkalak
Nu hirup baladna lumpat
Ku ponggawa pék di berik
Sawareh beurang
Ari nu sawareh deui

15. Lumpat leupas ka leuweung lapur teu beunang
Sawareh nu nyumput ngan buni sirah
Bujurna nyemplong ka luar
Ka panggih ki tangkep deui
Loba nu beunang
Ku hulu balang di giring
(-1 padalisan)

16. Para ratu anu salawé nagari
Kabéh dicangkalak beusi
KaRadén Cumina
Rawuh ku patih Urwan
Komala jeung Géntrasari
Sang rakana
Ratu Erum ngalahir

17. Ari nyai badé ngiring ka nagara
Pada matur dua putri
Jisimkuring engkang

Hoyong ngiring ka nagara
Ngantosn di Erum kuring
Amit ka engkang
Putri dua ngapung deui

18. Sadayana ninggali ka luhur tanggah
Pada ngalah ngomong muji
Ka Ratna Komala
Ieu istri leuwih gagah
Istri geulis téh tur skti
Ceuk menak rama
Nu ngalem ka Géntrasari

19. Para ratu rumaos kawon jurit
Ratu salawé mucicid
Taya nu sasauran
Dirante untuy-untuyan
Ratu Erum seug ngalahir
Ieu babandan pokiangkeun ka nagari

20. Ku kang patih saréng ku radén Cumina
Kaula mangkat pandeuri
Jeung kabéh boyongan
Ari babandan ratuna
Sakabéh panjara beusi
Ku kajeneman

Kitu dawuhan jeung Gusti

21. Sami bubar para ratu dicangkalak
Tina urut perang jurit
Dongkap ka nagara
Ninggali raja Umbaran
Gumujeng bari ngalahir
Éta kurah raja
Geuning saur ugan teuing

22. Bisa kalah anjeun ku jalma saurang
Ratu Erumnyata sakti
Kitu dawuh raja
Seug deui raja nembalan
Sangkan téh enya sarakti
Ayeuna beunang
Para ratu langkung isin

23. Karah kitu ari nu gagah para raja
Sauran sang Umaranaji
Sadaya teu ngocap
Ratu salawé nagara
Kebat dipanjara beusi
Ratu boyongan
Ratu Erum jeung sumping

24. Sang Urawan miwarang mapag sang putra
Geus tepang silahturahmi
Putus sasalaman
Malebu ka padaleman
Sami calik dina korsi
Ratu stata
Saréng sajajar tuang kopi

25. Geus burit gédong diseungeutan damar
Babadan kabéh dibui
Dijaga ponggawa
Patih jeung Radén Cumina
Tuang kopi saréng patih
Radén Cumina
Marando payuneun gusti

26. Enggeus wengi Raja Erum enggal tuang
Diladénan keur sang putra
Enéng Ratnawulan
Ngareret ku juru soca
Ka raja Anom neang putri
Raja ninggalan
Rada wirang neang putri

XXXIV. Pupuh Pirangrong

1. Ratu Erum ngalahir

   Ka ramana cacarios

   Perkawis para ratu

   Isukan parios deui

   Nya sotéh geus dirantean

   Tacan dipariksa enya

2. Taluk henteuna bupati

   Kitu hatur ratu Anom

   Raja Umaran ngadawuh

   Kituna teu awuh teu sing

   Ratu slawe nagara

   Ayeuna geus dipanjara

3. Pikir ama henteu risi

   Para ratu geus dibarawa

   Saur penteun henteu taluk

   Ku putra dihukum pati

   Kitu sotéh pikir Ama

   Teu langkung manah kang putra

4. Saréng ayeuna geus wengi

   Kang putra geus palay nyabak

   Kitu dawuh raja saur

   Ratu Anom matur deui

Montong pusing ayeuna mah
Moal sami ogé bareng

5. Ratu sepuh gawe tong calik
Saréng ratu Wrum Anom
Nyarios dongkap ka isuk
Kocapkeun geus beurang datang
Ratu Erum seug nembalan
Ka radén patih Urwan

6. Emang ratu salawé nagari
Kasurakkeun tina berok
Patih indit kurah-kiruh
Geus dongkap ka bumi patih
Lawangna bumi di buka
Para ratu geus kaluar

7. Sertana dirante beusi
Diaping dijero berok
Dirante diparayun
Diaping ku tumbak bedil
Patih Urawan téheula
Pék dilanderot dipamengkuh

8. Ratu Salawé nagari
Payuneun raja marah

Ratu Erum seug ngadawuh

Ayeuna rék nanya kami

Ka para ratu sadaya

Hayang hirup teu hayang paéh

9. Mun hayang paéh dipeuncit

Nyaba kami hayang nyaho

Lamun pamanhayang hirup

Kudu ngawula ka kami

Sarta teu jadi raja

Para ratu mun kaula

10. Ngan sakitu nanya kami

Nyaba kabéh geura walon

Para ratu tungkul wangsul

Abdi neda hokum adil

Mugi ulah dipaéhan

Sumeja pisan ngawula

11. Badé ngalebur tangkal gusti

Abdi sumpah bisi bongan

Pada sumpah para ratu

Ratu Erum ngadika deui

Ka patih jeung ka Cumina

Éta cangklekna laan

12. Geus cucul cangklekna beusi
    Tina salira sang kulon
    Ku Ratu Erum di saur
    Sina caralik kana korsi
    Ka Ratu Erum munjungan
    Rawuh ka raja Umbaran

13. Erum ratu ka sami ajrih
    Ku sang ratu Erum Anom
    Saktina pinunjul
    Para ratu kawon jurit
    Pada mando dipayuneun
    Tungkul henteu sasauran

14. Ratu Nawang ngadawuh
    Ayana mah katom
    Kabéh tetep jenéng ratu
    Sumangga geura marilih
    Tatapi ari ngawulang
    Ka nagara pulo Dénda

15. Gégéndénna Erum nagari
    Anu ngaraeh saamturo

Dawuh ratu Erum kitu

Para ratu hatur bakti

Ngalawon hatur sumangga

Sadaya ngiring pangérsa

16. Geus tuntas timbalan aji

Henteu panjang dicarios

Lajeng jengkar para ratu

Raja Umbaran ngalahir

Ayana seja kang rama

Seja nyanggakeun panjenéngan

17. Saréng anak hiiji istri

Lumayan keur purah nenjo

Sumangga candak ku ratu

Ama sumeleh nagari

Mugi ku putra dimanah

Nagara saréng abdina

18. Ama téh geus ngeunah pikiran

Tiis ceuli ngeunah nejo

Sabab Am a gues seugut

Sautak-saetik belik

Enggeus punah nya pikiran

Henteu cara eukeur nyoro

XXXV. Pupuh S inom

1. Nya kitu dauhan raja

   Ratu Erum seug ngalahir

   Rama masihan nagara

   Kateda kasuhun teuing

   Ngaping panuhun simabdi ayana nu jenéng ratu

   Putra Ama da Cumina

   Ari ieu putra istri

   Ratnawulan ku putra badé ditikah

2. Raja Erum kitu saurna

   Raja Umbara ngalahir

   Ngiring kersa kang putra

   Ama mah sadaya ngiring

   Sumeleh putra sasiki

   Ayana mung manah kitu

   Kojot mah ngan rék nyaksian ratu badé nikah nyai

   Dén Cumina sukur mung ngagéntos ama

3. Enggalan ratu Erum nikah

    Maskawin sataleum ringgit

    Duhungna nu dipajengan

    Ciciren sang ratu kawin

    Da patih nu ka maisigit

    Wakil tikah ratu Erum

    Ku panghulu dilapahan

    Geus putusan ratu Erum kawin

    Patih indit nyanggakeun tikah ka raja

4. Ratu Erum geus sasalaman

    Ka ramana jeung putri

    Raja Umbaran ngandika

    Ayana ngélehkeun nyai

    Ama titip siang wengi

    Sumangga candak ka Erum

    Ari ieu Dén Cuminna

    Dikersakeun mangku nagari

    Papatihna ditetepkeun Dén Urwan

5. Jegur mariam disada

Tanda rama nyeren nagari

Geus kocap ka perhiangan

Masur ka unggal nagari

Raja Umbaran digénti

Putranaa nu jenéng ratu

Wasta Mas Radén Cuminna

Abdi putra aya panuhun ka rama

(-1 padalisan)

6. Perkawis manuk sakadar

Badé dibantun manawi

Aya idin kersa Ama

Ku putra ka Erum nagari

Raja Umbara ngalahir

Sae pisan hurung sukur

Karana badé

Tunggangan

Siang gé mo burung sumping

Sabab gancang lampahna pakis sakadar

7. Enggal sang ratu Erum dangdan

Sejana badé marulih

Saréng enéng Ratnawulan

Jeung candak embank pangiring

Opat enggeus tarapi

Enggal ratu nitih manuk

Nagrendéng saréng rakana

Teu kantun emban pangiriring

Tunggang manuk ditangkal pakis sakadar

8. Biur ngapung ngawang

Muluh ka pandawian

Lampahna pakis sakadar

Ngadalingding kadi angina

Manuk mabur alak-ilik

Ngungkulan nagri ka Erum

Ngalayang dasar ka handap

Geus pada kabakti ningali

Pangka-pangkat kabéh ceuk-ceuk dipaseban

9. Pada muru ka ratu

Patih dua ngudak kunti

Geus tepang sami munjungan

Ratu ka lebet diiring

Nata Dewi Géntrasari

Mapagkeun bari imut

Manah eyang Ratnawulan

Sieun pacampur jeung isin

Rumaosna yen ngarebut carogéna

10. Ibu ratu ka mantuna

Mangga ngalayang ka sang puteri

Rada lipur Ratnawulan

Manahna teu isin teuing

Reh aya nu ngasing-ngasing

Nya éta ibu sang ratu

Maru na mah rada geuwat

Geuwat sotéh ngalem muji

Ku geulisna ayang Ratnawulan

11. Ratu Erum ngajeng lenggah

Komala jeung Géntrasari

Mayunan sang Ratnawulan

Saur ibuna deui

Garwa pangkat pada sumping

Ka lebet nyari pupundut

Geus ngalayah pamasapan

Gémpunagan di lebet istri

Pangkat-pangkat sadayana sami seba

12. Marando payuneun raja

Pangkat géde pangkat leutik

Enggal ratu barangtuang

Istri-istri tuang kopi

Geus puguh dipatih mantra

Ngaleueut payuneun ratu

Ratu bari sasauran

Nyarioskeun perang jurit

Para ratu salawé putus ngawula

13. Géntrasai seug ngandika

Ayeuna mah sukur teuing

Enggeus calik Ratnawulan

Aya ulah gindih kalih

Ku aceuk ulah isin-isin

Sapedah ka eceuk maru

Maru sotéh carék basa

Mudu ngawula ka takdir

Bagja urang pamegét hiji ku tiluna

14. Sakitu baé nya manah
Nyai putri Géntrasari
Ari saur sang Komala
Saleresna pisan euis
Nu bakal tetep jeung ratu
Aceuk mah seja ngawula
Kumaha parentah eulis
Saréng engkang sakitu nu diantian

XXXVI. Pupuh Kinanti

1. Sang Ratnawulan pihatur
Kuring mung kitu ajrih
Saur aceuk rék ngawula
Balik-balik jisimkuring
Aceuk ka maksad ngula
Karantun kuring pandeuri

2. Malah keur lahirna sepuh-sepuh
Kuring pulang ngala cai
Sinareng ngahaja ngarasakkeun

Jisim kuring seja ngabdi
Kitu hatur Ratnawulan
Putri dua walon deui

3. Nyai aceuk ngomong kitu
Terus jeung ati manawi
Ngawula ti kaanggangan
Ayeuna ka engkang amit
Dek muru Pulo Salaka
Di Erum nu tetep nyapi

4. Ratu Erum seug ngadawuh
Nyai téh arék marulih
Atuh nyai dangdan-dangdan
Enggalna putri karapi
Ka rakana marunjungan
Komala jeung Géntrasari

5. Teu kantun ka ibu rama
Saday silaturahmi
Pangkat-pangkat marunjungan
Ka putri dua marulih

Ari enggeus sasalaman

Komala lungsur ti bumi

6. Ratu jeung ibuna lungsur

   Ningalikeun ka nu mulih

   Géntrasari jeung komala

   Geus ngadedel pertiwi

   Biur ngapung ngawang-ngawang

   Geus marulih Géntrasari

7. Sarépuh Komala Ratu

   Pada kagaet nu ningali

   Upacara para emban

   Pada ngalem kangjeng putra

   Pangkat kabéh sasauran

   Istri dua sami sakti

8. Caturkeun deui sang ratu

   Geus asup deui ka bumi

   Sarépuh Néng Ratnawulan

   Ku ibu ratu diasih

Ka mantu kawas ka putra

Ibuna Andayasasih

9. Lami-lami Ratu Erum

   Geus na lebet puri

   Sasepuh Néng Ratnawulan

   Di deuheusan patih mantra

   Sabab poe anu seba

   Pangkat géde pangkay leutik

10. Ratu Erum seug ngadawuh

    Aya mah paman patih

    Jeung sakabéh pangkat-pangkat

    Jeung urang munar bari

    Karana urang geus ngeunah

    Sabab teu aya nudipikir

11. Ratu Salawé geus taluk

    Kangjeng ibu geus ka nagari

    Asup kana paribasa

    Tiis poe herang cai

    Jeung éta paksi sakadar

Pétakeun ku emang patih

12. Imahna kudu sing alus
    Ari enggeusna adu manis
    Ku emas perak salaka
    Sarta jero pancaniti
    Saur kemasan nu bias
    Tukang ameng nu binangkit

13. Nyieun parantina nginum
    Eujeung pamakanan deui
    Ku emas eujeung suasa
    Sabab kalakenan nyai
    Nu kagungan Ratnawulan
    Pakis sakadar dipusti

14. Sakitu pilahir ratu
    Patih nyembah lajeng indit
    Saur kemasan nu bisa
    Nyieun tempat éta paksi
    Enggal paksi sakaldar
    Geus tetep di pancaniti

15. Lami-lami Ratu Erum

Dalem na keur ngomé nagri

Singkat kaindaning carita

Kocap sang raja Yamani

Tegésna ratu siluman

Nyaéta ngaran Yamani

16. Balad ka buta wungkul

Patihna nya kitu deui

Ngarana buta Angkara

Pék nganggo maruk min

Baranang inten berlian

Mahkota raja

Geus sadia nyoren pedang

Raja Yamaniti

17. Raja ti imahna turun

Heunteu kalawan ring

Alak-ilik diburuan

Enggal ngadeudeul perkawis

Biur ngapung ngawang-ngawang

Kadi paksindang génis

XXXVII. Pupuh Dangdanggula

1. Geus diliur sang raja Yamani

   Nilik putri kaunggal nagara

   Kabur ngalayang baé

   Beurang peuting raja ngapung

   Sikan putri nu geulis

   Ngajajah unggal nagara

   Mani teu nimu

   Istri anu liweuh endah

   Sarta raja ngungsi unggal nagari

   Sarta mindah-mindah rupa

2. Sakapeung mah jadi aki-aki

   Kundang iteuk ka unggal nagara

   Ngilikan awéwé hadé

   Geus weléh teu manggih ngapung

   Jajah desa nyungsi nagari

   Unggal pulo diteang

   Euweuh istri alus

Raja Yamani ngalayang
Ngawang-ngawang diluhur karep rék maling
Kebat ka Erum nagara

3. Kacaritakeun Ratnawulan putri
Rék ka jamban angkat dijenéngan
Nu ngiring teu tinggal sarébét
Jarang bokor wadah sabun
Henteu tinggal jeung jeruk mipis
Ratnawulan lajeng siram
Pangiring nagriung
Geus parantos putri siram
Lajeng hanjat Néng putri mulih cai
Raja Yamani jol dating

4. Salin rupa jadi nini-nini
Teu kanyahoan éta ponggawa datangna
Geus aya lebet baé
Ratnawulan seug ngadawuh
Arék naon ieu nini
Na nini téh urang mana
Bet kalebet asup

Nini-nini matur nyembah
Ari pokna akan nini rék musafir
Anu mawi ngadeuhues

5. Kitu omong anu nyamar nini
Lahir putri si nini karunya
Geuwat emban nini béré
Lusa bawa heula ka dapur
Nyi emban indit jeung nini
Raja Yamani pikirna
Sajeroning kolbu
Nya ieu nu dsiteangan
Ratu mana awéwéna alus teuing
Dalah ayeuna meunang

6. Kitu pikir raja Yamani
Ku nyi emban ka dapur dibawa
Pék dibéré sangu poe
Api-api rék dibungkus
Sarta waktuna geus burit
Raja Erum teu uninga

Aya raja nyamar

Ratnawulan teu unjukan

Ka rakana marukan samarang nini

Puguh gé bangsat babangkal

7. Ratu Erum ebog jeung geurwa geus wengi

Nu dek maling nipukeun sirepna

Sanagara Erum jempé

Pada saré eusi dapur

Kaluar raja Yamani

Ti dapur ka bumi raja

Ka karaton asup

Top dicolong Ratnawulan

Geus dibawa kaluar raja Yamani

Tuluy ngaping deui raja

8. Ratnawulan teu usik

Tong nya kulem nyai Ratnawulan

Kilang dikelek disangkeh

Ku bangsat dibawa nagpung

Enggalna raja Yamani

Ka nagara geus ngungkulan

Rék kahandap turun

Sup asup ka padalaman

Diasupkeun Ratnawulan saréna lilir

Ningali ratu siluman

9. Ratnawulan ngoceak ngajerit

Langkung gila ningali rupana

Huntuna ngareluk rogés

Néng Ratnawulan murungkut

Sajeroning jerat-jerit

Kagét sakabéh siluman

Malah Nyi Mayang Erum

Keur saré ngorejat cengkat

Bari ngucap rama kabeneran teuing

Nyandak putri liweuh nyandah

10. Heunteu pantes éta mah ibu kuring

Sieup dulur kuring téh kadinya

Sabab putri geus anom

Kitu saur Mayang Erum

Ngandika raja Yamani

Nyai pék atuh upahan

Béré inten jamrud ulah sina jejeritan

Sina répéh sabab ieu masih peuting

Erék dipandang ku bapa

11. Bari nempo sang raja Yamani

Ratnawulan déngkul kakajayakan

Nangis henteu répéh-répéh

Ngahiung dongkap ku isuk

Kocapkeun geus beurang deui

Kasigeug ratu siluman

Nu kocap di Erum

Ratu kaleungitan garwa

Papariksa kasaban anu di bumi

Kapungkur pada néangan

XXXVIII. Pupuh Pungkur

1. Geus guyu di padaleman

Gulang-gulang upacara balawiri

Néangan pawarang ratu

Sang raja tur sosoak

Para mantra patih dua lumpat muru

Bareng raja ngandika

Na kamana atuh nyai

2. Naha saha anu mawa

   Paman patih kamana urang nyasi

   Ki patih Daud teu wangsul

   Hiji emban rék unjukan

   Nun jeung gusti sim abdi gaduh pinunjuk

   Kamari gaduh pamendak

   Ninggali hiji nini-nini

3. Nusafir ka Agan Emas

   Malah miwarang di dapur jeung abdi Gusti

   Teu katawis anu nyamur

   Pangiten Gusti ku éta

   Dibawana sabab teu aya di dapur

   Pangadatang heunteu bebeja

   Tur balik henteu pupulih

4. Lamun kitu Gusti moal gagal

   Nyangling nini mana kitu gé ratu sakti

   Tapi kamana nya nyusul

Paman patih nyieun serat

Pék bejaan para ratu kabéh saur

Anu salawé nagara

Enggal salawé nagara

Enggalna Ki patih nulis

5. Nyieun surat buat kebat

Ratu Erum pék lungsur jeung neja ka bumi

Tilu kali baris nyaur

Ari kasauranana

Géntrasari ieu engkang buru-buru

Jeung nyi Ratna Komala

Engkang buru beurang peuting

6. Sakitu panyambat raja

Hentau lola jebul dua putri

Dirangkul ku ratu Erum

Ratna Komala ngandika

Aya vnaon engkang nyaur rusuh-rusuh

Kitu hatur sang komala

Ari saur Génrasari

7. Engkang sumangga popoyan

   Ieu abdi garwa engkang Gentrasari

   Aya naon nyaur rusuh-rusuh

   Pihaturna garwa dua

   Raja Erum sumaur semu nu nguyub

   Nguyub ku Nyi Ratnawulan

   Saré hing aya nu maling

8. Nyi engkang langkung susah

   Ratnawulan patih aya nu maling

   Bingung kamana nya nyusul

   Jeung éta nu maling étas aha

   Lamun raja raja mana rék disusul

   Deukeut engkang gé diteang

   Numatak meeskeun Nyai

9. Sakitu pilahir raja

   Istri dua ngawangsul barina seuri

Kersa engkang téh sakitu

Manah engkang entong reuwas

Keun ku abdida moal burung katimu

Manasih Beulah ka poyan

Kapan abdi incu nini

10. Kitu walon istri dua

Ayeuna mah tong dianggap risi galih

Moal enya rai lapur

Sumangga rai néangan

Ratnawulan tétéla dibawa ngapung

Dipaling ratu siluman

Ngarana raja Yamani

11. Ngan éta kalangkung gagah

Atuh sakti jeung patihna unggul jurit

Baladna ka buta wungkul

Saréng raja boga anak

Putri geulis ngarana Nyi Mayang erum

Lamun kamanah ku engkang

Mangga ku abdi dipaling

12. Kitu hatur istri dua

    Ratu Erum lejar manah terang galih

    Sumaur barina imut

    Sukur Nyai mun kitu mah

    Nyusul paling bisa maling deui ti ditu

    Ayeuna geura pék miang

    Engkang hayang nenjo putri

13. Garwa dua ngadelekan

    Tuluy indit gumujeng putri

    Pameget komo atuh

    Dibéjaan bikang lenjang

    Ngajujurung palay geura gok patepung

    Kitu lahir sang Komala

    Sareng saur Gentrasari

14. Duaan geus kaluar

    Natadewi sareng Gentrasari

    Duanana biur ngapung

    Ngabujeng nagri siluman

    Gentrasari jeung Ratna Komala ratu

Teu catur diluhurna

Kocap datangna geus burit

15. Teu répéh Néng Ratnawulan

    Eukeur nangis sasambat ka Gentrasari

    Ari pokna aceuk tulung

    Kuring di nagri siluman

    Kitu pokna kadangu kunu ti luhur

    Ratna Komala ngandika

    Ka raina Gentrasari

16. Rai éta Ratnawulan

    Deudeungekan naha matak water teuing

    Coba sirep urang turun

    Ku buta keur dioconan

    Ratnawulan disirep kunu tiluhur

    Geus jempé nagri siluman

    Rajana teu mundur deui

XXXIX. Pupuh Durma

1. Ngabubugil raja Yamani saréna
   Disirep ku Gentrasari

Sakabéh baladna pada karék sasaréan

Komala jeung Gentrasari

Turun kahandap

Asup ka tempat Yamani

2. Natadewi nyandak Ratnawulan
   Ari putri Gentrasari

   Nyandak putra raja

   Nyi Mayang Erum dicandak

   Geus kaluar anu maling

   Ratna Komala

   Jeung raina Gentrasari

3. Ngapung deui Gentra jeung Komala
   Kira wanci tengah peuting

   Pulang maling gancang

   Ka nagara Erum ngungkulan

   Geus nyedot kahandap deui

   Putri nu dua

   Geus asup baé ka bumi

4. Ratu Erum teu kulem sabab ngantosan
   Rawuh patih para mantri

Sumping dua garwa

Sareng nyandak Ratnawulan

Gentrasari nyandak putri

Anakna raja

Jeung anakna mah bet geulis

5. Ratu Erum kagaét barina ngandika
   Dalah geuning sumping rai

   Eta Ratnawulan

   Tonggoy baé sasaréan

   Coba Nyai sina nyaring

   Nyi Ratnawulan

   Ana lilir deukeut nangis

6. Jeung ngarontok ka ratu Erum rakana
   Nyai Mayang Erum lilir

   Kagaét lebet manahna

   Mencrong waé gawéna

   Mayang Erum teu ngalahir

   Ngan dina manah

   Saha anu mawa aing

7. Naha ieu nagara naon ngarana

Aya matak resep teuing

Kitu pamikirna

Mayang Erum héran manah

Keur saré deui

Kocap geus beurang

Ratna Komala ngalahir

8. (….) mah engkang ulah kajongjonan
Geus tangtu Raja Yoman

Nyusun ngarurugan

Tangtu mawa balad buta

Engkang kudu ati-ati

Masing iyatna

Sumangga candak cambeti

9. Ratu Erum nyungkelang duhu nu iyatna
Nimbalan ka dua patih

Nyadiakeun balad

Ponggawa rawuh gagamanana

Ratu nu salawé nagri

Jol nungtut datang

Sarta mawa pejurit

10. Kasigeugkeun di Erum enggeus iyatna
    Kocap sang Raja Yoman

    Geus buka sirpéna

    Hudang juringkal buringas

    Ngarérét geus euweuh putri

    Reujeung anakna

    (……….)

11. Jeneng jeleng raja meni nyarékan
    Ka buta sakur nu mekti

    Bari turun unggah

    Ti imahna ka buruan

    Sosoak lemék Batawi

    Raja siluman

    (……)

12. Orang kemit nanti pukul sama gua
    Ti dayeuh yang mencari

    Bini sama gua

    Tidak ada dengan nikah

    Kapan dia orang kemit

    Lu tidak guna

    Barina meubeutkeun korsi

13. Raja dangdan geus sadia mawa gada
Sarta maréntah patih

Ngumpulkeun baladna

Buta sakabéh daratang

Kapalana buta patih

Rajana ngajerit

Beng ngapung Raja Yoman

14. Sabaladna pada ngambah awang-awang
Patihna nya kitu deui

Ngambah awang-awang

Buta pirang-pirang laksa

Gancangna Raja Yoman

Ka Erum datang

Barang datang nyampak baris

15. Balad buta rék (….) kana gagaman
Narajang pada ngabedil

Anu keuna modar

Buta reuwas geus ka handap

Ngokosan sirah perjurit

Gagaman modar diburu ku dua patih

(………………..)

16. Buta ngégél ku patih ditampiling
    Buta loba anu mati

    Patihna siluman

    Ka patih Erum narajang

    Ngan tiap deukeut ki patih

    Geus kokosodan

    Saba patihna Yoman

17. Leuwih panas ana deukeut ka manusa
    Patih dua Erum garing

    Para ratu riab

    Anu salawé nagari

    Ngayonan patih Yoman

    Ngan tiap datang

    Para ratu sami mati

18. Balad Erum teu kuat ngalawan buta
    Geus carem loba nu mati

    Ampir kana béak

    Sawaréh tinggaal kalangan

Putri Gentra ngalahir

Jeung mangga engkang

Abdi geus loba nu mati

19. Sugan moal panas da engkang pan ngagem jimat
Kapan engkang nganggo ali

Pihatur garwana

Ratu Erum rék narajang

Patih siluman barani

Muru ngarumpak

Ku raja Erum dicameti

20. Patih buta kokosodan tuluy modar
Baladna raja Yoman

Geus riab narajang

Ku raja Rum dibabukan

Ku jimat cameti rukmin

Buta malodar

Bangké patumpang tindih

21. Balad Erm anu hirup susurakan
Ti luhur raja Yoman

Narajang ka handap

Sarta bari ngagebah

Ratu Erum mabur ku angin

Ana rék tiba

Disanggap ku Gentera sari

22. Maju deui raja Erum sor narajang
    Geus deukeut raja Yoman

    Barang rék diamang

    Ku pecut ratu digebah

    Ratu Erum mabur deui

    Ana rék ragrag

    Gero dua ati-ati

23. Ana ragrag ngénca Ratna Komala nu nyanggap
    Ngatuwu ku Gentera sari

    Ratu disanggapan

    Geus meunang tilu pajuan

    Raja Erum ngarangas sisig

    Ratu ngandika ayeuna kumaha nyai

24. Sang Yoman coba lawan ku duaan
    Engké geus ngarangas sisig

    Lamun teu disanggapan

Ku Nyai engkang téh tiwas

Ayeuna lawanan Nyai

Raja siluman

Pada matur dua putri

25. Ari pokna mangga baé majemg Engkang
Da kapan mélaan rayi

Nyai Ratna Wulan

Naha rék tinggal kalangan

Teu nyaah ka anu geulis

Nyi Ratna Wulan

Tuur anom teu aya tanding

L. PUPUH SINOM

1. Ratu Rum mindo ngandika
Lamun deukeut Si Yoman

Kira-kira baé Engkang

Ngamankeun ieu cambeti

Meureun disuduk ku keris

Ngan Engkang teu bisa maju

Ayeuna ku nyai lawan

Beunangkeun raja Yoman

Pada matur Gentera Sari jeung kombala

2. Engkang jadi kangeunahan
   Sagala miwarang istri

   Ratu sagédéngeun ngandika

   Ka rayina Gentera Sari

   Kajeun teu kersa mah Nyai

   Carék keukeuh geura mundur

   Tah Engkang sok susungkunan

   Garwa dua bari seuri

   Barina gé Engkang mah ku sok pundungan

3. Tuh banyol baé rayi mah
   Leresna piraku abdi

   Mungpang ka kersa Engkang

   Kapan gusti lahir batin

   Istri mah teu aya deui

   Kapan ngan pameget éstu

   Moal mangéran nu lian

   Ngan Engkang anu dipusti

   Manah Engkang ulah waka susungkunan

4. Ké Nyai rék nyeupah heula

Sugan dipaparin lepit

Da puguh bau babatang

Sarebel rék utah geuning

Jeung mana lepit téh Nyai

Eujeung urang udud

Mawa gé engké heulaan

Meureun aya di pribumi

Perang rusuh ditunda ngalemar heula

5. Kitu ceuk Ratna Kombala
   Ari saur Gentera Sari

   Aceuk hayu urang lawan

   Itu si Raja Yoman

   Bisi ngaruksak nu leutik

   Enggalna pada maraju

   Gentera Sari jeung Kombala

   Geus tepung jeung Yoman

   Yoman suka bungah seuseurian

6. Ngomong nénjo (…)
   Ari pokna sang Yoman

   Aduh rayina si kakang

   Hiyap masih emas ringgit

Hiyap géndong pilih genti

Duh dénok ka dieu punggu

Laki nyai moal kuat

Ngalawan perang ka kami

Ayeuna mah Eulis bakal milik Engkang

7. Ayeuna géndong ku Engkang
Ngareuhak nyi Gentera Sari

Sareng Ratna Kombala

Putri dua nyaur bengis

Euleuh-euleuh tu si jurig

Nogtorogan nurus tunjung

Rupa kawas bangbarongan

Sihungna bijil ngarelik

Euleuh aceuk awakna ogé sisitan

8. Tapi rupana manusa
Leungeun sukuna kawas anjing

Kitu saur istri dua

Buncelik raja Yoman

Pok mgagebah jeung buncelik

Istri dua wani ngepung

Digebos wani ngalayang

Angin tarik-tarik teuing

Jeung bauna saleuheung kagebos kawah

9. Narajang Ratna Kombala
   Ti luhur nya ger nampiling

   Raja Yoman malikan

   Ka Ratna Kombala deui

   Sodok moro Gentera Sari

   Nampiling deui ti pungkur

   Balad Erum ger nyurakan

   Nu geus paéh hirup deui

   Sabab ratu ngagem jimat kahuripan

10. Nya éta Tirta Bulayat
    Balad kabéh hirup deui

    Ratu salawé nagara

    Patih mantri pada lilir

    Ngan balad raja Yoman

    Nu paéh patumpuk-tumpuk

    Anu hirup pada lumpat

    Pada gigis dicambeti

    Balad Erum nénjo putri dua perang

11. Pada suka susurakan
    Ningali nu perang tanding

    Sang Raja Erum ninggalan

    Ger waé perang jeung

    Pada gigis dicambeti

    Balad Erum nénjo putri dua perang

    Pada suka susurakan

    Ningali nu perang tanding

    Sang Raja Erum ninggalan

12. Ger waé perang jeung Yoman
    Ana digebos sang putri

    Kadis kapuk tuluy ngapung

    Narajang Ratna Kombala

    Malikan raja Yoman

    Jeung ngaronjang ka Dewi Ratna Kombala

    Raja Yoman digebag

    Jungkel Yoman tibalik

    Cengkat ngorénjat buringas

13. Nata deui Gentera Sari
    Ka Yoman najong tarik

Raja Yoman geus bingung

Moro kahareup datang ka tukang

Wantu istri dua sakti

Geus kacekel sang putri Ratna Kombala

Ngabungit datang ti tukang

Yoman geus bulak-balik

Kukurilingan sang buta

14. Datang deui Gentera Sari
    Najongna raja Yoman

    Ngajadi (…) mabur

    Diudag ku istri dua

    (…) ngaleungit deui

    Jadi Mega Yoman di awang-awang

    Gentera Sari jeung Kombala

    Duanana jadi angin

    Méga ditarajong bareng

    Musuh méga geus leungit deui

15. Yoman Sari nu sakti
    Geus kahandap jadi gunung

    Istri dua jadi landak

    Dikorowotan karihkil

    Leungit gubung

Yoman Sari nu sakti

Geus kahandap jadi gunung

Istri dua jadi landak

Dikorowotan karihkil

Leungit gubung Yoman jadi barahang

16. Seuneu gedé muntab-muntab
    Gentera Sari nyipta cai

    Seuneu anu muntab-muntab

    Dijebak ku cai banjir

    Seuneu pareum baé Yoman

    Sarta palid lesu ripuh

    Raa rumasa kasoran

    Culeluk raja Yoman

    Ari pokna atuh Eulis bapa pegat

PUPUH MAGATRU

1. Nyimas Dewi Kombala imut sumaur
   Ka sang putri Gentera Sari

   Rayi hayu urang buru

   Itu si Yoman palid

   Gentera Sari pok ngawaler

2. Mangga aceuk énggalna tuluy ngubur
   Pada nyekel sang Yoman

   Leungeunna kénca katuhu

   Digotong ku dua istri

   Lir anjing ngagusur bagong

3. Taya polah raja Yoman digusur
   Geus ampun raja Yoman

   Huntu sagedé baliyung

   Seug éta sihung pabeulit

   Rupa kawas pisan barong

4. Bari dikoér ku sampéanana sihung
   Kombala jeung Gentera Sari

   Nyoba Yoman sia ngapung

   Atawa rék nerus bumi

   Da moal weléh ngaboro

5. Jeung ayeuna Yoman sia rék nyumput
   Atawa arék ngaleungit

   Rék kumaha baé atuh

   Rék nerus bumi geura jig

Coba kami hayang nyaho

6. Sang Yoman ku istri dua ngawnagsul
   Bapa geus nyaho ngaleungit

   Péndékna bapa téh taluk

   Saba bapa beunang jangji

   Baheula perjangji kolot

7. Lamun perang énjing istri dua punjul
   Putra Sulaéman nabi

   Eta gustina karuhun

   Mawi bapa kawon jurit

   Eling ka papagon kolot

8. Enya Eulis putra Sulaéman ratu
   Ratu sagala kumelit

   Kitu asak rama Enung

   Ayeuna bapa rék ngabdi

   Gentera Sari seug ngawalon

9. Jeung raka Ratna Kombala sumaur
   Sukur mun kitu Yoman

   Nyaho diasal karuhun

Moal digabrug ku kami

Mun kitu rék dipikolot

10. Ayeuna mah ngadeuheus ka raja Erum

Teu lami kebat Yoman

Diiring ku istri ayu

Anu ngaping Gentera Sari

Yoman teu dibarogot

11. Barang témbong ka raja Erum

Pada kagét nu ningali

(…) rama urang Erum

Rupana raja Yoman

Gilaeun sakur nu nempo

12. Sang Yoman cingogo payuneun ratu

Raja Erum seug ngalahir

Ka Ratna Kombala ratu

Sarewuh ka Gentera Sari

Ceuk Nyi geura parios

13. Gentera Sari kombala saurna kitu

Enggalna sadaya mulih

Tina urut perang puguh

Balad salawé nagri

Cikcak siheng anu ngomong

14. Enggeus budal pada ngaping raja Erum
Tinggalkeun ratu nu mulih

Kacatur nyi Mayang Erum

Jeung Ratna Wulan di bumi

Jeung ibu ratu Mariyam

15. Ari saur ibu téh éta jeung ratu
Nyai raka bisi sumping

Eta nyai Mayang Erum

Meunggeus nyai ulah nangis

Masing ngagugu ka kolot

16. Mayang Erum diwuruk jongjon sumegruk
Anu matak jongjon nangis

Pikirna Nyi Mayang Erum

Melang ku rama Yoman

Palangsiang bapa kojor

17. Ratna Wulan ngupahan ku Mayang Erum
Meunggeus Eulis ulah nangis

Bisi kasondong ku ratu

Anggur urang téh cacawis

Dangdanggulana ngarantos

PUPUH DANGDANGGULA

1. Ratna Wulan masing sngu kopi
Pasang méja buat haturan raja

Ari haturan nu séjén

Ka garwa pangkat kumpul

Pada masang sangu kopi

Geus pada olah popolah

Keur nyuguhan tatamu

Ari buat kuricakna

Geus sadia ti umbul ti parayayi

Sapeupeuting ngarang hayam

2. Mani gijrud lurah jeung patinggi
Kasomahan mundut kaolahan

Sakur nu kabagi pancén

Eunggeus puguh urang kaum

Maréntah ku tinggal distrik

Sadayana pada ngaosan

Dibeban ngajuk

Somahna anu teu boga

Dimistikeun ku lurah jeung patinggi

Geus kumpulna di nagara

3. Garwa raja geus putus cacawis
   Lajeng siram Eneng Ratna Wulan

   Saparantos siram eneng

   Ka jero bumi asup

   Dilisah nyerotan luis

   Jeung disalin panganggona

   Cahyana ngabur

   Keur geulis Nyi Ratna Wulan

   Beberesih lir pendah emas disangling

   Cahaya wulan purnama

4. Sabab putri putra raja Mesir
   Car sumurup ku Néng Ratna Wulan

   Kitu gancaning carios

   Enggalna sang Ratu Erum

   Jebul sumping ka nagari

Nu ngiring manglaksa-laksa

Pinuh alun-alun

Ratu salawé nagara

Henteu kakantun ngiringkeun raja Yoman

Geus asup ka padaleman

5. Gentera Sari geus aya di bumi
   Teu kanyahoan jeung Ratna Kombala

   Ka ibu Ratu Marando

   Ratna Wulan mando tungkul

   Ku Ratna Kombala isin

   Raja Erum énggal lenggah

   Dina luhur bangku

   Ratu salawé nagri

   Ngadeuheus sarawuh raja Yoman

   Patih Erum duanana

6. Enggeus pepek pangkat sami calik
   Puguh jaksa rangga rawuh

   Demang kanduruan jeung kalowon

   Radén panghulu teu kantun

   Pada marek kosib modin

   Ka ratu sami munjungan

Duméh repek rusuh

Ari parantos munjungan

Sami caralik mando payuneun gusti

Emban mangku pramasangan

7. Jeung rabul nu pupundut deui
   Sangu kopi ti sakabéh pangkat

   Nu badé tuang ngabawis

   Lajeng tuang para ratu

   Ari istri pada istri

   Gentera sari jeung Kombala

   Sareng ibu ratu

   Mayang Erum Ratna Wulan

   Barang tuang ari sang raja Yoman

   Luak lieuk tatanggahan

8. Jeung ngahuap sagala téh emih
   Puguh sangu lauk eujeung lalab

   Nyah dibaheuman baé

   Yoman taya embung

   Atah asak teu ditampik

   Naon nu deukeut didahar

   Ulung gé ditekuk

   Dihuapkeun ngan sakétap

Marukanna panyuguhan éta ucing

Jeung aya hayam ngaliwat

9. Hayam jago cicing sisi bilik
Ku Yoman dijéwang sapisan

Di dinya diremus baé

Jeung bulu-buluna diremus

Pada kagét nu ningali

Menggah anu teu paya mah

Daharna teu tulus

Ningal Yoman nu dahar

Bet sarebel kasauran anu apik

Ratu Erum henteu uninga

10. Palangsiang mun uninga dipegih
Ngan hadean henteu kauninga

Ngan nu ninggal bengong baé

Sang raja Erum ngadawuh

Ka garwana Gentera Sari

Rawuh ka Ratna Kombala

Dawuh Raja Erum

Rayi nya kumaha nya manah

Eta istri Mayang Erum jeung Yoman

Anjeuuna geura pariksa

11. Sabab éta mangkadé istri
Raja pisan éta anu nyandak
Lain karepna ku manéh
Kitu dawuh raja Erum
Ngawalonan Gentera Sari
Sarawuh Ratna Kombala
Éta Mayang Erum
Mendak kamarah ku engkang
Mangga tikah dan éta teu wudu geulis
Geuning ari putrana mah

12. Kitu hatur rayi Gentera Sari
Raja Erum seug deui ngandika
Jadi kitu eyeuna téh
Rayi geusterang mah sukur
Nyi Mas Gentera Sari
Sareng Nyi Ratna Kombala
Terangna téh kitu
Anumawi engkang nanya
Haying nyaho terangna maranah nyai

Ayeuna geus terang pisan

13. Tadina mah piker engkang nyai
Mayang Erum éta sina mulang
Engkang lain henteu cocog
Ngan inggis nyai teu rujuk
Engkang lamun kawin deui
Kitu dawuhan sang raja
Gentera Sari imut
Ratna Kombala kamahan
Dawuh raka pangkituna raja rumi
Sieuneun ku Ratna Wulan

14. Nata deui hatur bari seuri
Ku kuring mah gambang papariksa
Sareng Gentera Sari ogé
Mawi nyai putri dibantun
Disanggakeun ku sim kuring
Sim kuring pan terang pisan
Engkang geus kamaphum
Leir seuseuneueun ku Ratna Wulan
Geus kajudi ku sang putri putri Gentera Sari

Erum jeung Ratna Kombala

15. Ratna Wulan pihaturna manis
Jisim abdi ngiring kersa engkang
Sareng leresan aceuk kabéh
Engkang nikah Mayang Erum
Moal enya abdi pusing
Geus taya panginten medang
Malah sambung sukur
Sang raja lajeng nimbalan
Ku papatih pék ayeuna paman patih
Geura dangdan urang pésta

16. Nyalametkeun entas perang jurit
Sakalian kawula rék nikah
Geus terang ti bojo kabéh
Paman patih urus-urus
Motpng sapi eujeung munding
Camudu olah popolah
Kitu dawuh ratu
Patih dua cedok nyembah
Tuluy para ratu jeung Yoman
Ngantian timbalan raja

PUPUH KINANTI

1. Enggalna sang raja Erum
   Jeung ratu salawé nagri

   Masamoan di Paseban

   Radén nyuhinan Yoman

   Ti lebet sadaya bubar

   Anu kantun para istri

2. Geus caralik para ratu
   Raja Erum seug ngalahir

   Ayeuna téh urang nikah

   Ka anak raja Yoman

   Ka Mayang Erum ngaranna

   Panghulu nampa maskawin

3. Geus putus nikah raja Rum
   Nyumdut Mariyam sakali

   Para ratu marunjungan

   Tuluy pésta dur-dor bedil

   Mayem jeung kalangtuka

   Gamelan sakabéh meni

4. Ngaguruh di alun-alun
   Nu lalajo balawiri

   Pangkat-pangkat pada midang

   Sadaya di sinjang batik

   Patih Daud jajawaan

   Patih Masruk kitu deui

5. Dibendo ku iket wungu
   Endalna sagedé gambir

   Lajeng patih Daud masang

   Panganggo patih Masruk deui

   Ngagobér calana komprang

   Bulak-balik dua patih

6. Maréntah bari tutunjuk
   Ka umbul ka parayayi

   Nu meutakeun tatabeuhan

   Jeung nu ngurus omah deui

   Bisi aya kakurangan

   Boh bilih awon ka gusti

7. Patih Masruk patih Daud

Teu resep pisan berenti

Teu eureun sotéh néangan

Milih ronggéng anu geulis

Dicirian ti beurangna

Gondéngeun engké tipeuting

8. Raja Yoman nya kitu
Ti pangkéng dagal-digil

Langak-longok ka paseban

Ngilikan istri nu geulis

Diarey-arey ku barudak

Kolot mah gilaeun gigis

9. Ari kanjeng ratu Erum
Jeung ratu salawé nagri

Eukeur pada sukan-sukan

Sami calik dina korsi

Sarta marayunan méja

Sawaréh keur tuang kopi

10. Aya anu maén kartu
Nu sawaréh maén cekip

Sawaréh nu maén bola

Para ratu masing-masing

Di Erum nu sukan-sukan

Ti isuk nepi ka burit

11. Geus siang ku damar lampu
Raja Rum lunta tipeuting

Kira-kira bada isa

Dur nyeungeut mariyam deui

Dur tariji keur tatabeuhan

Nu lalajo heurin usik

12. Di lebet nyi Mayang Erum
Maridang jeung Gentera Sari

Kombala jeung Ratna Wulan

Pada nganggo sarung kali

Sanggul nagngo sisir emas

Ditarétés emas rukmin

13. Ti lebet sang putri lungsur
Ka pangkéng sami calik

Nyi emban paheula-heula

Pagelek-gelek nu ngiring

Upacara gulang-gulang

Anu nguping para istri

14. Garwa pangkat-pangkat kumpul
    Pada calik kana korsi

    Lajeng pésta barang tuang

    Para ratu ningal putri

    Panggeulisna Ratna Wulan

    Ari sorot Gentera Sari

15. Jeung ratu Kombala ratu
    Wantu istri dua sakti

    Dangah taya kaérana

    Kombala jeung Gentera Sari

    Malah ka ratu siluman

    Ngoconan ngucilekun ceuli

16. Para ratu kabéh diuk
    Puguh istri pada ajrih

    Ku Gentera Sari Kombala

    Raja Erum seug ngalahir

    Ieu geus deukeut ka beurang

Istri-istri geura mulih

17. Kitu dawuh raja Erum
Énggal bubar kabéh istri
Nungtut balik tatabuhan
Ronggéng nu payu mah masih
Diigelan ku barudak
Nu masak gé tilu duit

18. Sapeuting nepi ka isuk
Ngan meunang duit saringgit
Nyi ronggéng gé pada mundutan
Dina handapeun caringin
Panayagan saré gempar
Para ratu kabéh mulih

19. Ka arimah raja Erum marunjung
Ratu salawé nagri
Ti pangkéng kabéh budal
Ngan kantun raja Yoman
Gentera Sari jeung Kombala
Nu masih kénéh di nagri

20. Raja Yoman rék wangsul
Ka Raja Erum pék jangji

Raja lamun nyaur bapa

Nénjrag lemah dua kali

Tangtu bapa ngadeuheusan

Jeung titip éta si nyai

21. Anak bapa Mayang Erum
Ayeuna bapa rék balik

Raja Erum seug ngandika

Geus narima bapa kuring

Arék mulih mah sumangga

Énggalna raja Yoman

22. Sami raja Erum turun
Geus ka luar alak-ilik

Biur ngapung ngawang-ngawang

Ngambah ka ganda wiati

Basa ganda tengah-tengah

Wiati luhureun langit

23. Raja Yoman geus tepung
Luhureun satengah langit

Henteu dicatur gilana

Raja Rum caturkeun deui

Geus tiiseun di nagara

Waktuna geus burit deui

24. Geus wengi seug raja Erum
    Kersana sa tunggal resmi

    Analoyang di padaleman

    Pangantén jeung Gentera Sari

    Ngalih ka Ratna Kombala

    Geus ti dinya ngalih deui

25. Ka dén Ratna Wulan Ayu
    Ti dinya pék ngalih deui

    Ka Néng Erum anu anyar

    Raja Ruum teu pilih kasih

    Atawa sabulan séwang

    Ari putri Gentera Sari

26. Jeung Ratna Kombala ratu
    Giliran sumping pribadi

    Sabab di pulo Sala tetegna

    Tetegna nu dua putri

Kitu kandakanda ning carita

Waktu harita rék mulih

27. Gero dua pada matur
    Ari saur Gentera Sari

    Leuheung teundeut cocongoan

    Engkang ayeuna jeung kuring

    Meungpeung deukeut sosonoan

    Mangga engkang ébog deui

28. Saur Gentera Sari kitu
    Ari saur Nata Dewi

    Cikur jangkung bahé lenjang

    Engkang mun palay jeung kuring

    Sumangga ébog heulaanan

    Kitu saur Nata Dewi

29. Raja Rum mesmes ngadawuh
    Da engkang gé boga sindir

    Munding hideunnnng saba alas

    Nyai ngadak-ngadak mulih

    Daun tuhur di tangkalna

    Na teu ras ka engkang Nyai

30. Kitu saur Ratu Erum
Gentra Sari matur deui

Ngabdi mah ngagobang ménak

Kantenan sumelang kuring

Ayeuna kuring amitan

Ka Pulo Salaka Nagari

31. Énggalna putri lalungsur
Ka luar ti lebet bumi

Gentera Sari jeung Kombala

Raja Erum lungsur deui

Sarawuh kabéh garwana

Jeung raja sindiran deui

32. Pileuleuyan sinduk kerung
Masing mindeng pulang anting

Aci tarumpang neuleuman

Ulah lila mulih deui

Lasun ringkuk ka jero darat

Lamun lami engakang pusing

33. Beulit cingir simpay curuk

Poa Nyai eujeung lali

Situ lembut lalab ranca

Ulah langkung tina jangji

Tarompét awi saruas

Mamanahan selang-seling

34. Istri dua enggeus ngapung
Sadaya sami ningali

Para emban tatanggahan

Raja Rum geus asup deui

Ngan garwana nu diluhur

Anu kantun dua istri

35. Ratna Wulan Mayang Erum
Neuteup ningali nu mulih

Mayang Erum sasauran

Ngalem aceuk Gentera Sari

Rawuh ka aceuk Kombala

Kuring mah narinang teuing

36. Enya sotéh éta maru
Asa dulur pet ku hinis

Tina kaanéhanana

Éstuning beresih galih

Keur gagah téh lega manah

Keur geulis tambah sarakti

37. Kitu saur Mayang Erum
    Ngalemna ka Gentera Sari

    Ari saur Ratna Wulan

    Rasa bener saur Eulis

    Tapi ku aceuk kacawad

    Ulah resep ngalem muji

38. Sahadéna ogé maru
    Cacakan anak salaki

    Asih batan indung bapa

    Anak salaki maéhan

    Ulah rék samar aya piker

PUPUH ASMARANDANA

1. Ayeuna mah hayu Nyai
   Ulah rék lami diluar

Bisi cuaeun carogé

Raja geus ka padaleman

Engké ditu sasuran

Énggalna sang putri asup

Malebu ka padaleman

2. Para emban geus ka bumi
 Upacara gulang

 Di lawang rahu laperes

 Teu acan ngadegkeun upas

 Keur dina mangsa harita

 Geus naléndra raja Erum

 Jenengan Sang Raja Yuta

3. Mursada keur murangkalih
 Engké jeneng nya Raja Yuta

 Jenengan ramana baé

 Kitu gening carita

 Pangarangna Ratna Wulan

 Sareng Putri Mayang Erum

 Putrana raja siluman

4. Nu ngaran Raja Yoman

Ari Raja Rum harita

Dina bangku seug nyangkéré

Ngintip kasauran garwana

Api-api kulem raja

Pok sumaur Mayang Erum

Ka néna putri Ratna Wulan

5. Jeung engké pisaur deui
   Kuring wuruk piluangeun

   Da gening asa bener gé

   Ku kersa engkang kacawad

   Kawantes putra siluman

   Tacan nyaho tindak tanduk

   Nyaluntang kirang babasan

6. Engké mah geulis binangkit
   Keur lenjang asak panalar

   Nu matak nyawad aceuk téh

   Ratna Wulan ngadelekan

   Ngalieus bari ngandika

   Éta manah Mayang Erum

   Henteu nurut omong urang

7. Ulah resep ngalem muji
   Ngagungkeun ka anu lian

   Nya sing hadé awak manéh

   Ulah ngomong lalawora

   Matak réa anu ngéwa

   Geus puguh lamun ka maru

   Marukan téh hadé éta

8. Puguh ka musuhan badis
   Bieu omongan manéhna

   Ngalem deui ka kami téh

   Pagar téh ahli panalar

   Geuning kitu cek manéhna

   Sami ngadelék téh giruk

   Omong manéh kaliwat

9. Mun ngomong ka Gentera Sari
   Cara bieu nya pangucap

   Meureun manéh dijejewét

   Sabab gagabah omongan

   Mudu bener ucap lampah

   Mana montong ngalem batur

   Nya ngurus awak manéh

10. Da geus takdirna yén jalmi
Perwingina béda-béda

Anu hade anu goréng

Ibarat Ratna Kombala

Geus bagiyanana gagah

Jeung Gentera Sari pinunjul

Moal beunang diturutan

11. Sabab takdirna pribadi
Ari ayeuna manéhna

Sing hadé pikir jeung omong

Ulah mihadé nu lian

Nya ngurus awak sorangan

Masing éling ka yang Agung

Da manéh geus jadi islam

12. Tanda nyaah kana diri
Kudu daék jadi islam

Tanda nyaah kana diri kudu daék sambahyang

Sambahyang gé sing nyaho

Nyaho pardu rupanana

Bisi nambahan doraka

Doraka téh salah laku

13. Cilaka salah pangucap
Sakitu lahir néng putri
Mayang Erum teu ngajawab
Rakana ngupingkeun baé
Piwejang néng Ratna Wulan
Ku rakana geus ka manah

14. Sang putri mendek ningali
Raja Erum seug ngandika
Nya bener saur Nyai téh
Mayang Erum pék wurukan
Kana sagala urusan
Enya sotéh éta maru
Ka Enéng éta ngawula

15. Sumawona ngaji ngabakti
Geura ngaji tuturutan
Tuluy kitab gedé
Nyai masing tamat quran
Masing datang ka hatamna

Quran nu tilu puluh juz

Pék araji masing tamat

16. Supaya hatam ka tampi
    Ulah hatam teu katampa

    Mudu tampa raos baé

    Tumarima kaawonan

    Tampanan rahmatna Alloh

    Ulah tumarima suwung

    Tumaninah teu rumasa

17. Sakabéh manusa doip
    Éta Nyai bisa hilap

    Lampah ibadah sing hade

    Da urang manusa hina

    Sanajan Ratna Kombala

    Gentera Sari panyakitu

    Sumawona engkang pisan

18. Mana Nyai ari muji
    Ulah érék salah tékad

    Kanu ngadamel urang kabéh

    Lain bet muji sasama

Éta gé Nyi Ratna wulan

Ka Nyai nyaur sakitu

Sangkan gumati nya lampah

PUPUH KINANTI

1. Ieu carios geus tutup
   Tuladanana geus abis

   Teu aya deui lajengna

   Aya gé tambahna dangding

   Sim kuring bari diajar

   Mendak tina lejar galih

2. Cariosna gé dilajur
   Enggeus sa éling-éling

   Eukeur digawé gé nyelang

   Ngan kawih anu ka éling

   Paculeun eukeur dilanglang

   Bet weuteuh euweuh nu maling

3. Ari geus kolot sok linglung
   Loba pisan nu ka éling

Henteu rasa ku bakal hilang

Ngan dunya anu dilingling

Saban wengi mudu langlang

Mulang sok enggeus dipaling

4. Kapalang diajar lagu
   Geus henteu nyarios karugi

   Turta ngararaga minyak

   Taya kagableg sim kuring

   Nyiru gedé pamoéan

   Nu terang kuring musapir

5. Kebo alas saba gunung
   Mendak-mendak aya patih

   Méong congkok saba goah

   Cing kuring atuh paparin

   Piring leutik wadah uyah

   Puguh isina mah kuring

6. Leresna ka petok bengkung
   Mawi diajar ngagurit

   Dempet bilik dipakuan

   Rada kapépéd sim kuring

Liwet ajur disendokan

Lampah kieu sotéh kuring

7. Melak lalab dina situ
Sakalangkung jisim kuring

Mubuy bedog cobék lalab

Raripuh ari nu miskin

Manuk tukung saba reuma

Ieu gé uyuhan teuing

8. Ranggap parat nyarung lauk
Susuganan aya milik

Tali kulitangket raga

Kuring walurat téh teuing

Surawung aya nu hilang

Aya pasiha ka kuring

9. Hayam tagun saba gunung
Sakitu panghégar kalih

Manuk beureum saba manjah

Sapamundut enggeus yakti

Lempah ajur digulaan

Terangna buburuh kuring

10. Lauk situ gepéng hulu
    Ngalelewa anu nulis

    Kawasna ngadeleg sawah

    Lain ogoan mah kuring

    Haréndong jadina dahan

    Teu boga adeuh nu nulis

11. Ngarandu asak dipupu
    Ngapur omongan nu nulis

    Rampadan pérak rusa

    Asa dialem nu nulis

    Cau gunung ka reuma

    Lelewa reueus nu nulis

12. Tanduk imah jangkar rasa
    Lampah nu nulis lekasan

    Cakung lembut saba ropet

    Rucat-rocét beunang nulis

    Pangapunten ka sadaya

    Ka sakur anu ngaruping

13. Kanu anom kanu sepuh
    Rék ngerewih nu ngagurit

    Sumawonten ka nu maca

    Hatur salam sadayana

    Ka sadaya nu mayunan

    Reh kuring seja amitan

14. Sinareng panutup saur
    Ka sadaya anu maca

    Sim kuring hatur uninga

    Baktos jisim kuring

    Di Ranca Bendem matuhna

    Nu katelah Hasan Basri

15. Pamugi lulus rahayu
    Salamet anu digurit

    Sarawuh nu dicarita

    Sinareng nu nulis deui

    Ulah kasorang ku hama

    Ti lahir ka batin

16. Pamugi balai jauh
    Pamugi ulah kapanggih

    Kasadaya neda hampura

Rumaos bodo téh teuing

Ananging ari paneda

Dumugi parek rejeki

Boh bilih aya lepatna

Nyebat katara teu uni

Wayahna baé hampura

sareng anu salah deui

aya kaliruna tulis

17. Isina mah liwat langkung
    Ningal beubeunangan nulis

    Rocekl kawas tapak hayam

    Bener saé da geus bukti

    Nu nulis enggeus lekasan

    Dikumaha da geus kitu.

18. Pangapunten jisim abdi
    Ka sadaya anu nguping

    Ayeuna ka tegal pandan

    Geura samaktakeun ngopi

    Cikur jangkung jahé lenjang

    Geus paralay geura mulih

Tamat

jisim